

Kode Mapel :748GD000



MODUL GURU PEMBELAJAR BAHASASUNDA SMP KELOMPOK KOMPETENSI I

PEDAGOGIK:

Remedial Jeung Pengayaan dina Pangajaran Basa Sunda

PROFESIONAL:

Wanda Teks jeung Novel

Penulis

Dr. Hj. Ai Sofiyanti, M.Pd.; 081322038181; ai.sofiyanti@yahoo.co.id

Penelaah

Prof. Dr. H. Iskandarwassid

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Copyright© 2016

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan
Bidang Taman Kanak-kanak & Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Jenderal Guru
dan Tenaga Kependidikan

Hak cipta dilindungi Undang-undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan
komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan Kebudayaan.

KATA SAMBUTAN

Peran Guru Profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian pemerintah pusat maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui program Guru Pembelajar merupakan upaya peningkatan kompetensi untuk semua guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui uji kompetensi guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Hasil UKG menunjukkan peta kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG melalui program Guru Pembelajar. Tujuannya untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Guru Pembelajar dilaksanakan melalui pola tatap muka, daring (online), dan campuran (blended) tatap muka dengan online.

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK), dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul untuk program Guru Pembelajar tatap muka dan Guru Pembelajar daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Guru Pembelajar memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan program Guru Pembelajar ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.

Jakarta, Februari 2016

Direktur Jenderal
Guru dan Tenaga Kependidikan



Sumarna Surapranata, Ph.D
NIP. 195908011985032001

KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Guru Pembelajar jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Guru Pembelajar Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Kurikulum Guru Pembelajar Bahasa Sunda ini dirancang berdasarkan Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Guru Pembelajar Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.



Bandung, Februari 2016
Kepala,

Drs. Sam Yhon, M.M.

NIP. 195812061980031003



DAP^TAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
KATA PENGANTAR.....	v
DAP ^T AR EUSI.....	vii
DAP ^T AR GAMBAR	x
DAP ^T AR TABEL	xi
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang.....	1
B. Tujuan.....	1
C. Péta Kompetensi.....	3
D. Ambahan Matéri	4
E. Cara Ngagunakeun Modul	5
KOMPETENSI PEDAGOGIK.....	7
KAGIATAN DIAJAR 1	9
PROGRAM RÉMÉDIAL PANGAJARAN BASA SUNDA.....	9
A. Tujuan.....	9
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	9
C. Pedaran Matéri	10
D. Kagiatan Diajar	18
E. Latihan/Pancén.....	19
F. Tingkesan	19
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	20
KAGIATAN DIAJAR 2	21
PROGRAM PENGAYAAN DINA PANGAJARAN BASA SUNDA.....	21
A. Tujuan.....	21
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	21
C. Pedaran Matéri	21
D. Kagiatan Diajar	23
E. Latihan/Pancén.....	24
F. Tingkesan	24
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	25
KAGIATAN DIAJAR 3	27
MANGPAAT PENILAIAN BERBASIS KELAS	27
A. Tujuan.....	27
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	27
C. Pedaran Materi	28
D. Kagiatan Diajar	37
E. Latihan/ Pancén.....	37
F. Tingkesan	38
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	39
KOMPETENSI PROFESIONAL	41
KAGIATAN DIAJAR 4	43
TÉKS NARASI.....	43
A. Tujuan	43
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	43
C. Pedaran Matéri	43
D. Kagiatan Diajar	48
E. Latihan	49
F. Tingkésan	49

G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	50
KAGIATAN DIAJAR 5		51
TÉKS DÉSKRIPSI		51
A.	Tujuan	51
B.	Indikator Kahontalna Kompeténsi	51
C.	Pedaran Matéri	51
D.	Kegiatan Diajar	57
E.	Latihan	57
F.	Tingkésan	58
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	59
KAGIATAN DIAJAR 6		61
TÉKS ÉKSPOSISI		61
A.	Tujuan	61
B.	Indikator Kahontalna Kompeténsi	61
C.	Pedaran Matéri	61
D.	Kegiatan Diajar	66
E.	Latihan	67
F.	Tingkésan	68
G.	Uji balik jeung Lajuning Laku	68
KAGIATAN DIAJAR 7		71
TÉKS ARGUMÉNTASI		71
A.	Tujuan	71
B.	Indikator Kahontalna Kompeténsi	71
C.	Pedaran Matéri	71
D.	Kegiatan diajar	77
E.	Latihan	78
F.	Tingkésan	79
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	79
KAGIATAN DIAJAR 8		81
STRUKTUR JEUNG KAEDAH TÉKS LAPORAN HASIL OBSERVASI		81
A.	Tujuan	81
B.	Indikator Pencapaian Kompeténsi	81
C.	Pedaran Matéri	81
D.	Aktivitas Diajar	88
E.	Latihan/Pancén	88
F.	Tingkesan	88
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	89
KAGIATAN DIAJAR 9		91
STRUKTUR JEUNG KAÉDAH TÉKS OPINI/ ÉDITORIAL		91
A.	Tujuan	91
B.	Indikator Kahontalna Kompeténsi	91
C.	Pedaran Matéri	91
D.	Kegiatan Diajar	104
E.	Latihan/Pancén	104
F.	Tingkesan	104
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	105
KAGIATAN DIAJAR 10		107
NOVEL DINA SASTRA SUNDA		107
A.	Tujuan	107
B.	Indikator Kahontalna Kompeténsi	107

C.	Pedaran Matéri	107
D.	Kegiatan Diajar	119
E.	Latihan/ Pancén	119
F.	Tingkesan	119
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	121
KONCI JAWABAN		123
EVALUASI		133
PANUTUP		141
DAFTAR PUSTAKA		143
GLOSARIUM		145

DAPFTAR GAMBAR

Gambar 1. 1 Prinsip-prinsip Remedial	14
Gambar 1. 2 Léngkah-léngkah Pangajaran Rémedial	15
Gambar 1. 3 Peran Guru dina Pangajaran Remedial	16
Gambar 8. 1 Struktur Teks Laporan Hasil Observasi.....	83
Gambar 9. 1 Bendungan Jatigédé Kab. Sumedang Jawa Barat.....	94
Gambar 9. 2 Bendungan Jatigédé Kab. Sumedang Jawa Barat.....	95
Gambar 9. 3 Péta Daerah Majalengka, Cirebon, Subang, jeung Indramayu	96
Gambar 9. 4 Struktur Téks Opini	103
Gambar 11. 1 Papasingan Novel	111
Gambar 11. 2 Struktur Novel	112
Gambar 11. 3 Alur Lurus	114
Gambar 11. 4 Sorot Balik	114
Gambar 11. 5 Metode pikeun Ngagambarkeun Watek Palaku.....	116
Gambar 11. 6 Wangun Watek Tokoh	117
Gambar 11. 7 Papasingan Latar	117

DAPTAR TABEL

Tabel 3.1 Tingkatan Panalek Kognitif 1	35
Tabel 3.2 Teks Laporan Observasi 1.....	87

BUBUKA

A. Kasang Tukang

Profési guru jeung tenaga kependidikan kudu dihargaan jeung dimekarkeun salaku profési anu *bermartabat* sakumaha anu diamanahkeun dina Undang-Undang Nomor 14 Tahun 2015 tentang Guru dan Dosen. Ieu hal dibalukarkeun guru jeung tenaga kependidikan téh mangrupa tenaga profésional anu miboga pungsi, peran, jeung kalungguhan anu kacida pentingna dina ngahontal visi pendidikan 2025, nyaéta “*Menciptakan Insan Indonesia Cerdas dan Kompetitif*”.

Program Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda dilaksanakeun ku PPPPTK TK PLB. Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda merlukeun modul pikeun salah sahiji sumber diajar pamilon diklat. Modul basa Sunda mangrupa matéri ajar anu dirancang sangkan pamilon diklat mampuh diajar sacara mandiri.

Modul Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda Kelompok Kompetensi I ngawengku 10 matéri, nu nyaéta: (1) Program Rémédial dina Pangajaran Basa Sunda, (2) Program *Pengayaan* dina Basa Sunda, (3) Mangpaat *Penilaian Berbasis Kelas*, (4) Téks Narasi, (5) Téks Déskripsi, (6) Téks Éksposisi, (7) Téks Arguméntasi, (8) Struktur jeung Kaédah Téks Laporan Hasil Observasi, (9) Struktur jeung Kaédah Téks Opini, (10) Novel dina Sastra Sunda,

B. Tujuan

Tujuan anu baris dihontal dina ieu matéri modul diébréhkeun dina Kompetensi Inti (KI) jeung Standar Kompetensi Guru (SKG), jeung Indikator Kahontalna Kompetensi.

Kompeténsi Inti (KI)

9. Memanfaatkan hasil penilaian dan evaluasi untuk kepentingan pembelajaran.
20. Menguasai matéri, struktur, konsép, dan pola pikir keilmuan yang mendukung mata pelajaran yang diampu.


Standar Kompetensi Guru (SKG)

- 9.2 Menggunakan informasi hasil penilaian dan evaluasi untuk merancang program rémédial dan pengayaan.
- 9.3 Mengkomunikasikan hasil penilaian dan evaluasi kepada pemangku kepentingan.
- 9.4 Memanfaatkan informasi hasil penilaian dan evaluasi pembelajaran untuk meningkatkan kualitas pembelajaran.
- 20.2 Menguasai kaidah bahasa Sunda sebagai rujukan penggunaan bahasa Sunda yang baik dan benar.
- 20.4 Memiliki keterampilan berbahasa Sunda (menyimak, berbicara, membaca, dan menulis).
- 20.5 Memahami teori dan génre sastra Sunda
- 20.6 Mampu mengapresiasi karya sastra Sunda, secara reseptif dan produktif.

Indikator Kahontalna Kompeténsi (IPK)

- 9.2.1 Menentukan program rémédial pembelajaran bahasa Sunda berdasarkan informasi hasil penilaian.
- 9.2.2 Menentukan program pengayaan pembelajaran bahasa Sunda berdasarkan informasi hasil penilaian.
- 9.3.1 Menjelaskan penilaian berbasis kelas.
- 20.4.4 Menemukan isi teks (wacana) narasi bahasa Sunda.
- 20.4.5 Menemukan isi teks (wacana) deskripsi bahasa Sunda.
- 20.4.6 Menemukan isi teks (wacana) eksposisi bahasa Sunda.
- 20.4.7 Menemukan isi teks (wacana) arguméntasi bahasa Sunda.
- 20.4.8 Menemukan struktur dan kaidah teks laporan hasil observasi.
- 20.4.16 Menemukan struktur dan kaidah teks opini/ éditorial.
- 20.4.17 Menemukan struktur dan kaidah teks cerita sajarah.
- 20.5.13 Mengidéntifikasi bentuk novel.
- 20.6.13 Menemukan unsur- unsur intrinsik novel.

C. Péta Kompeténsi



Gambar 1. Péta Kompeténsi Diklat Guru Pembelajaran Basa Sunda Kelompok Kompetensi I

D. Ambahan Matéri

Di handap ieu ambahan matéri Diklat Guru Pembelajar Basa Sunda Kelompok Kompetensi I

1. Program Rémédial dina Pangajaran Basa Sunda, ngawengku: (1) Pangajaran Tuntas, (2) Wangenan Program Rémédial, (3) Wangun jeung Prosédur Kerja Program Rémédial, jeung (4) Peran Guru dina Program Rémédial.
2. Program Pengayaan dina Pangajaran Basa Sunda, ngawengku: (1) Wangun jeung Program Pengayaan, (2) Prosedur Kerja Program Pengayaan, jeung (3) Udagan (acuan) pikeun Nangtukeun Program Pengayaan.
3. Mangpaat Penilaian Berbasis Kelas, ngawengku: (1) Wangenan Penilaian Berbasis Kelas, (2) Mangpaat, Kaunggulan, jeung Prinsip Penilaian Berbasis Kelas, (3) Instrumen Penilaian Berbasis Kelas, (4) Ranah Kognitif, Afektif, jeung Psikomotor salaku Objek Evaluasi, (5) Strategi Penilaian Berbasis Kelas, jeung (6) Pelaksanaan Penilaian Berbasis Kelas
4. Teks Narasi, ngawengku: (1) Hakékat téks narasi, (2) Ciri-ciri téks narasi, (3) Prinsip-prinsip téks narasi, (4) Wanda téks narasi, jeung (5) Eusi téks narasi.
5. Teks Deskripsi, ngawengku: (1) Hakékat téks déskripsi, (2) Rupa-rupa wangun téks déskripsi, (3) Rupa-rupa pamarékan dina nyusun téks déskripsi, jeung (4) Eusi téks (wacana) déskripsi basa Sunda.
6. Teks Eksposisi, ngawengku: (1) Hakékat téks éksposisi, (2) Ciri-ciri téks éksposisi, (3) Wangun téks éksposisi, jeung (4) Eusi téks (wacana) éksposisi basa Sunda.
7. Teks Argumentasi, ngawengku: (1) Hakékat téks arguméntasi, (2) Ciri-ciri téks arguméntasi, (3) Struktur téks arguméntasi, jeung (4) Eusi téks (wacana) arguméntasi basa Sunda.

8. Struktur jeung Kaédah Téks Laporan Hasil Observasi, ngawengku: (1) Wangenan Téks Laporan Hasil Observasi, (2) Struktur Téks Laporan Hasil Observasi, (3) Kaedah Téks Laporan Hasil Observasi, jeung (4) Conto Téks Laporan Hasil Observasi
9. Struktur jeung Kaédah Téks Opini, ngawengku: (1) Pangajaran Berbasis Téks Opini, (2) Struktur jeung Kaedah Téks Opini, (3) Conto Téks Opini, jeung (4) Nyieun Conto Téks Opini
10. Struktur jeung Kaédah Téks Carita Sajarah, ngawengku: (1) Model Teks Carita Sajarah, (2) Struktur Teks Carita Sajarah, (3) Ciri Kabasaan Carita Sajarah, jeung (4) Nyusun Teks Carita Sajarah.
11. Novel dina Sastra Sunda, ngawengku: (1) Wangenan Novel, (2) Tumuwuh jeung Mekarna Novel Sunda, (3) Papasingan Novel, (4) Struktur Novel

E. Cara Ngagunakeun Modul

Aya sawatara hal nu perlu ditengetan dina ngulik ieu modul. *Kahiji*, Sadérék kudu yakin yén ieu modul téh aya mangpaatna keur Sadérék. *Kadua*, Sadérék kudu narékahan sangkan meunang informasi tina modul nu dibaca. *Katilu*, Sadérék kudu niténan jeung migawé tiap latihan nu dipidangkeun dina tiap ahir jejer pedaran. Titénan jeung lampahkeun sakur bagian kalawan daria. Sangkan teu poho, jieun catetan husus tina tiap matéri nu dipidangkeun. Ulah poho pigawé sakur latihan jeung évaluasi dina tiap bagian modul.

Dina maca, nengetan, jeung ngulik matéri-matéri nu aya dina ieu modul Sadérék dipiharep pikeun maca jeung ngulik sacara sistematis tur taliti. Lamun manggihan bangbaluh dina nyangkem matéri jeung ngajawab latihan atawa soal, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna atawa nanyakeun ka fasilitator.



KOMPETENSI PEDAGOGIK REMEDIAL JEUNG PENGAYAAN DINA PANGAJARAN BASA SUNDA



KAGIATAN DIAJAR 1

PROGRAM RÉMÉDIAL PANGAJARAN BASA SUNDA

A. Tujuan

- 1) Sanggeus maca modul, pamilon diklat mampu ngajelaskeun pangajaran tuntas kalawan jéntré.
- 2) Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngajelaskeun wangenan program rémédial kalawan jelas.
- 3) Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi wangun jeung prosedur kerja program rémédial kalawan taliti.
- 4) Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi prinsip-prinsip rémédial kalawan taliti.
- 5) Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi léngkah-léngkah pangajaran rémédial kalawan taliti.
- 6) Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu méré conto peran guru dina program rémédial kalawan bener.
- 7) Sanggeus latihan, pamilon diklat mampu ngajelaskeun hal-hal penting dina ngalaksanakeun pangajaran rémédial kalawan bener.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngajelaskeun pangajaran tuntas.
2. Ngajelaskeun wangénan program rémédial.
3. Ngaidéntifikasi wangun jeung prosédur kerja program rémédial.
4. Ngaidéntifikasi prinsip-prinsip rémédial.
5. Ngaidéntifikasi léngkah-léngkah pangajaran rémédial.
6. Méré conto peran guru dina program rémédial.
7. Ngajelaskeun hal-hal penting dina ngalaksanakeun pangajaran rémédial.

C. Pedaran Matéri

1. Pengajaran Tuntas (*Mastery Learning*)

Diajar tuntas dina seuhseuhanana mangrupa salah sahiji usaha dina widang atikan pikeun ngamotivasi siswa sangkan nyangkem (*mastery leaning*) kompetensi nu geus ditangtukeun. Pangajaran tuntas mangrupa pola pangajaran anu ngagunakeun *ketuntasan* sacara individual. Saterusna dilakukeun penilaian pikeun ngukur tingkat kahontalna kompetensi siswa anu digunakeun pikeun nyusun laporan kamajuan diajar jeung ngoméanhasil prosés pangajaran.

Pikeun ngukur nyangkemna siswa kana kompetensi perlu dimekarkeun hiji penilaian anu ngawéngku sakabéh KD ku cara ngagunakeun indikator anu geus ditangtukeun ku guru. Penilaian hasil diajar dilakukeun mayeng (*berkelanjutan*) dina harti sakabéh indikator ditagih, nu saterusna dianalisis pikeun nangtukeun KD anu geus kacangkem jeung anu tacan kacangkem, atawa pikeun mikanyaho kahéngkérangan diajar anu karandapan ku siswa.

Lamun siswa tacan nyangkem sakabéh indikator tina hiji KD, mangka siswa kudu miluan prosés diajar malikan deui (*rémedial*), nu saterusna dipeunteun deui pikeun ngukur kahontalna kahontalna kompetensi. Sedengkeun siswa anu geusnyangkem KD dibéré program pangayaan.

Data di Diréktorat Pendidikan SMA taun 2008 jeung 2009 ngébréhkeun, yén: 1) guru sacara umum geus ngalaksanakeun rémedial, tapi hasil rémedialna henteu dianalisis, 2) sering kapanggih yén guru sok méré tés ka siswa pikeun malikan deui matéri anu ta can kacangking katuntasan. Ieu hal dilakukeun ku cara ngagunakeun soal-soal anu sarua, tur henteu malikan deui matéri, méré tugas, méré bimbingan, atawa ngamanfaatkeun babaturanana tanpa merhatikeun indikator anu tacan dicangkem ku siswa, jeung 3) pengayaan masih tacan pati loba dilakukeun ku guru (Diréktorat SMA Kemdikbud, 2010).

Pangajaran tuntas dina prosés *pembelajaran berbasis kompetensi* nyaéta pamarekan dina pangajaran anu meredih siswa nyangkem sacara tuntas sakabéh KD jeung sakabéh indikator.

Prinsip-prinsip utama *pembelajaran tuntas*, nyaéta: (1) Kompetensi anu kudu dihontal ku siswa dirumuskeun dina runtuyan anu hirarkis, (2) Penilaian anu digunakeun nyaéta penilaian acuan patokan, sarta unggal-unggal kompetensi anu kudu dibéré uji balik, (3) Méré pangajaran rémédial sarta bimbingan anu diperlukeun ku siswa anu tacan ngahontal kritéria ketuntasan minimal (KKM), jeung (4) Méré program pangayaan pikeun siswa anu geus ngahontal katuntasan diajar leuwih awal (Géntile & Lalley: 2003).

Hasil analisis penilaian pangaweruh jeung kaparigelan téh informasi ngeunaan siswa anu geus ngahontal KKM jeung siswa anu tacan ngahontal KKM. Pikeun siswa anu tacan ngahontal KKM perlu dilakukeun lajuning laku ku rémédial, sedengkeun pikeun siswa anu geus ngahontal KKM perlu dilakukeun lajuning laku ku cara dibéré pengayaan (Kemdikbud, 2015: 69).

2. Wangenan Program Rémédial

Program rémédial mantuan ka siswa anu ngarandapan bangbaluh diajar atawa *kelambatan* belajar. Méré program rémédial ngawengku dua léngkahpoko, kahiji ngadiagnosis bangbaluh diajar, kadua méré rémédial. Téhnik anu digunakeun dina ngadiagnosis bangbaluh diajar diantarana: tés prasarat (prasarat pangaweruh, prasarat kaparigelan) tés diagnostik, wawancara, pengamatan, jst. Pangajaran rémédial dipungkas ku penilaian. Program rémédial jeung penilaian dilaksanakeun di luar jam tatap muka.

Wanda-wanda bangbaluh diajar siswa, diantarana ieu di handap.

- a. Bangbaluh diajar anu sipatna énténg, biasana kapanggih di siswa anu kurang merhatikeun waktu diajar.

- b. Bangbaluh diajar anu sipatna sedeng, biasana kapanggih di siswa anu ngalaman gangguan diajar anu asalna ti luar diri siswa, contona faktor kulawarga, lingkungan padumukan, cara gaul, jst.
- c. Kasulitan diajar anu sipatna beurat, kapanggih di siswa anu ngalaman bangbaluh: fisik, méntal, sosio-émosional, atawa inteléktual. Ieu hal tumiba ka Anak Berkebutuhan Khusus (ABK) saperti: tunanétra, tunarungu, tunagrahita, tunadaksa, jeung autis. Tunanétra miboga bangbaluh dina indra panon (tetempoan), tunarungu miboga bangbaluh dina indra ceuli (dédéngéan) jeung nyarita, tunagrahita miboga bangbaluh dina kamampuh inteléktual anu handap (IQ sahandapeun normal) sarta hubungan sosial, tunadaksa miboga bangbaluh dina fisik, sedengkeun autis miboga bangbaluh dina konséntrasi, interaksi sosial, jeung imajinasi.

Nurutkeun Wijaya (2010:48) atikan jeung program rémédial miboga pungsi pikeun mantuan siswa dina ngaréngsékeun pangajaran. Dumasar kana éta hal, kurikulum kudu dijieun ditujukeun pikeu kapentingan babarengan (*comunal*) jeung kapentingan kasus, sangkan beban tanggung jawabna leuwih jelas tur puguh tujuan.

Dina program rémédial guru miboga peran salaku *terapis*. Ku kituna guru kudu miboga pangaweruh ngeunaan psikologi jeung neurologi. Guru anu icikibung dina kagiatan rémédial kudu mampuh nalungtik kalawan tenget bangbaluh-bangbaluh siswa dina pangajaran basa Sunda (Wijaya, 2010: 48)

3. Wangun jeung Prosedur Kerja Program Rémédial

Wangun-wangun rémédial diantarana, ieu di handap.

- a. Méré pangajaran ku cara malikan deui matéri kalayan maké métode jeung média anu béda, lamun jumlah siswa anu dirémédial leuwih ti 50%.
- b. Méré tugas kelompok, lamun jumlah siswa anu ngilu rémédial leuwih ti 20% tapi kurang ti 50%.

- c. Méré bimbingan husus misalna bimbingan individual, lamun jumlah siswa anu ngilu rémédial maksimal 20%.

Prosedur Kerja Program Rémédial


- a. Kepala Sekolah nugaseun wakasek Kurikulum jeung Tim Pengembang Kurikulum (TPK) sakola pikeun nyusun rancangan kagiatan jeung rambu-rambu program rémédial.
- b. Kepala Sekola méré arahan ngeunaan téknis program rémédial anu sakurang-kurangna ngawengku:
 - 1) dasar ngalaksanakeun program rémédial;
 - 2) tujuan anu hayang dihontal dina ngalaksanakeun program rémédial;
 - 3) mangpaat program rémédial;
 - 4) hasil anu dipiharep tina program rémédial;
 - 5) unsur-unsur anu kalibet jeung uraian tugas dina ngalaksanakeun program rémédial;
- c. Wakil Kepala Sekolah bidang Kurikulum babarengan jeung TPK sakola nyusun rancangan kagiatan jeung rambu-rambu ngalaksanakeun program rémédial anu eusina sakurang-kurangna ngawengku: kagiatan, sasaran/hasil, pelaksanaan, jeung jadwal.
- d. Kepala Sekolah babarengan jeung wakasek kurikulum sarta TPK sakola jeung guru/MGMP medar rancangan kagiatan jeung rambu-rambu pelaksanaan program rémédial.
- e. Kepala sekolah nanda tangan rancangan kagiatan jeung rambu-rambu pelaksanaan program rémédial.

Guru nangtukeun wanda program rémédial, dumasar kana kahontalna kompeténsi siswa kalawan ngagunakeun analisis ketuntasan KKM, kalawan maké *acuan* (udagan):

- a. Program rémédial, lamun kahontalna kompeténsi siswa kurang tina nilai KKM.
- b. Guru/MGMP ngalaksanakeun program rémédial dumasar kana klasifikasi hasil kahontalna kompeténsi siswa.

- c. Guru/MGMP malikan deui meunteun siswa anu milu rémédial jeung hasilna mangrupa nilai (peunteun) kahontalna kompetensi siswa.

4. Prinsip-prinsip Rémédial



Gambar 1. 1 Prinsip-prinsip Remedial

Pangajaran rémédial sawadina kudu bisa méré kasempetan ka siswa pikeun diajar luyu jeung kamampuh, kasempetan, jeung gaya diajar séwang-séwangan.

a. Interaktif

Pangajaran rémédial kudu mampuh ngahudang motivasi guru pikeun aktif intéraktif jeung ngamonitor/niténan kamajuan diajar siswa.

b. Multi Metode jeung Penilaian

Pangajaran remédial kudu ngagunakeun rupaning metode pangajaran jeung metode penilaian anu luyu jeung karakteristik siswa.

c. Uji Balik Sagancangna

Uji balik téh informasi anu ditepikeun sagancangna ka siswa ngeunaan kamajuan diajarna. Kudu ditepikeun sagancangna sangkan ngajauhan kasalahan/ kaliru anu terus-terusan.

d. Tuluy Tumuluy


Pangajaran rémédial dilakukeun sacara tuluy tumuluy jeung kudu salawasna nyayagikeun programna, sangkan siswa bisa ngaaksés luyu jeung kaperluanana.

5. Léngkah-léngkah Pangajaran Rémédial

- a. Idéntifikasi masalah pangajaran, dumasar kana hasil analisis penilaian sapopoé jeung pancén. Masalah pangajaran bisa dipasing-pasing kana: kaunikan siswa, matéri ajar, jeung stratégi pangajaran.

- b. Nyusun rancangan dumasar kana masalah: kaunikan siswa, matéri ajar, jeung stratégi pangajaran.
- c. Ngalaksanakeun program rémédial anu dilakukeun sacara: individual, kelompok, atawa klasikal kalawan ngagunakeun multi metode jeung multi média.
- d. Ngalakukeun penilaian rém'edial pikeun mikanyaho hasil diajar siswa.

Léngkah-léngkah pangajaran rémédial bisa diilikan dina gambar ieu di handap.




Gambar 1. 2 Léngkah-léngkah Pangajaran Rémédial

Kemdikbud Dirjen Dikdasmen Direktorat Pembinaan Sekolah Dasar. 2015.

6. Peran Guru dina Program Rémédial

Nurutkeun Wijaya (2010:49-50) peran guru dina program rémédial ngawéngku ieu di handap.



Gambar 1. 3 Peran Guru dina Pangajaran Remedial

a. Ngaladénan

Guru miboga peran jadi manusa pelayan nyaéta manusa anu sabar, ihlas, tur tanggung jawab, sarta sanggup ngorbankeun waktu pikeun ngalaksanakeun tugas program rémédial. Guru kudu miboga kaparigelan ngaladenansiswa anu miboga bangbaluh diajar.

b. *Agén Perubahan*

Salaku agén perubahan, guru kudu wani ngébréhkeun pamadegan, sikep, jeung aspirasina dina ngarobah kurikulum, diluyukeun jeung pangabutuh lapangan.

c. *Motivator*

Guru miboga peran pikeun ngadorong para ilmuwan nalungtik sabab musabab ayana bangbaluh diajar anu karandapan ku siswa, pikeun néangan cara-cara ngungkulan éta bangbaluh, nyieun prédiksi, sarta latihan-latihan anu luyu jeung pangabutuh siswa.

d. *Nyingkahan*

Guru miboga peran pikeun nyingkahan bangbaluh kagiatan diajar siswa. Guru kudu miboga kaparigelan ngeunaan léngkah-léngkah ngungkulan bangbaluh diajar.

e. *Konsultan*

Nurutkeun konsép anyar dina widang atikan, unggal-unggal guru kudu miboga peran salaku *guru pendidikan rémédial*. Guru kudu siap méré nasehat, bimbingan, ka guru séjénna anu butuheun bimbingan jeung penyuluhan.

f. *Méré Resep*

Guru miboga peran méré *resep* pikeun ngungkulan siswa anu hese diajarna. Guru kudu siap nyatetkeun cara mantuan siswa anu hésé diajar. Ieu catetan jadi pedoman pikeun guru dina nyanghareupan siswa anu *lamban belajar*.

g. *Ahli*

Guru miboga pungsi jadi peneliti, ngumpulkeun, ngolah, jeung nyindekkeun data hasil panalungtikan.

7. Hal-hal Penting dina Ngalaksanakeun Rémédial

- a. Guru ngajarkeun KD anu tacan kacangkem ku siswa, sanggeus kitu guru niténan hasil diajar siswa diluyukeun jeung KKM. Lamun KKM geus kahontal, siswa bisa nuluykeun kana KD saterusna.
- b. Hasil penilaian harian jeung pancén siswa, bisa digunakeun guru pikeun ngararancang program rémédial jeung pengayaan. Ieu penilaian henteu ngan saukur tina peunteun hasil tés (penilaian harian) tina hiji KD.
- c. Pangajaran rémédial dilakukeun nepi ka siswa ngawasa KD anu geus ditangtukeun.
- d. Téhnik pangajaran rémédial bisa ditepikeun ku cara: pangajaran individual, méré pancén, diskusi, tanya jawab, kerja kelompok, atawa tutor sebaya.
- e. Kagiatan guru dina pangajaran rémédial, ngawengku: méré tambahan medar matéri jeung conto, ngagunakeun stratégi pangajaran anu béda jeung saacanna, malikan deui pangajaran, ngagunakeun rupaning média. Ieu hal pikeun mikanyaho naha siswa geus ngawasa KD anu geus ditangtukeun atawa acan.
- f. Guru kudu ngaidéntifikasi: bangbaluh diajar siswa, nyieun rancangan pangajaran rémédial nu ngawengku: nangtukeun matéri ajar, metode pangajaran, milih média, jeung nganilai.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Nitenan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran matéringéunaan *Program Rémédial* dina Pangajaran Basa Sunda.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesan matéri.

5. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 1.

E. Latihan/Pancén

1. Jelaskeun sacara singgét wangenan belajar tuntas (*mastery learning*)!
2. Jelaskeun wangenan program rémédial!
3. Tuliskeun rupa-rupa bangbaluh diajar anu karandapan ku siswa!
4. Tuliskeun program rémédial!
5. Tuliskeun sababaraha data ngeunaan masalah dina program remedial!

F. Tingkesan

Diajar tuntas dina seuhseuhanana mangrupa salah sahiji usaha dina widang atikan pikeun ngamotivasi siswa sangkan nyangkem (*mastery leaning*) kompetensi nu geus ditangtukeun. Pangajaran tuntas mangrupa pola pangajaran anu ngagunakeun *ketuntasan* sacara individual. Saterusna ngalakukeun penilaian pikeun ngukur tingkat kahontalna kompetensi siswa anu digunakeun pikeun matéri nyusun laporan kamajuan diajar jeung ngoméan prosés pangajaran.

Data di Diréktorat Pendidikan SMA taun 2008 jeung 2009 ngébréhkeun, yén : (1) guru sacara umum geus ngalaksanakeun rémédial, tapi hasil rémédialna henteu dianalisis, (2) sering kapanggih yén guru sok méré tés ka siswa pikeun malikan deui matéri anu tacan kahontal katuntasan. Ieu hal dilakukeun ku cara ngagunakeun soal-soal anu sarua tur henteu malikan deui matéri, méré tugas, méré bimbingan, atawa ngamangpaatkeun babaturanana tanpa merhatikeun indikator anu tacan kacangkem ku siswa, jeung (3) pengayaan masih tacan pati loba dilakukeun ku guru (Diréktorat SMA Kemdikbud, 2010).

Program rémédial mantuan siswa anu ngarandapan bangbaluh diajar atawa hésé diajar.

Méré program rémédiál ngawéngku dua léngkah poko, kahiji ngadiagnosis bangbaluh diajar, kadua méré bantuan pangajaran rémédiál. Téhnik anu digunakeun dina ngadiagnosis bangbaluh diajar diantarana, tés prasarat (prasarat pangawéruh, prasarat kaparigélan) tés diagnostik, wawancara, pengamatan, jst. Program rémédiál dipungkas ku penilaian. Program rémédiál jeung penilaian dilaksanakeun di luar jam tatap muka.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék luyukeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
60	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar 2. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar 1, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 2

PROGRAM *PENGAYAAN* DINA PANGAJARAN BASA SUNDA

A. Tujuan

1. Sanggeus maca modul, pamilon diklat mampu ngajelaskeun wangun jeung program *pengayaan* kalawan bener.
2. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi prosedur kerja program *pengayaan* kalawan taliti.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngajelaskeun udagan (acuan) pikeun nangtukeun program *pengayaan*.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngajelaskeun wangun jeung program *pengayaan*.
2. Ngaidéntifikasi prosedur kerja program *pengayaan*.
3. Ngajelaskeun udagan (acuan) pikeun nangtukeun program *pengayaan*.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan jeung Program *Pengayaan*

Pengayaan bisa dihartikeun mangrupa pangalaman atawa kagiatan siswa anu nyumponan prasarat minimal anu geus ditangtukeun ku kurikulum.

Program *Pengayaan*

Program *Pengayaan* ngawengku:

- a. idéntifikasi kamampuh diajar dumasar kana jenis jeung tingkat kamampuh;
- b. idéntifikasi kemampuh diajar dumasar wandanana, misalna: diajar leuwih gancang, informasi leuwih gampang, aya kahayang anu

pinunjul, mikirna mandiri, superior jeung mikir abstrak, sarta réa minatna;

- c. idéntifikasi kamampuh siswa anu leuwih pinilih, dilaksanakeun ku jalan: tés IQ, tés inventori, wawancara, jeung observasi;
- d. wangun cara ngalaksanakeun program pengayaan, ngawengku:
 - 1) diajar kelompok;
 - 2) diajar mandiri;
 - 3) pangajaran berbasis tema; jeung
 - 4) pemadatan kurikulum.

Ngayakeun program *pengayaan* ngan pikeun kompetensi/matéri anu tacan kapimilik ku siswa. Ku kituna, guru nyadiakeun waktu pikeun siswa dina narima kompetensi/matéri anyar, atawa digawé dina proyék sacara mandiri luyu jeung kapasitas atawa kamampuh masing-masing. Program *pengayaan*, bisa ogé dipatalikeun jeung kagiatan méré pancén terstruktur jeung kagiatan mandiri henteu terstruktur.

Penilaian hasil diajar kagiatan *pengayaan*, tangtu moal sarua jeung kagiatan pangajaran biasa, tapi cukup dina wangun portofolio, jeung kudu dihargaan mangrupa nilai tambah dibandingkeun siswa anu diajar sacara normal.

2. Prosedur Program Pengayaan

- a. Kapala Sakola nugaskeun Wakasek Kurikulum jeung Tim Pengembang Kurikulum (TPK) sakola pikeun nyusun rancangan kagiatan jeung rambu-rambu program *pengayaan*.
- b. Kapala Sakola méré arahan ngeunaan téknis program *pengayaan* anu sakurang-kurangna ngawengku:
 - 1) dasar ngalaksanakeun program pangayaan.
 - 2) tujuan anu hayang dihontal dina ngalaksanakeun program *pengayaan*.
 - 3) mangpaat program *pengayaan*.
 - 4) hasil anu dipiharep tina program *pengayaan*.
 - 5) unsur-unsur anu kalibet jeung pancén dina ngalaksanakeun program *pengayaan*.

- c. Wakil Kepala Sekolah bidang Kurikulum babarengan jeung TPK sakola nyusun rancangan kagiatan jeung rambu-rambu ngalaksanakeun program *pengayaan* anu eusina sakurang-kurangna ngawengku: kagiatan, sasaran/hasil, pelaksanaan, jeung jadwal.
- d. Kepala Sekolah babarengan jeung wakasék kurikulum sarta TPK sakola jeung guru/MGMP medar rancangan kagiatan jeung rambu-rambu pelaksanaan program *pengayaan*.
- e. Kepala sekolah nanda tangan rancang kagiatan jeung rambu-rambu pelaksanaan program *pengayaan*.

Guru nangtukeun wanda program *pengayaan*, dumasar kana kahontalna kompetensi siswa kalawan ngagunakeun analisis ketuntasan KKM, kalawan maké *acuan* (udagan):

- a. Program *pengayaan*, lamun kahontalna kompetensi siswa leuwih atawa sarua jeung nilai KKM.
- b. Guru/MGMP ngalaksanakeun program *pengayaan* dumasar kana klasifikasi hasil kahontalna kompetensi siswa.
- c. Guru/MGMP ngalaksanakeun penilaian pikeun siswa anu miluan program *pengayaan* anu hasilna diasupkeun kana portofolio.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran matéri ngéunaan *Program Pengayaan dina Pangajaran Basa Sunda*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesanmatéri.
5. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngéunaan matéri dina kagiatan diajar 2.

E. Latihan/Pancén

1. Jelaskeun wangenan program *pengayaan*!
2. Jelaskeun idéntifikasimatéri program *pengayaan*!
3. Jelaskeun prosedur kerja program *pengayaan*!
4. Jelaskeun udagan (acuan) pikeun nangtukeun program *pengayaan*!
5. Tuliskeun arahan teknis kepala sakola ka guru ngeunaan program *pengayaan*!

F. Tingkesan

Pengayaan bisa dihartikeun mangrupa pangalaman atawa kagiatan siswa anu ngaleuwihan prasyarat minimal anu geus ditangtukeun ku kurikulum. Prasyarat minimal aya dina KKM. KKM dina Kurikulum 2013 ngawengku: KKM sikep nyaéta Baik, KKM pangaweruh 2,67, sedengkeun KKM Kaparigélan 2,67.

Program *Pengayaan* ngawengku: idéntifikasi kamampuh diajar dumasar kana jenis jeung tingkat kamampuh; Idéntifikasi kemampuan diajar dumasar jenisna, misalna: diajar leuwih gancang, nyimpen informasi leuwih gampang, aya kahayang anu luhung, mikirna mandiri, superior jeung mikir abstrak, sarta miboga réa minat; Idéntifikasi kamampuh siswa anu luhung, nu dilakukeun ku jalan: tés IQ, tés inventori, wawancara, jeung pengamatan; sarta wangun cara ngalaksanakeun program *pengayaan*.

Méré program *pengayaan* ngan pikeun kompetensi/matéri anu tacan dipikanyaho ku siswa. Ku kituna, guru nyadiakeun waktu pikeun siswa narima kompetensi/matéri anyar, atawa digawé dina proyék sacara mandiri luyu jeung kapasitas atawa kapabilitas masing-masing.

Program *pengayaan*, bisa ogé dipatalikeun jeung kagiatan mérépancén terstruktur jeung kagiatan mandiri hente terstruktur.

Penilaian hasil diajar kagiatan *pengayaan*, tangtuna ogé teu sarua jeung kagiatan pangajaran biasa, tapi cukup dina wangun portofolio, jeung kudu dihargaan mangrupa nilai tambah dibandingkeun siswa anu diajar sacara normal.

Kepala Sekolah méré arahan ngéunaan téknis program *pengayaan* anu sakurang-kurangna ngawégku: dasar ngalaksanakeun program *pengayaan*, tujuan anu hayang dihontal dina ngalaksanakeun program *pengayaan*, manfaat program *pengayaan*, hasil anu dipiharep tina program *pengayaan*., sarta unsur-unsur anu kalibat jeung uraian tugas dina ngalaksanakeun program *pengayaan*.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa ngeunaan matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
60	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar 3. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar 2, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 3

MANGPAAT PENILAIAN BERBASIS KELAS

A. Tujuan

1. Sanggeus masa pedaran matéri, pamilon diklat mampu ngajelaskeun wangenan penilaian *berbasis kelas* kalawan taliti.
2. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi mangpaat, kaunggulan, jeung prinsip penilaian *berbasis kelas* kalawan taliti.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi wangun instrumen penilaian *berbasis kelas* kalawan bener.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi ranah kognitif, afektif, jeung psikomotor salaku objek evaluasi hasil diajar kalawan bener.
5. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngajelaskeun stratégi penilaian *berbasis kelas* kalawan bener.
6. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngajelaskeun dilaksanakeunana penilaian *berbasis kelas* dina prosés pangajaran kalawan bener.

B. Indikator Kahotalna Kompetensi

1. Ngajelaskeun wangenan penilaian berbasis kelas.
2. Ngaidéntifikasi mangpaat, kaunggulan, jeung prinsip penilaian berbasis kelas.
3. Ngaidéntifikasi wangun instrumén penilaian berbasis kelas.
4. Ngaidéntifikasi ranah kognitif, afektif, jeung psikomotor salaku objek evaluasi hasil diajar.
5. Ngajelaskeun stratégi penilaian berbasis kelas.
6. Ngajelaskeun prakprakanana penilaian berbasis kelas dina prosés pangajaran.

C. Pedaran Materi

1. Wangenan *Penilaian Berbasis Kelas*

Penilaian Berbasis Kelas nyaéta penilaian anu dilakukeun ku guru dina raraga prosés pangajaran. *Penilaian Berbasis Kelas* téh prosés ngumpulkeun jeung ngagunakeun informasi hasil diajar siswa anu dilakukeun ku guru pikeun nangtukeun tingkat kahontalna jeung tingkat kacangkemna tujuan (KI, KD, jeung IPK) ku siswa.

Penilaian Berbasis Kelas mangrupa prinsip, sasaran anu akurat jeung konsistén ngeunaan kompetensi atawa hasil diajar siswa sarta kamajuan siswa. *Penilaian Berbasis Kelas* bisa ngagambarkeun kompetensi, kaparigelan, jeung kamajuan siswa di kelas. Nurutkeun Depdiknas (2002).

Penilaian Berbasis Kelas mangrupa salah sahiji komponén dina Kurikulum Berbasis Kompetensi. *Penilaian Berbasis Kelas* mangrupa dadasar kagiatan penilaian anu dilaksanakeun gumulung jeung kagiatan diajar ngajar.

Penilaian Berbasis Kelas dilakukeun ku cara ngumpulkeun hasil gawé siswa (portofolio), hasil karya (produk), méré pancén (proyéék), jeung kinerja (*proformance*), tés tinulis (*paper and pen*), jst.

Penilaian Berbasis kompetensi dipuseurkeun kana kacangkemna kompetensi jeung hasil diajar siswa luyu jeung tingkatan kahontalna préstasi siswa.

2. Mangpaat, Kaunggulan, jeung Prinsip Pembelajaran Berbasis Kelas

a. Mangpaat *Pembelajaran Berbasis Kelas*

Hasil *penilaian berbasis* kelas miboga mangpaat pikeun:

- 1) uji balik pikeun siswa sangkan mikanyaho kamampuh jeung kakuranganana, antukna ngahudang motivasi pikeun ngoméan hasil diajarna.

- 2) nalingakeun kamajuan jeung ngadiagnosis kamampuh siswa, anu ngamungkinkeun dilaksanakeun *pengayaan* jeung *remedial* pikeun nedunan pangabutuh siswa luyu jeung kamajuan jeung kamampuhna.
- 3) méréusulan ka guru pikeun ngoméan program pangajaran di kelas.
- 4) ngamungkinkeun siswa ngahontal kompetensi anu geus ditangtukeun, sok sanajan lilana diajar unggal-unggal siswa béda-béda.

b. Kaunggulan Penilaian Berbasis Kelas

- 1) Ngumpulkeun informasi ngeunaan kamajuan diajar siswa boh formal boh nonformal anu diayakeun sacara gumulung, dina kaayaan pangajaran anu pikabungaheun, sarta méré kasempetan ka siswa pikeun ngébréhkeun naon-naon anu geus dipikanyaho, dicangkem, tur dilakukeun.
- 2) Kahontalna hasil diajar siswa henteu dibandingkeun jeung préstasi kelompok, tapi dibandingkeun jeung kamampuh saacanna, kritéria kahontalna kompetensi, standar kahontalna kompetensi, jeung level kahontalna kompetensi, dina raraga mantuan siswa ngahontal tujuan.
- 3) Ngumpulkeun informasi ngagunakeun rupa-rupa cara, sangkan kamajuan diajar siswa bisa katalingakeun sacara taliti.
- 4) Siswa perlu diperedih sangkan mampuh ngaéksplorasi jeung ngamotivasi diri pikeun ngerahkeun sakabéh poténsi dina méré tanggapan, ngungkulan sadaya masalah ku cara sorangan, lain ngan saukur ngalatih siswa milih jawaban anu geus disadiakeun.
- 5) Pikeun nangtukeun aya henteuna kamajuan diajar jeung perlu henteuna bantuan anu geus dirancang, tur tuluy tumuluy dumasar kana fakta jeung bukti anu akurat.

c. Prinsip-prinsip Penilaian Berbasis Kelas

- 1) *Valid*, penilaian méré informasi anu akurat ngeunaan hasil diajar siswa.
- 2) *Ngatik*, penilaian kudu méré sumbangan positif kana kahontalna hasil diajar siswa.
- 3) *Oriéntasi* kana kompeténsi, penilaian kudu meunteun kahontalna kompeténsi anu jinek dina kurikulum.
- 4) *Adil*, penilaian kudu adil ka sakumna siswa tur teu ngabédabédakeun kasang tukang sosial-ékonomi, budaya, basa, jeung gender.
- 5) *Terbuka*, kritéria penilaian jeung kudu jelas jeung bisa dititénan ku balaréa.
- 6) *Mayeng tahap demi tahap*, penilaian dilakukeun tahap demi tahap pikeun néangan informasi ngeunaan mekarna diajar siswa.
- 7) *Sagemblengna*, penilaian bisa dilakukeun maké rupa-rupa téhnik jeung prosedur kaasup ngumpulkeun rupa-rupa bukti hasil diajar siswa. Penilaian hasil diajar siswa ngawengku: pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep.
- 8) *Miboga ma'na*, penilaian gampil kacangkem, miboga harti, aya gunana, tur bisa diayakeun lajuning laku. (Depdiknas, 2002).

3. Wangun Instrumén Penilaian Berbasis Kelas

Numutkeun Suharto (2009) jeung Harsanto (2007), wangun instrumén penilaian *berbasis* kelas ngawengku: (1) penilaian unjuk kerja, (2) penilaian sikap, (3) penilaian produk, (4) penilaian portofolio, jeung (5) penilaian diri.

a. Penilaian Unjuk Kerja

Penilaian unjuk kerja mangrupa penilaian anu dilakukeun ku cara nengetan kagiatan siswa dina ngalakukeun hiji hal. Ieu penilaian luyu digunakeun pikeun meunteun kompeténsi anu meredih siswa pikeun migawé tugas. Ieu penilaian luyu pikeun meunteun kahontalna kompeténsi anu meredih siswa pikeun prakték.

Contona: prakték di laboratorium, prakték sholat, prakték Olah Raga, preséntasi, diskusi, bermain peran, maénkeun alat musik, nembang, maca puisi/déklamasi, jst.

Penilaian unjuk kerja dianggap penilaian anu lewih auténtik tibatan tés tinulis, lantaran naon-naon anu dipeunteun mangrupa eunteung kamampuh siswa anu sabenerna.

b. Penilaian Sikep

Sikep patali jeung perasaan jeung cara ngaréspon hiji hal/hiji objék. Sikep téh ékspresi tina nilai-nilai atawa pandangan hirup anu dipiboga hiji jalma. Sikep bisa dicitak, nepi ka mangrupa paripolah anu dipikahayang. Sikep ngawengku tilu aspek: afektif, kognitif, jeung konatif. Komponen afektif nyaéta perasaan anu dipiboga ku jalma atawa penilaian kana hiji objék. Komponen kognitif nyaéta kapercayaan atawa kayakinan ngeunaan objék. Komponén konatif, nyaéta paripolah anu loyogna kana ayana objék sikep.

c. Penilaian Tinulis

Penilaian tinulis mangrupa tés anu soal jeung jawabanana téh dibikeun ka siswa dina wangun tinulis. Dina ngajawab soal, siswa henteu salawasna ngaréspon dina wangun tinulis tapi ogé bisa dina wangun séjénna, saperti: méré tanda, ngawarnaan, ngagambar, jst.

d. Penilaian Proyék

Penilaian proyék mangrupa kagiatan penilaian kana pancén anu kudu diréngsékeun dina kurun waktu/ periode nu geus ditangtukeun. Éta pancén mangrupa invéstigasi ti mimiti ngararancang, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nepikeun data. Penilaian proyék bisa digunakeun pikeun mikanyaho tingkat pamahaman, kamampuh ngaorganisasikeun, ngolah, jeung ngalaporkeun data. Penilaian proyék bida digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh, kamampuh ngaaplikasikeun, kamampuh panalungtikan, jeung kamampuh ngainformasikeun siswa ngeunaan mata pelajaran basa Sunda.

e. Penilaian Produk

Penilaian produk nyaéta penilaian anu ditujukeun kana prosés nyieun jeung kualitas hiji produk. Penilaian produk ngawengku: penilaian kana kamampuh siswa dina nyieun produk-produk téhnologi atawa seni, saperti: kadaharan, pakéan, hasil karya seni (patung, lukisan, gambar), barang-barang tina kai, keramik, plastik, logam, jst.

f. Penilaian Portofolio

Penilaian portofolio téh penilaian anu sipatna tuluy tumuluy dumasar kana kumpulan informasi anu nuduhkeun mekarkeun kamampuh siswa dina hiji periode. Informasi kasebut bisa mangrupa karya siswa hasil prosés pangajaran anu dianggap paling hadé. Hasil tés (lain peunteun) atawa wangun informasi nu séjénna anu patalina jeung kompetensi hiji mata pelajaran.

Penilaian portofolio dina enas-enasna mah meunteun karya-karya siswa sacara individual dina hiji periode pikeun hiji mata pelajaran. Ahir hiji periode hasil karya siswa téh dikumpulkeun jeung dipeunteun ku guru jeung siswa sorangan. Dumasar kana informasi hasil portofolio, guru jeung siswa bisa meunteun kamampuh siswa pikeun terus dioméan sangkan leuwih hadé.

Ku kituna, portopolio bisa ngébréhkeun mekarna kamajuan diajar siswa, ngaliwatan hasil karyana, boh mangrupa puisi, karangan, surat, gambar, foto, lukisan, résénsi buku/ laporan panalungtikan, sinopsis, jst.

g. Penilaian Diri Sorangan

Penilaian diri nyaéta téhnik penilaian anu meredih siswa pikeun meunteun dirina sorangan patali jeung prosés tur tingkat kahontalna kompetensi mata pelajara basa Sunda. Téhnik meunteun diri sorangan diri siswa pikeun ngukur aspek sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan.

4. Ranah Kognitif, Afektif, jeung Psikomotor salaku Objek Evaluasi Hasil Diajar

a. Ranah Kognitif

Ranah kognitif nyaéta ranah patali jeung mental (otak). Numutkeun Bloom dina Sudijono (2003:49) sagala tarékah anu atali jeung kagiatan otak kaasup ranah kognitif.

Dina ranah kognitif aya genep tahapan prosés mikir, mimiti ti tahapan anu handap nepi ka tahapan luhur, nu ngawengku tahapan di handap.

1) Pangaweruh (*Knowledge*)

Kamampuh pikeun nginget-nginget istilah, definisi, fakta-fakta, gagasan, pola, urutan, metodologi, prinsip dasar, jst.

2) Pemahaman (*Comprehension*)

Kamampuh pikeun maca jeung maham gambaran, laporan, tabel, diagram, arahan, atura-aturan, jst. Contona, siswa bisa maham ngeunaan eusi diagram, tabel, laporan, jst.

3) Ngalarapkeun (*Application*)

Kamampuh pikeun ngalarapkeun gagasan, prosédur, metode, rumus, tiori, jst dina kondisi kahirupan sapopoe. Contona, waktu siswa dibéré tiori ngeunaan unsur intrinsik jeung ekstrinsik novel , siswa bisa medar hiji novel basa sunda dumasar kana unsur intrinsik jeung ékstrinsik.

4) Analisis (*Analysis*)

Kamampuh ngaanalisis informasi anu diwincik kana bagéan-bagéan anu leuwih leutik/ heureut tur wanoh kana pola atawa patalina antaraunsur-unsurna, tur mampuh ngabédakeun unsur-unsurna.

5) Sistesis (*Syntesis*)

Kamampuh pikeun ngajelaskeun struktur atawa pola tina hiji topik atawa matéri anu saacanna tacan dipikawanoh.

6) Penilaian/ Ngahargaan (*Evaluation*)

Kamampuh pikeun meunteun ide, gagasan, kahayang, metodologi, jst ngagunakeun kritéria anu luyu jeung standar anu geus ditangtukeun. Genep tingkatan mikir ranah kognitif di luhur téh sipatna kontinum tur tumpang tindih, ranah anu luhur ngawengku ranah anu aya di handapna. Tingkatan Kognitif bisa ditengenetan dina tabel tahapan panalék kognitif ieu di handap.

Ting kata n	Subtingkatan	Kecap-kecap Konci	
Kog nitif Ting kat Han dap	Pangetahuan (<i>knowledge</i>)	• Naon.... • Saha.... • Iraha • Dimana • Sebutkeun • Jodokeun	• Pasangkeun • Sasaruwaan kecap... • Golongkeun... • Bere ngaran....
	Pemahaman (<i>comprehension</i>)	• Terangkeun... • Bédakeun... • Terjemahkeun.. • Cindekkeun...	• Bandingkeun • Robah.. • Jieun interprétasi...
	Penerapan (<i>application</i>)	• Gunakeun... • Tunjukkeun... • Jieun... • Démonstrasikeun...	• Téangan patalina . • Tuliskeun conto... • Siapkeun... • Klasifikasikeun...
Kog nitif Ting kat Luhu	Analisis (<i>analysis</i>)	• Jieun analisis... • Sodorkeun bukti-bukti..... • Kunaon...	• Tuduhkeun sabab musababna... • Bere alesan-alesan....

r		• Idéntifikasi.....	
	Sintesis <i>(synthesis)</i>	• Ramalkeun ngeunaan... • Jieun wangun... • Ciptakeun... • Susun... • Rancang ... • Tuliskeun....	• Kumaha carana ngungkulan... • Kumaha jadina lamun... • Kumaha cara menerkeun... • Mekarkeun....
	Évaluasi <i>(evaluation)</i>	• Kumaha pamadegan Saderék ngeunaan... • Jieun alternatif mana anu hadé ngeunaan... • Setuju henteu hidep ngeunaan... • Jieun krikan ngeunaan....	• Jieun alesan ngeunaan... ▪ Peunteun... ▪ Bandingkeun.... ▪ Bédakeun....

Tabel 3.1 Tingkatan Panalek Kognitif 1

b. Ranah Afektif

Ranah aféktif raket patalina jeung sikep tur nilai. Ranah aféktif Bloom taksonomi jadi lima tahapan, nyaéta wincikanana di handap ieu.

1) Narima atawa Merhatikeun (*Receiving/Attending*).

Sadia jeung sadar ayana hiji fénoména di lingkungan sabudeureunana. Dina prosés pangajaran basa Sunda, ébréh dina wangun ayana perhatian, mertahankeun, tur méré arahan.

2) Méré Tanggapan (Responding)

Méré tanggapan kana fénoména anu lumangsung di lingkungan sabudeureunana, anu ngawengku: panuju atawa teu panuju, sadia atawa teu sadia.

3) Ngahargaan (Valuing)

Patali jeung ngahargaan atawa nilai ngeunaan hiji objék, fénoména, atawa paripolah.

Penilaian dumasar kana internalisasi tina beungketan nilai anu diéksprésikeun dina paripolah.

4) Ngatur (Organization)

Ngahijikeun nilai-nilai anu béda, ngungkulan konflik, tur ngawangun hiji sistem nilai anu konsistén.

5) Karakteristik dumasar kana nilai-nilai (Characterization by a Value or *Value Complex*)

Miboga sistem nilai anu ngatur paripolah nepi ka ngatur gaya hirup.

c. Ranah Psikomotor

Ranah psikomotor nyaéta ranah anu patali jeung kaparigelan (*skill*) atawa kamampuh ngalakukeun hiji hal sanggeus narima pangalaman diajar. Ranah psikomotor ngaweku tujuh tahapan.

1) Persepsi (*Perception*)

Ngagunakeun alat indra pikeun cecepengan dina ngabantu gerakan.

2) Kasiapan (*Set*)

Kasiapan fisik, mental, jeung émosional pikeun ngalakukeun gerakan.

3) Ngarespon kalawan Dipimpin (*Guided Response*)

Tahap awal dina nalungtik kaparigelan anu kompleks, kaasup imitasi atawa nyoba-nyoba gerakan.

4) Mekanisme (Mechanisme)

Ngabiasakeun gerakan-gerakan anu geus diajarkeun nepi ka trampil.

5) Réspon anu Kaciri tur Kompleks (Complex Overt Response).

Gerakan motoris anu trampil anu dijerona aya gerakan-gerakan anu kompleks.

6) Nyaluyukeun (Adaptation)

Kaparigelan anu diluyukeun jeung kaayaan siatuasi.

7) Nyiptakeun (Origination)

Nyieun pola gerakan anyar anu diluyukeun jeung situasi atawa masalah nu aya.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran matéri ngéunaan *Penilaian Berbasis Kelas*
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesan matéri, diteruskeun néangan tur maca référénsi nuséjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
5. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngéunaan matéri dina kagiatan diajar 3.

E. Latihan/ Pancén

1. Tuliskeun wangenan penilaian berbasis kelas!
2. Jelaskeun mangpaat penilaian berbasis kelas!
3. Tuliskeun prinsip-prinsip penilaian berbasis kelas!
4. Tuliskeun wangun instrumén penilaian berbasis kelas!
5. Tuliskeun wincikan ranah kognitif, aféktif, jeung psikomotor anu jadi objék évaluasi!

F. Tingkesan

Penilaian Berbasis Kelas nyaéta penilaian anu dilakukeun ku guru dina raraga prosés pangajaran. *Penilaian Berbasis Kelas* téh prosés ngumpulkeun jeung ngagunakeun informasi hasil diajar siswa anu dilakukeun ku guru pikeun nangtukeun tingkat kahontalna jeung tingkat kacangkemna tujuan (KI, KD, jeung IPK) ku siswa.

Penilaian Berbasis Kelas mangrupa prinsip, sasaran anu akurat jeung konsistén ngeunaan kompetensi atawa hasil diajar siswa sarta kamajuan siswa.

Mangpaat Pembelajaran *Berbasis Kelas*: uji balik pikeun siswa, nalingakeun kamajuan jeung ngadiagnosis kamampuh siswa, méré usulan ka guru pikeun ngoméan program pangajaran di kelas, jeung ngamungkinkeun siswa ngahontal kompetensi anu geus ditangtukeun, sok sanajan lilana diajar unggal-unggal siswa béda-béda.

Wangun instrumén penilaian *berbasis kelas*: (1) penilaian unjuk kerja, (2) penilaian sikap, (3) penilaian produk, (4) penilaian portofolio, jeung (5) penilaian diri.

Ranah kognitif, afektif, jeung psikomotor salaku objek evaluasi hasil diajar. Ranah kognitif, ngawengku: pangaweruh (*Knowledge*), pemahaman (*Comprehension*), ngalarapkeun (*Application*), analisis (*Analysis*), sintesis (*Syntesis*), jeung penilaian/ ngahargaan (*Evaluation*)

Ranah Afektif ngawengku: narima atawa merhatikeun (*Receiving/Attending*), méré tanggapan (*Responding*), ngahargaan (*Valuing*), ngatur (*Organization*), karakteristik dumasar kana nilai-nilai (*Characterization by a Value or Value Complex*)

Ranah Psikomotor, ngawengku: persepsi (*Perception*), kasiapan (*Set*), Ngarespon kalawan dipimpin (*Guided Response*), mekanisme (*Mechanisme*), réspon anu Kaciri tur kompleks (*Complex Overt Response*), nyaluyukeun (*Adaptation*), nyiptakeun (*Origination*)

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur pangaweruh Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{TahapPangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahappangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

- 90 - 100% = alus pisan
- 80 - 89% = alus
- 70 - 79 = cukup
- 60 - 69 = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa bahan ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 4. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 3, pangpangna bahan nu tacan kacangkem

KOMPETENSI PROFESIONAL

WANDA TEKS JEUNG NOVEL



KAGIATAN DIAJAR 4

TÉKS NARASI

A. Tujuan

1. Sanggeus maca pedaran matéri, pamilon diklat mampu ngécéskeun hakékat téks narasi kalawan bener.
2. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngécéskeun ciri-ciri téks narasi kalawan taliti.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngécéskeun prinsip-prinsip téks narasi kalawan taliti.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu nétélakeun wanda téks narasi kalawan jéntré.
5. Sanggeus migawé latihan, pamilon diklat mampu nétélakeun eusi téks narasi kalawan jéntré.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngécéskeun hakékat téks narasi.
2. Ngécéskeun ciri-ciri téks narasi.
3. Ngécéskeun prinsip-prinsip téks narasi.
4. Nétélakeun wanda téks narasi.
5. Nétélakeun eusi téks narasi.

C. Pedaran Matéri

1. Watesan Téks Narasi

Istilah narasi sok disebut ogé naratif asalna tina kecap basa Inggris *narration* (carita) jeung *narrative* (nu nyaritakeun).

Gie (2002: 5) nétélakeun yén téks narasi téh nyaéta hiji wangun karangan anu nepikeun hiji kajadian atawa pangalaman dina runtuyan waktu ka nu maca kalawan udagan sangkan méré kesan perkara parobahan atawa gerak hiji hal ti awal tepi ka ahir. Ari nurutkeun Keraf (2007: 136), téks narasi mangrupa jenis karangan anu narékahan ngagambarkeun hiji kajadian anu geus lumangsung kalawan saécés-écésna ka nu maca.

Teu jauh béda jeung watesan téks narasi nu diasongkeun ku sawatara ahli basa di luhur, nurutkeun Suparno jeung Yunus (2007: 31), téks narasi nyaéta karangan nu ngusahakeun nepikeun informasi kajadian nurutkeun runtuyan kajadianana (kronologis). Udagan anu hayang dihontalna nyaéta méré harti kana éta kajadian nepi ka nu maca bisa narima hikmahna.

Tina rupa-rupa watesan téks narasi nu diasongkeun ku para ahli basa di luhur, bisa dicindekkeun yén téks narasi téh nyaéta hiji wangun karangan nu ngusahakeun nyaritakeun hiji kajadian kalawan kronologis.

2. Ciri-CiriTéks Narasi

Nurutkeun Semi (1993: 33), téks narasi mibanda ciri-ciri anu tangtu. Éta ciri téh di antarana nyaéta:

- a. mangrupa carita ngeunaan kajadian atawa pangalaman manusa;
- b. kajadian anu ditepikeun téh mangrupa kajadian anu enya-nya lumangsung, bisa ogé imajinasi, atawa gabungan antara kajadian anu enya-nya lumangsung jeung imajinasi;
- c. nekenkeun susunan kronologis; jeung
- d. biasana aya dialog.

Ari nurutkeun Suparno jeung Yunus (2008: 41), ciri anu panghasna tina téks narasi téh nyaéta biasana téks narasi mah nyaritakeun palaku anu kalibet langsung dina hiji kajadian anu dicaritakeunana.

3. Prinsip-Prinsip Téks Narasi

Nurutkeun Suparno jeung Yunus (2008: 39-46), prinsip-prinsip téks narasi téh ngawengku ieu di handap.

a. Galur

Galur dina téks narasi mangrupa rangka dasar anu penting pikeun ngatur kumaha paripolah-paripolah kudu silipakait dina hiji gemblengan waktu. Aspék-aspékna ngawengku: (1) mitembeyan; (2) gelarna konflik; (3) konflik naék; (4) klimaks; jeung (5) ngungkulan pasualan.

b. Palaku

Dina téks narasi, taya watesan perkara réana palaku. Anapon kitu, perlu jadi tinimbangan patali jeung aspék pungsional atawa henteuna éta palaku ditampilkeun dina prakna ngawangun carita sangkan karangan anu disusun arahna bisa kakontrol.

c. Kasang Tukang

Dina téks narasi, aya kasang tukang tempat jeung waktu anu ditémbongkeun, tapi sakapeung mah tara disebutkeun kalawan écés.

d. Puseur Sawangan

Puseur sawangan dina téks narasi penting pikeun ngajawab saha anu nyaritakeun hiji kajadian. Nalika nu nyaritakeun (narator) béda antara nu hiji jeung nu lianna, détail caritana ogé bisa jadi béda. Kalungguhan nu nyaritakeun téh bisa: (1) narator nu sagala apal; (2) narator obyékif; (3) narator milu aktif; jeung (4) narator salaku panitén.

4. Wanda Téks Narasi

Téks narasi aya dua wanda, ngawengku narasi ékspositoris jeung narasi sugéstif.

a. Narasi Ékspositoris

Téks narasi ékspositoris mibanda tujuan pikeun mangaruhan pikiran nu maca sangkan haat mikanyaho naon-naon anu dicaritakeun. Hal anu dicaritakeun utamana ngeunaan kalumangsungan hiji kajadian, dicaritakeunana dina wujud runtuyan kajadian atawa paripolah nepi ka nu maca bisa nambahan pangawérurna.

b. Narasi Sugéstif

Téks narasi sugéstif disusun sangkan kajadian anu dicaritakeun disanghareupan tur diréspon ku nu maca ngaliwatan parasaanna. Narasi sugéstif mérélukeun ayana kasayagaan méntal anu samapta ti nu macana, nepi ka nu maca téh bisa némbongkeun rasa simpati jeung émpatina kana kajadian anu dicaritakeun.

5. Conto Téks Narasi

Ieu di handap aya conto téks narasi!

Kaduhung Baha Ka Emah

Jam sabelas tos wangsul ti sakola. Abdi atoh pisan kumargi tiasa ameng heula sareng réréncangan. Ti kelas kénéh tos badami badé ménbal di lapang tukangeun pabrik. Bring wéh abdi sareng réréncangan anu tos baradami lalumpatan muru lapang. Dugi ka lapang, teras gentos seragam ku acuk ameng, ari sapatu mah teu dibuka, kumargi upami teu nganggo sapatu sieun kacugak.

Tapi hanjakal cuacana aleum, teu sapertos saméméhna cerah pisan. Sareng réréncangan sepakat sanajan hujan kukumaha ogé maen bal ulah batal, meungpeung aya waktu seueur. Tos kitu mah der wéh maén, nembé ogé lima belas menit hujan tos breg mantén, tapi asa teu kahalangan, malih asa beuki resep lantaran teu karaos panas sareng

bayeungyang. Nuju raraména maén, Ogi geubis mani ngagedebut dugi ka teu tiasa cengkat-cengkat acan.

Ku saréréa diburu kumargi sieun kumaonam, leres wé....sampéan Ogi misalah. Ari tos kitu mah sadayana lirén, tapi bingung ku Ogi, sieun diseuseulan ku ibu sareng bapana. Mangkaning basa badé maén bal téh teu wawartos heula. Dugi ka adan Asar, Ogi masih kénéh haharegungan, sampéanna nyerieun. Atuh kapaksa sieun-sieun ogé abdi ngawartosan ibuna Ogi nu aya di bumi. Bari jalalibreg sareng acuk kotor, abdi keketrok bari uluk salam,

“Assalamu’alaikum.....!”

“Wa,alaikum salam....!” ti lebet bumi aya nu ngawaler, saterasna panto muka. Bray! Katingal ibuna Ogi siga anu reuwas ningalieun abdi kabulusan. Teu acan ogé abdi éngab, ibuna Ogi tos mayunan naros, “Euleuh, ti mana ari Izal, ari Ogi mana?” saurna. Abdi teu énggal-énggal ngawalerna da kasima sareng sieun diseuseulan.

“Waler Izal, ari Ogi di mana?” saurna deui, keukeuh naroskeun Ogi.

“eu,eu,euh... Ogi geubis di lapang basa nuju maén bal, ayeuna nuju ditarungguan ku réréncangan. Di saung, pengkoreun pabrik,” cék abdi. Sanajan sieun-sieun ogé kapaksa wé wawartos.

“Alah siah, Bapana! Naha boga budak téh bedegong-bedegong teuing, bangkarwarah....,” Ibuna Ogi kukulutus, sareng nu sanésna deui, duka naon nu dicarioskeunana. Da abdi mah saatos wawartos langsung lumpat muru deui ka réréncangan nu nuju ngarantosan.

Dugi ka saung tempat réréncangan anu tadi ngarantosan, kasampak tos teu aya sasaha. Luak-lieuk ka ditu ka dieu, tiiseun ngan berengbeng wéh abdi muru ka bumi. Kinten sapuluh léngkaheun deui dugi ka bumi, abdi ngarandeg heula, ningalian di saluareun bumi bilih aya Emah atanapi apa nuju ngantosan. Ah, salamet teu aya sasaha. Janten moal tarerangeun abdi tos maén bal bari huhujan. Upami dugi ka bumi, badé langsung ka jamban, teras ibak. Acuk anu kalotor badé dikeueumann, bilih Emah atanapi Apa naros, alesanana kapegat hujan wéh.

Nuju anteng mikir pilakueun, jegug téh aya anjing ngaherengan. Atuh puguh waé abdi ngajerit reuwas, bari lumpat muru ka bumi. Teu ningali ka sisi ka gigir, panto didupak, kumargi sieun diudag anjing.

Dugi ka bumi, abdi langkung reuwas alahbatan tadi. Kumargi Emah sareng Apa tos nyampak payuneun. Emah langsung naros, “Tos ti mana ari Izal? Nu jadi kolot mah sakieu hariwangna bisi cilaka jabaning hujan. Sing ngagugu atuh ka kolot téh, ulah huhujan. Sabataé ari halodo mah, pék téh teuing moal dihalang-halang. Emah mah nyaah nyaréék sotéh. Kumaha lamun kabéntar gelap, atuh béh dieuna rieut. Lamun gering, Izal moal bisa sakola angger kolot-kolot kénéh nu riweuh mah,” saur Emah gegelendeng.

Abdi teu wantun némbal margi rumaos lepat, tos baha ka nu janten sepuh, diwawadian teu ngagugu.

(Dicutat tina Manglé no. 2099/2007)

D. Kagiatan Diajar

Sangkan mampu ngahontal tujuan sakumaha ditétélakeun di luhur, para guru dipiharep ngalaksanakeun kagiatan diajarkalawan daria. Kalawan gurat badag, kagiatan diajar anu kudu dilaksanakeun ku Sadérék ngawengku kagiatan-kagiatan:

1. niténan tujuan jeung indikator;
2. maca pedaran matéri ngeunaan téks Nnarasi;
3. diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén;
4. maca tingkésan matéri;
5. néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén; jeung
6. tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 4.

E. Latihan

Sangkan pangawéruh Sadérék ngeunaan paribasa leuwih jero jeung onjoy, prak pigawé kalawan gemet ieu latihan di handap.

1. Tétélakeun kalawan panceg watesan téks narasi, boh nurutkeun para ahli boh nurutkeun pamanggih sorangan!
2. Tataan rupa-rupa wanda téks narasi!
3. Tétélakeun ciri-ciri téks narasi!
4. Tétélakeun prinsip-prinsip téks narasi!
5. Dina bagian pedaran matéri di luhur aya conto téks narasi anu judulna “Kaduhung Baha ka Emah”. Prak tataan runtuyan kajadian dina éta conto téks narasi!

F. Tingkésan

Téks narasi téh nyaéta hiji wangun karangan nu ngusahakeun nyaritakeun hiji kajadian kalawan kronologis.

Téks narasi mibanda ciri-ciri anu tangtu, kayaning: (a) mangrupa carita ngeunaan kajadian atawa pangalaman manusa; (b) kajadian anu ditepikeun téh mangrupa kajadian anu enya-nya lumangsung, bisa ogé imajinasi, atawa gabungan antara kajadian anu enya-nya lumangsung jeung imajinasi; (c) nekenkeun susunan kronologis; (d) biasana aya dialog; jeung (e) biasana téks narasi mah nyaritakeun palaku anu kalibet langsung dina hiji kajadian anu dicaritakeunana.

Prinsip-prinsip téks narasi téh museur dina hal-hal sabudeureun galur, palaku, kasang tukang, jeung puseur sawangan

Téks narasi aya dua wanda, ngawengku narasi ékspositoris jeung narasi sugéstif.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Hasil pagawéan Sadérék dina bagian latihan téh jawabanana bandingkeun atawa luyukeun kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap pangabisa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah Jawaban Bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90–100% = alus pisan

80–89% = alus

70–79% = cukup

60–69% = kurang

Upama Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 5. Tapi, upama tahap ngawasa kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna matérinu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 5

TÉKS DÉSKRIPSI

A. Tujuan

1. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon diklat mampu ngécéskeun hakékat téks déskripsi kalawan bener.
2. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngécéskeun rupa-rupa wangun téks déskripsi kalawan taliti.
3. Sanggeus migawe latihan, pamilon diklat mampu ngécéskeun rupa-rupa pamarékan dina nyusun téks déskripsi kalawan bener.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu nétélakeun eusi téks (wacana) déskripsi basa Sunda kalawan bener.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngécéskeun hakékat téks déskripsi.
2. Ngécéskeun rupa-rupa wangun téks déskripsi.
3. Ngécéskeun rupa-rupa pamarékan dina nyusun téks déskripsi.
4. Nétélakeun eusi téks (wacana) déskripsi basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Téks Déskripsi

Istilah déskripsi téh asalna tina basa Latén *describere*, anu hartina ngagambarkeun hiji hal. Nurutkeun Keraf (2007: 2), téks déskripsi mangrupa hiji wangun karangan anu patali jeung usana nu nulis pikeun nepikeun gambaran rinci tina obyék anu dicaritakeun. Nurutkeun Rusyana (1984: 136), déskripsi téh mangrupa karangan anu ngagambarkeun hiji hal, nétélakeun naon-naon anu diindera, tur ngagambarkeun parasaan jeung paripolah jiwa dina wangun kalimah.

Ari nurutkeun Yunus (2008: 46) téks déskripsi téh mangrupa hiji wangun karangan anu ngagambarkeun hiji hal sajéntré-jéntréna nepi ka nu maca siga nyaksian atawa ngalaman langsung hal anu digambarkeunana. Ngaliwatan déskripsi, nu nulis téh mindahkeun kesan, hasil niténan, jeung parasaanana ka nu maca. Anu digambarkeun téh ngawengku sipat, ciri, jeung pertélaan wangun anu nyampak dina obyék anu digambarkeunana.

Hal anu didéskripsikeun téh teu kawatesanan, bisa naon-naon anu katingali, kareungeu, kaambeu, jeung karasa ku pancaindera, bisa deuih naon-naon hal anu karasana ku haté jeung pikiran kawas rasa sieun, geuleuh, nyaah, sedih, jsté. Pon kitu deui suasana anu gelar tina hiji situasi kayaning geueuman, morérétna panonpoé, atawa suasana romantis ogé bisa jadi obyék déskripsi.

Ceuk Finoza (2009: 2014), téks déskripsi dihasilkeun kalawan napak dina tujuan pikeun nyiptakeun hiji pangalaman dina diri nu macatur méré idéntitas atawa informasi ngeunaan hiji obyék nepi ka nu maca bisa kenal nalika adu hareupan langsung jeung obyék anu dicaritakeun téa. Ku éta hal, nu nulis téks déskripsi kudu nyampakkeun kekecapan anu méréناه dina ngagambarkeun hiji obyék luyu jeung gambaran saéstuna tina éta obyék. Saupama éta hal kahontal, gambaran obyék téh bisa ngagelarkeun imajinasi anu hirup tur atra ngeunaan sipat, ciri, atawa hakékat obyék anu didéskripsikeunana.

Sangkan éta tujuan kahontal, aya tilu hal anu kudu dicangking ku nu nulis téks déskripsi. Nurutkeun Akhadiyah (2001: 37-38), éta tilu hal téh ngawengku: 1) kaparigelan basa nu nulis dina aspék kabeungharan jeung wangun kecap; 2) katalitian dina prosés niténan jeung samaktana pangawéréh ngeunaan sipat, ciri, jeung wangun obyék anu didéskripsikeun; jeung 3) kaparigelan milih ciri détail anu has sangkan bisa ngagambarkeun hiji hal kalawan panceg jeung hirup.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén téks déskripsi téh nyaéta wangun karangan anu sajéntréna ngagambarkeun hiji hal ngaliwatan kekecapan anu méréna luyu jeung gambaran saéstuna tina éta obyék nepi ka informasi nu ditétélakeun bisa ngahirupkeun kesan jeung daya hayal anu jero pikeun nu maca.

2. Wangun Téks Déskripsi

Ibu kalih Bapa guru basa Sunda, ciri pangpokona tina téks déskripsi téh nyaéta méré gambaran anu rinci tina hiji obyék anu dicaritakeunana. Téks déskripsi sabisa-bisa kudu matak nimbulkeun kesan ka nu macana, carana bisa dicirian ku ayana gambaran perkara hiji hal kalawan luyu jeung kaayaan sabenerna. Aya deuih téks déskripsi anu teu ngudag gelarna kesan nu maca, tapi ari gambaran obyékna mah sabisa-bisa kudu tetep luyu jeung kaayaan sabenerna.

Patali jeung éta hal, nurutkeun Widagdho (2000: 112-113) sakurangna aya genep wangun téks déskripsi. Ieu dipedar hiji-hijina.

a. Déskripsi Ékspositoris

Déskripsi ékspositoris nyaéta téks déskripsi anu ukur hayang méré nyaho hiji hal ka nu macana kalawan taya udagan sangkan gelar kesan nu tangtu dina diri nu macana.

b. Déskripsi Imprésionistik

Déskripsi imprésionistik nyaéta téks déskripsi anu ngudag tujuan sangkan gelar kesan nu tangtu dina diri nu macana, kayaning resep, sieun, geuleuh, jsté. Sangkan éta udagan kahontal, nu nulis kudu némbongkeun atawa ngadadarkeun obyék sajéntré-jéntréna, panceg, jeung satékah polah karasa hirupna. Carana mah bisa ku ngagunakeun pilihan kecap anu méréna (pas) tepi ka kalimahna bisa ngahadirkeun obyék nu dicaritakeun ka hareupeun nu macana.

c. Déskripsi Sugésti

Déskripsi sugésti nyaéta téks déskripsi anu nyiptakeun daya hayal (imajinasi) nu macana ngaliwatan ungkara-ungkara pinilih pikeun ngagambarkeun ciri, sipat, jeung watek hiji obyék.

d. Déskripsi Téhnis

Déskripsi téhnis nyaéta téks déskripsi anu mérélekeun idéntifikasi atawa informasi ngeunaan hiji obyék nepi ka nu maca bisa kenal kana obyék nu didadarkeun nalika panggih langsung jeung obyékna.

e. Déskripsi Tempat

Déskripsi tempat nyaéta téks déskripsi anu nyantélkeun dadaran perkara hiji tempat kana kajadian atawa hal anu dicaritakeun dina hiji obyék. Ari tempat téh mibanda peran anu kawilang penting dina unggal kajadian. Unggal carita salawasna mibanda kasang tukang tempat.

f. Déskripsi Jalma

Déskripsi jalma nyaéta téks déskripsi anu patali jeung dadaran obyék anu mangrupa jalma. Dadaran perkara jalma téh lain baé kumaha anatomina, tapi deuih budi parangi jeung aspék kajiwaan anu dipibandana.

3. Pamarékan Téks Déskripsi

Nurutkeun Finoza (2009: 241), pamarékan dina ngadéskripsikeun hiji hal téh bisa diklasifikasikeun jadi tilu pamarékan, ngawengku pamarékan réalistic, imprésionalistic, jeung dumasar sikep nu nulisna. Ieu dipedar hiji-hijina.

a. Pamarékan Réalistis

Dina pamarékan réalistic, nu nulis ngusahakeun sangkan déskripsi anu ditulisna luyu jeung kaayaan sabenerna saobyéktif-obyéktifna. Unggal bagian didadarkeun méh kawas dipotrét aslina. Sok sanajan, taya déskripsi anu bisa sarua persis jeung kaayaan sabenerna sakumaha anu katingali ku panon.

b. Pamarékan Imprésionalistis

Imprésionalistis téh mangrupa pamarékan anu ngusahakeun sangkan gambaran hiji hal kalawan subyéktif luyu jeung imprési nu nulisna.

Nu nulis satékah polah ngagambarkeun hiji hal dumasar kesan anu dicangkingna, sipatna subyéktif. Bagian-bagian anu didésripsikeun téh ku nu nulis dipilah-pilah atawa diseléksi kalawan gemet, terus diinterpréasikeun. Fakta-fakta anu dipilih dicantélkeun jeung udagan éfék anu hayang ditémbongkeun.

c. Pamarékan Sikep Nu Nulisna

Pamarékan dumasar sikep nu nulisna gumantung kana udagan anu hayang dihontal, sipat obyékna, jeung nu macana. Nu nulis kudu panceg heula dina aspék sikep nu hayang ditémbongkeun. Rincian ngeunaan hiji hal anu taya pakaitna atawa baris nimbulkeun ambigu kudu disingkahan ku nu nulis

4. Conto Téks Déskripsi

Sadérék guru basa Sunda, ieu di handap aya conto téks (wacana) anu kaasup kana wangun téks déskripsi.

Kasénian Celempung Ti Cibuluh Kab. Subang

Pikeun hidep anu sapopoéna hirup di kota, tangtu bakal anéh ngadéngé kasénian celempung. Tapi pikeun barudak lembur Bolang, Cibuluh Kab. Subang mah celempung téh geus jadi kaulinanana sapopoé. Pikeun nambahan pangawéruh hidep kana kasénian Sunda, regepkeun geura ieu pedaran!

Celempung téh hiji alat waditra anu bahanna tina awi, bisa awi hideung, awi tali, awi gombong, atawa awi naon baé. Awi nu rék dijieun celempung, mangrupa awi guluntungan, panjangna dua buku atawa dua ruas. Bagéan puhuna dibolongan, kitu deui bagéan tengahna. Hinis bagian hareu disebit, atawa dicokél kalayan legana hinis nu disebit kira-kira sagedé curuk kolot. Hinis nu disebit lobana dua lambar, jarakna opat sénti. Anu tukang ditunjel bagian tengahna, demi hinis bagéan hareup

maké babantal, rubakna 4 cm, panjangna 4,5 cm, dipasang lebah liang resenator.

Hinis anu tukang minangka kawat atawa senarna, ari anu hareup pungsina keur ngagoongan. Bolong bagéan puhu beulah kénca pungsina keur ngandangan.

Di wewengkon kampung Bolang Cibuluh, seni celempung ku alpukahna komunitas "Hong" pimpinan Moch. Zaini diadumaniskeun jeung keprak sarta dieuyeuban ku dogdog. Pangna dirarankénan ku keprak jeung dogdog sangkan leuwih euyeub tur dinamis.

Seni celempung asalna mah lain seni pintonan, tapi mangrupa alat keur kaulinan atawa cocooan barudak. Méh di saban lembur dina mangsa urang Sunda masih kénéh dalit jeung dapuran awi, alat kaulinan téh réréana mah tina awi di antarana alat kaulinan anu sok dipaké mirig kakawihan nya éta celempung.

Biasana celempung dipaénkeunana ku sorangan, atawa dina wangun tunggal, éta téh magrupa gambaran masarakat pahumaan, nu hirupna loba nyorangan. Teu anéh mun di lingkungan masarakat pahumaan medak alat-alat kasenian nu bisa dipaénkeun ku sorangan. Seni celempungan nu geu ditata jadi seni pintonan, henteu dipidangkeun kalawan tunggal, tapi dina wangun énsamble. Éta téh cenah mah sangkan sorana mibanda warna anu rupa-rupa. Enya baé seni celempungan nu geus diolah ku komunitas "Hong" téh bisa ngahasilkeun wanda anyar. Sakapeun sorana ngaharib-harib sora réak, sakapeung kawas nu réréogan, tapi sora celempungan kadéngé masih kénéh atra. Tapi palebah helaran, sora celempung kasilep ku sora dogdog. Dina lebah dieu boh jumlah boh ukuran celempung kudu leuwih undak, sangkan bisa ngimbangan sora dog-dog.

Seni celempung lian ti keur pakét pintonan, ogé keur lahan atikan. Ngaliwatan seni celempung, komunitas "Hong" hayang méré atikan ka barudak sangkan mikawanoh kana banda budayana. "Sanajan jauh ka dayeuh, ari pangaruh budaya deungeun mah geus mahabu

Ku asupna télévisi ka padésaan, barudak geus dibibita ku rupa-rupa hiburan jeung alat kaulinan nu teu luyu jeung jati dirina. Mudah-mudahan wé ari hantem dikeureuyeuh mah diwanohkeun kana seni jeung kaulinan tradisi, barudak jeung kaum rumaja téh mibanda rasa kanyaah jeung kareueus kana budayana. Sabenerna lain keur hidep anu hirup di pilemburan wungkul harepan saperti kitu téh, pangpangna mah keur hidep anu hirup di kota-kota, nu sapopoéna eus méh cul pisan kana seni jeung kaulinan tradisi. Sanajan henteu bari jeung prakna tapi minimal geus kungsi nyaho yén hasanah kasenian Sunda téh pohara beungharna, salahsahijina nya éta seni celempung.

(dicutat tina “Suara Cangkurileung”, No. 197/ 2008)

D. Kegiatan Diajar

Kalawan gurat badag, kegiatan diajar anu kudu dilaksanakeun ku Sadérék ngawengku kegiatan-kegiatan:

1. niténan tujuan jeung indikator;
2. maca pedaran matéri ngeunaan téks déskripsi;
3. diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén;
4. maca tingkésan matéri;
5. néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén; jeung
6. tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kegiatan diajar 5.

E. Latihan

Sangkan pangawéruh ibu sareng bapa guru ngeunaan wangun jeung eusi karangan deskripsi leuwih jero jeung onjoy, prak pigawé kalawan gemet ieu latihan di handap.

1. Tétélakeun watesan téks déskripsi, boh nurutkeun para ahli boh nurutkeun pamanggih sorangan!
2. Tataan rupa-rupa wangun téks déskripsi!
3. Tatan rupa-rupa pamarékan dina nulis téks déskripsi!

Keur ngajawab latihan nomer 4 jeung 5, Titénan téks ieu di handap!

Celempung téh hiji waditra anu bahanna tina awi, bisa awi hideung, awi tali, awi gombong, atawa awi naon baé. Awi nu rék dijieun celempung, mangrupa awi guluntungan, panjangna dua buku atawa dua ruas. Bagéan puhuna dibolongan, kitu deui bagéan tengahna. Hinis bagian hareup disebit, atawa dicokél kalayan legana hinis nu disebit kira-kira sagedé curuk kolot. Hinis nu disebit lobana dua lambar, jarakna opat sénti. Anu tukang ditunjel bagian tengahna, demi hinis bagéan hareup maké babantal, rubakna 4 cm, panjangna 4,5 cm, dipasang lebah liang resenator. Hinis anu tukang minangka kawat atawa senarna, ari anu hareup pungsina keur ngagoongan. Bolong bagéan puhu beulah kénca pungsina keur ngandangan.

4. Tina naon jeung kumaha cara nyieun celempung téh?
5. Kaasup kana wangun karangan déksipsi jeung pamarékan naon éta téks téh? Tétélakeun alesanana!

F. Tingkésan

Téks déskripsi téh nyaéta wangun karangan anu sajéntréna ngagambarkeun hiji hal ngaliwatan kekecapan anu méréhah luyu jeung gambaran saéstuna tina éta obyék nepi ka informasi nu ditétélakeun bisa ngahirupkeun kesan jeung daya hayal anu jero pikeun nu maca.

Téks déskripsi téh wangunna aya genep rupa, ngawengku: 1) Déskripsi Ékspositoris; 2) Déskripsi Imprésionistik; 3) Déskripsi Sugésti; 4) Déskripsi Téhnis; 5) Déskripsi Tempat; jeung 6) Déskripsi Jalma.

Pamarékan dina ngadéskripsikeun hiji hal téh bisa diklasifikasikeun jadi tilu pamarékan, ngawengku pamarékan réalistis, imprésionalistis, jeung dumasar sikep nu nulisna.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Hasil pagawéan dina bagian latihan téh jawabanana bandingkeun atawa luyukeun kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah Jawaban Bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90–100%	=	alus pisan
80–89%	=	alus
70–79%	=	cukup
60–69%	=	kurang

Upama Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 5. Tapi, upama tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 6

TÉKS ÉKSPOSISI

A. Tujuan

1. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon diklat mampu ngécéskeun hakékat téks éksposisi kalawan taliti.
2. Sanggeus migawe latihan, pamilon diklat mampu ngécéskeun ciri-ciri téks éksposisi kalawan bener.
3. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngécéskeun wangun téks éksposisi kalawan bener.
4. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu nétélakeun eusi téks (wacana) éksposisi basa Sunda kalawan bener.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngécéskeun hakékat téks éksposisi.
2. Ngécéskeun ciri-ciri téks éksposisi.
3. Ngécéskeun wangun téks éksposisi.
4. Nétélakeun eusi téks (wacana) éksposisi basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Téks Éksposisi

Keraf (2007: 136) nétélakeun yén téks éksposisi atawa bahasan nyaéta wangun tulisan atawa rétorika anu nérangkeun atawa ngabéjérbéaskeun hiji poko pikiran anu bisa mekarkeun sawangan atawa wawasan nu macana. Nurutkeun Semi (1993), téks éksposisi téh nyaéta tulisan atawa karangan anu: (1) méré pangawéruh; (2) ngajawab pasualan naon, naha, iraha, jeung sajabana; (3) ditepikeunana ngagunakeun basa anu baku; jeung (4) ngagunakeun nada nétral, teu mihak jeung maksakeun sikep nu nulisna ka nu macana.

Ari Nurutkeun Suparno (2007), téks éksposisi téh nyaéta karangan anu mibanda tujuan utama pikeun méré nyaho, mesek, ngadadarkeun atawa nétélakeun hiji hal.

Tina sawatara watesan di luhur, bisa ditétlakeun yén téks éksposisi mangrupa karangan anu ngusahakeun ngabéjérbéaskeun hiji hal kalawan tujuanana pikeun mertélakeun, sangkan dipikanyaho ku balaréa. Téks éksposisi eusina bisa mangrupa konsép-konsép jeung logika anu kudu dituturkeun ku nu macana atawa nu narima amanatna. Ku éta hal, sangkan bisa maham kana eusi téks éksposisi, nu maca mérélukeun prosés mikir.

Karangan atawa tulisan anu kagolongkeun kana wanda téks éksposisi téh rupa-rupa. Contona nyaéta sabagian gedé buku téks, tulisan pituduh (*manual*) cara nyieun atawa ngagunakeun hiji hsa, makalah, skripsi, kamus, buku resep masak, sawatara berita dina koran, majalah, atawa tabloid, jeung salian ti éta.

Dina prakna yusun téks éksposisi biasana aya sawatara léngkah anu kudu dicumponan. Léngkah-léngkah dina nyusun téks éksposisi téh di antarana nangtukeun téma atawa topik, nangtukeun tujuan patali jeung topik anu dipilihna, nangtukeun matéri anu dirumuskeun jadi puseur pamikiran, jeung milih pola anu luyu pikeun mékarkeun pamikiran. Sabada éta léngkah-léngkah kahontal, bisa dituturkeun ku nyusun rangkay karangan luyu jeung topik anu dipilih, turta ditutup ku kagiatan mekarkeun paragraf kalawan lengkep anu ngawengku puseur pamikiran jeung pamikiran pangrojongna.

2. Ciri-ciri Téks Éksposisi

Sakumaha wangun karangan nu lianna, téks éksposisi ogé mibanda ciri-ciri anu tangtu. Nurutkeun Yunus (2008), ciri-ciri téks éksposisi téh ngawengku:

- 1) ngajéntrékeun atawa nétélakeun atawa ngabéjérbéaskeun hiji puseur pamikiran;
- 2) mekarkeun sawangan atawa pangawéréh nu maca perkara hal anu ditétlakeun dina karangan (nu dibacana); jeung
- 3) henteu miboga udagan pikeun mangaruhan atawa ngajak perkara hiji hal ka nu maca.

Ari nurutkeun Keraf (2007), ciri-ciri téks éksposisi téh ngawengku:

- 1) mangrupa tulisan anu méré pangawéruh;
- 2) ngajawab pasualan naon, naha, iraha, jeung sajabana;
- 3) ditepikeunana ngagunakeun basa anu baku; jeung
- 4) ngagunakeun nada nétral, teu mihak jeung maksakeun sikep nu nulisna ka nu macana.

3. WangunTéks Éksposisi

Wangun-wanguntéks éksposisi baris patali jeung pola mekarkeun karanaganana. Ku éta hal, aya opat wangun téks éksposisi, ngawengku éksposisi analitis, éksposisi klasifikasi, éksposisi prosés jeung ilustrasi, jeung éksposisi pola conto.

a. Téks éksposisi Analitis

Téks éksposisi analitis nyaéta téks éksposisi anu nerangkeun hiji hal ku cara analisa atawa dibéjérbéaskeun kalawan rinci tur samakta. Dina nyusun téks éksposisi analitis, nu nulis bisa ngalakukeun analisis nu didadasaran ku konsép atawa prinsip anu tangtu. Prinsip atawa konsép anu dijadikeun dadasar pikeun analisis téh kudu panceg atawa teu meunang robah-robah.

b. Téks éksposisi Klasifikasi

Téks éksposisi klasifikasi nyaéta téks éksposisi anu dimekarkeun dumasar hiji katégori umum (*general class*) disawang tina puseur sawangan anu tangtu. Éta katégori umum téh bisa dituturkeun atawa dieuyeuban ku katégori-katégori lianna anu bisa leuwih ngajéntrékeun hiji hal. Katégori-katégori lianna anu leuwih husus téh sipatna subordinatif tina katégori umum.

c. Téks éksposisi Prosés jeung Ilustrasi

Téks éksposisi prosés jeung ilustrasi nyaéta téks éksposisi anu ngagambarkeun (ilustratif) kalawan basajan perkara hiji hal. Bisa ogé disebutkeun mangrupa wangun konkrét (nyata) tina hiji idé anu abstrak jeung lega (kompléks). Ngaliwatan téks éksposisi prosés jeung

ilustrasi, konsép anu rumit téh bisa ditétélakeun kalawan basajan. Biasana, dina téks éksposisi prosés jeung ilustrasi digunakeun frasa-frasa panyambung.

d. Téks éksposisi Pola Conto

Téks éksposisi pola conto mibanda pungsi pikeun leuwih ngajéntrékeun hiji pertélaan, hususna anu sipatna abstrak. Dina téks éksposisi pola conto diperelukeun pisan pakakas panyambung conto. Ciri nu panggampangna kapanggih pakakas panyambung conto téh digunakeunana kekecapan *contona, misalna, upamana, saperti, kayaning*, jeung salian ti éta

4. Conto Téks Éksposisi

Sadérék guru basa Sunda, ieu di handap aya conto téks (wacana) anu kaasup kana wangun téks éksposisi. Titténan kalawan saregep!

Basa Lisan Jeung Tulisan

Lamun urang Sunda geus henteu ngagunakeun deui basa Sunda, basa Sunda baris disebut basa paéh cara basa Yunani, Sangsekerta jeung Kawi. Lamun geus kitu naha aya kénéh nu disebut urang Sunda atawa (suku) bangsa Sunda? Lamun nyekel kana kacapangan “basa téh cicirén bangsa” tanwandé moal aya deui nu disebut urang Sunda atawa bangsa Sunda téh. Kuring kungsi nuduhkeun yén lamun nu dipimaksud ku bangsa di dinya téh sarua jeung nation, kaliru, da éta paribasa anu dipulung tina paribasa Malayu mah nuduhkeun *orang berbangsa*, nu hartina sarua jeung bangsawan anu basana rapih, da kungsi diajar métakeunana luyu jeung aturan.

Tapi aya-henteuna urang Sunda mah meunang gumantung kana hirup henteuna basa Sunda. Lamun basa Sunda kagolongkeun kana basa nu geus paéh, atuh urang Sunda gé baris henteu aya di kieuna deui. Ayana urang Sunda gumantung kana ayana basa Sunda. Tapi naha urang Sunda saladareun yén éksisténsina gumantung kana basa anu ku maranéhanana ayeuna henteu dianggap penting? Sabab ari kamurnian darah mah geus henteu bisa dicekel deui, bubuhan ceuk paribasa gé

cinta mah buta (lolong, lain danawa), lamun geus neundeun katineung sok tara tatanya asal-usulna deui. Ari gok, pruk wéh. Komo da ayeuna mah barogaeun anggapan yén cinta mah bébas. Jodo mah sok tara pancakaki!

Basa Sunda téh basa nu digunakeun ku urang Sunda sapopoé. Ayeuna masih sering kénéh digunakeun dina gunem catur sapopoé, pangpangna di pilemburan. Di kota mah, urang Sunda umumna ngarasa leuwih géngsi lamun ngagunakeun basa Indonésia dalah di lingkungan kulawargana: jeung anakna, jeung salakina atawa pamajikanana.

Basa Sunda lain ngan dipaké gunem-catur kalawan lisan baé. Tradisi maca jeung nulis dina basa Sunda geus mangabad-abad umurna. Naskah nu pangkuna asalna ti abad ka-16. Ditulis ku aksara nu ayeuna disebut aksara Sunda Kuna. Sabada dijajah ku Mataram, basa Sunda gé sok ditulis ku aksara Jawa (hanacaraka). Malah sabada aya sakola anu diadegkeun ku Walanda mah nya aksara Jawa nu diajarkeun téh, nepi ka réa urang Sunda anu nyangka hanacaraka téh aksara Sunda pituin. Salian ti éta basa Sunda sok ditulis ku aksara Arab pegon atawa Arab gundul. Ayeuna mah prah basa Sunda ditulisna maké aksara Latén.

Naskah-naskah anu kapanggih di tatar Sunda, lain ngan anu ditulis dina basa Sunda baé. Réa naskah anu ditulis dina basa Jawa jeung Malayu deuih, boh nu ditulis ku aksara Arab Pégon, aksara Jawa (hanacaraka), boh nu ditulis ku aksara Latén. Nuduhkeun yén urang Sunda sok maké basa séjén salian ti basana sorangan.

Cek para ahli pernaskahan, nu ditulis dina basa Sunda Kuna maké aksara Sunda Kuna téh henteu nepi ka 200 naskah jumlahna. Tur naskah anu sakitu téh réréana masih tacan kabaca ku ahlinana, da di jagat goromyangan anu sakieu legana téh anu bisaun maca aksara Sunda Kuna ayeuna moal nepi ka 10 urang. Tur kabéhanana geus katalian ku pancén masing-masing nu taya patalina jeung naskah Sunda Kuna., ku kituna maca naskah Sunda Kuna mah henteu jadi pagawéanana sapopoé, da lamun manéhna museurkeun perhatian kana macaan naskah Sunda Kuna, moal bisaun hirup. Bubuhan macaan naskah

Sunda Kuna mah henteu bisa dijadikeun pacarian anu ngahasilkeun napakah.

Padahal éta naskah-naskah téh ditulisna dina dangdaunan anu geus disimpen leuwih ti saabad, réréana geus raruksak. Lamun nepi ka ancur téh, urang Sunda nu jadi ahli waris éta naskah, lapur moal terangeun kana eusina. Mangkaning tina sawatara naskah anu geus kaburu dibaca sarta dibuka eusina ku para ahli, naskah-naskah Sunda téh marunel sabab réa ngaguar masalah étika nu ngagambarkeun palasipah hirup urang Sunda sapopoé.

Aya kaagul urang Jawa kana naskah-naskah basa Kawi anu disebut Jawa Kuna. Aya kaagul urang Bugis kana naskah *La Galigo* anu mangrupa épik nu pangpanjangna sadunya. Tapi tacan kadéngé aya urang Sunda anu agul ku naskah-naskah titinggal karuhunna. Da mun seug aya, tangtu baris ngusahakeun mukakeun naskah-naskah Sunda Kuna téa, paling henteu anu masih kénéh bisa dibaca. Antarana ku jalan ngusahakeun sangkan para ahlinu anu ngan saeutik téa bisa junun nyanghareupan éta naskah.

(dicutat tina *Cupumanik* No. 2/2003, kaca 50 – 52)

D. Kegiatan Diajar

Sangkan mampu ngahontal tujuan sakumaha ditétélakeun di luhur, para guru dipiharep ngalaksanakeun kagiatan diajarkalawan daria.

Kalawan gurat badag, kagiatan diajar anu kudu dilaksanakeun ku Sadérék ngawengku kagiatan-kagiatan:

1. niténan tujuan jeung indikator;
2. maca pedaran matéringeunaan téks éksposisi;
3. diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén;
4. maca tingkésan matéri;
5. néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén; jeung
6. tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 6.

E. Latihan

Sangkan pangawéruh ibu sareng bapa guru ngeunaan wangun jeung eusi karangan deskripsi leuwih jero jeung onjoy, prak pigawé kalawan gemet ieu latihan di handap.

1. Tétélakeun watesan téks éksposisi, boh nurutkeun para ahli boh nurutkeun pamanggih sorangan!
2. Tataan rupa-rupa wangun téks éksposisi!
3. Tétélakeun ciri-ciritéks éksposisi!

Pikeun ngajawab latihan nomer 4 jeung 5, Titénan sempalan wacana éksposisi ieu di handap!

Basa Sunda lain ngan dipaké gunem-catur kalawan lisan baé. Tradisi maca jeung nulis dina basa Sunda geus mangabad-abad umurna. Naskah nu pangkunaan asalna ti abad ka-16. Ditulis ku aksara nu ayeuna disebut aksara Sunda Kuna. Sabada dijajah ku Mataram, basa Sunda gé sok ditulis ku aksara Jawa (hanacaraka). Malah sabada aya sakola anu diadegkeun ku Walanda mah nya aksara Jawa nu diajarkeun téh, nepi ka réa urang Sunda anu nyangka hanacaraka téh aksara Sunda pituin. Salian ti éta basa Sunda sok ditulis ku aksara Arab pegon atawa Arab gundul. Ayeuna mah prah basa Sunda ditulisna maké aksara Latén.

Naskah-naskah anu kapanggih di tatar Sunda, lain ngan anu ditulis dina basa Sunda baé. Réa naskah anu ditulis dina basa Jawa jeung Malayu deuih, boh nu ditulis ku aksara Arab Pégon, aksara Jawa (hanacaraka), boh nu ditulis ku aksara Latén. Nuduhkeun yén urang Sunda sok maké basa séjén salian ti basana sorangan.

Cek para ahli pernaskahan, nu ditulis dina basa Sunda Kuna maké aksara Sunda Kuna téh henteu nepi ka 200 naskah jumlahna. Tur naskah anu sakitu téh réréana masih tacan kabaca ku ahlinana, da di jagat goromyangan anu sakieu legana téh anu bisaun maca aksara Sunda Kuna ayeuna moal nepi ka 10 urang. Tur kabéhanana geus katalian ku pancén masing-masing nu taya patalina jeung naskah Sunda Kuna.

4. Idé poko dina sempalan wacana éksposisi di luhur nyaéta

5. Kumaha kaayaan naskah-naskah Sunda kuno ceuk dina éta sempalan wacana éksposisi?

F. Tingkésan

Téks éksposisi mangrupa karangan anu ngusahakeun ngabéjérbéaskeun hiji hal kalawan tujuanana pikeun mertélakeun, sangkan dipikanyaho ku balaréa. Téks éksposisi eusina bisa mangrupa konsép-konsép jeung logika anu kudu dituturkeun ku nu macana atawa nu narima amanatna. Ku éta hal, sangkan bisa maham kana eusi téks éksposisi, nu maca mérélukeun prosés mikir.

Ciri téks éksposisi di antarana (1) méré pangawéruh; (2) ngajawab pasualan naon, naha, iraha, jeung sajabana; (3) ditepikeunana ngagunakeun basa anu baku; jeung (4) ngagunakeun nada nétral, teu mihak jeung maksakeun sikep nu nulisna ka nu macana.

Wangun-wanguntéks éksposisi baris patali jeung pola mekarkeun karanaganana. Ku éta hal, aya opat wangun téks éksposisi, ngawengkuéksposisi analitis, éksposisi klasifikasi, éksposisi prosés jeung ilustrasi, jeung éksposisi pola conto.

G. Uji balik jeung Lajuning Laku

Hasil pagawéan dina bagian latihan téh jawabanana bandingkeun atawa luyukeun kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap pangabisaSadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah Jawaban Bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90–100%	=	alus pisan
80–89%	=	alus
70–79%	=	cukup
60–69%	=	kurang

UpamaSadérékngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 7. Tapi, upama tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar 6, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 7

TÉKS ARGUMÉNTASI

A. Tujuan

1. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon diklat mampu ngécéskeun hakékat téks arguméntasi kalawan bener.
2. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu ngécéskeun ciri-ciri téks arguméntasi kalawan taliti.
3. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngécéskeun struktur téks arguméntasi kalawan bener.
4. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampu nétélakeun eusi téks (wacana) arguméntasi basa Sunda kalawan bener.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

- a. Ngécéskeun hakékat téks arguméntasi.
- b. Ngécéskeun ciri-ciri téks arguméntasi.
- c. Ngécéskeun struktur téks arguméntasi.
- d. Nétélakeun eusi téks (wacana) arguméntasi basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Téks Arguméntasi

Nurutkeun Keraf (2007: 3), téks arguméntasi nyaéta wangun rétorika anu ngusahakeun pikeun mangaruhan sikep jeung sawangan nu maca, sangkan percaya anu tungtungna ngalakukeun paripolah luyu jeung anu dipikahayang nu nulis. Pon kitu deui nurutkeun Gunawan (2009), téks arguméntasi nyaéta karangan anu ditulis atawa dimekarkeun kalawan tujuan pikeun ngayakinkeun nu maca.

Ari nurutkeun Iskandar (2008), téks arguméntasi téh nyaéta wangun karangan anu ngébréhkeun idé, pamikiran, atawa sawangan nu nulisna kalawan dideudeul ku bukti-bukti jeung fakta (enya-enya kajadian).

Ku éta hal, téks arguméntasi bisa disebutkeun mangrupa karangan anu ngabuktikeun bener-henteuna hiji pasualan. Pikeun nguatan idé atawa sawanganana, nu nulis ngébréhkeun data-data pangrojongna.

Tujauanna sangkan nu maca bisa leuwih yakin perkara bebeneran nu ditepikeun ku nu nulis.

Kalawan umum, watesan-watesan téks arguméntasi anu diébréhkeun ku para ahli basa téh mibanda sasaruuan. Ku éta hal, bisa dicindekkeun yén téks arguméntasi téh nyaéta wangun karangan anu ngébréhkeun sawangan nu nulisna perkara hiji pasualan atawa hal sangkan mangaruhan nu maca pikeun nangtukeun sikep jeung cara mikirna ngeunaan hiji hal.

Ku sabab aya udagan mangaruhan nu maca sangkan nangtukeun sikepna, dasar téks arguméntasi mah mikir kritis jeung logis. Téks arguméntasi kudu ngambahan tina fakta-fakta (évidénsi-évidénsi) nu nyampak. Ngaliwatan arguméntasi, nu nulis ngusahakeun nyusun éta fakta-fakta nepi ka mampuh némbongkeun atawa nétélakeun hiji sawangan téh bener-henteuna.

Salian ti éta, nurutkeun Keraf (2007: 101-102), dasar téks arguméntasi di antarana:

- a) nu nulis saeutikna kudu mikaweruh subyék anu dit'etélakeunana, misalna perkara prinsip-prinsip ilmiahna;
- b) nu nulis kudu haat nimbang-nimbang sawangan atawa pamanggih nu patukangtonggong jeung sawanganana;
- c) nu nulis kudu ngusahakeun nepikeun hal anu jadi puseur sawanganana kalawan écés;

- d) nu nulis kudu niténan deui pasaratan-pasaratan nu diperelukeun kénéh ku pasualan nu dibahasna, nepi ka mana bebeneran tina sawangan nu geus dirumuskeun;
- e) jeung tina sajumlahing maksud jeung tujuan anu dikandung ku pasualan nu diécéskeun, kudu dipilah mana anu leuwih méréhah atawa nyugemakéun nu nulis pikeun ditétélakeun.

Nurutkeun Keraf (2007: 103), éta dadasar téks arguméntasi kudu napak dina sasaran:

- 1) téks arguméntasi kudu ngandung bebeneran pikeun ngarobah sikep atawa keyakinan nu macana perkara topik anu diarguméntasikeun;
- 2) nu nulis kudu ngusahakeun nyingkahan munculna istilah-istilah anu ngabalukarkeun gelarna prasangka nu tangtu;
- 3) nu nulis kudu netepkeun kalawan panceg titik kateusapukkan anu baris diarguméntasikeun.

2. Ciri Téks Arguméntasi

- a) Téks arguméntasi mibanda ciri-ciri anu tangtu anu ngabédakeun jeung wangun karangan lianna. Nurutkeun Achmadi (1988: 91), ciri-ciri téks arguméntasi téh nyaéta:
- b) nyempad hiji usul atawa pernyataan kalawan teu dibarengan ku udagan pikeun ngayakinkeun atawa mangaruhan nu maca sangkan biluk ka salasahiji pihak, tujuan pangpokona ukur nepikeun sawangan;
- c) ngécéskeun alesdan atawa cempadan kalawan mangaruhan nu maca sangkan milu satuju;
- d) ngusahakeun pikeun ngungkulan pasualan; jeung
- e) ngadiskusikeun hiji pasualan kalawan taya udagan pikeun ngahontal hiji kacindekan anu tangtu.

Ari nurutkeun Gunawan (2009), ciri-ciri karangan téks arguméntasi téh nyaéta:

- a) nétélakeun sawangan sangkan nu maca yakin;
- b) mérélukeun fakta pikeun jadi bahan ngabuktikeun sawangan, bisa mangrupa gambar, grafik, jsté;
- c) ngagali sumber idé tina hasil niténan, pangalaman, jeung panalungtikan;
- d) ngandung data jeung fakta anu bisa dipertanggungjawabkeun;
- e) pertélaanana diébréhkeun kalawan écés; jeung
- f) panutupna mangrupa kacindekan.

3. Struktur Téks Arguméntasi

Dasar karangan anu sipatna arguméntasi téh mikir kritis jeung logis. Ku éta hal, diperlukeun data-data anu akurat nepi ka ngahasilkeun tuturan anu logis pikeun nyusun kacindekan anu bisa dipertanggungjawabkeun. Hal sarupa kitu dipangaruhan ku sipat arguméntasina sorangan anu mérélukeun dadasar kayaning proposisi, inférénsi jeung implikasi, sarta wujud évidénsi. Ieu di handap dipedar hiji-hijina.

a. Proposisi

Proposisi téh patali jeung kalimah-kalimah déklaratif anu wangunna sawangan atawa kacindekan dina hubunganana jeung prosés mikir. Proposisi mangrupa pernyataan anu bisa dibuktikeun bebeneranana atawa dicawad sabab ayana kasalahan di jerona. Hiji pernyataan bisa dianggap bener nalika nyampak bahan-bahan atawa fakta-fakta pikeun ngabuktikeunana. Sabalikna ti éta, hiji pernyataan atawa pooposisi bisa dicawad atawa ditolak nalika nyampak fakta-fakta nu patukangtonggongna (Keraf, 2007: 5).

Éta hal téh patali ogé jeung konsép panalaran anu penting pisan dina téks arguméntasi. Nurutkeun Keraf (2007: 5), panalaran téh hiji prosés mikir anu ngusahakeun matalikeun fakta-fakta atawa évidénsi-évidénsi pikeun nyusun kacindekan. Panalaran téh teu ukur bisa diébréhkeun ngagunakeun fakta-fakta basajan (polos), bisa deuih ngagunakeun fakta-fakta anu geus dirumuskeun dina wangun kalimah-kalimah anu wangunna sawangan atawa kacindekan.

b. Inférensi jeung Implikasi

Fakta téh rupaning hal nu nyampak, boh paripolah nu dilakukeun boh kajadian-kajadian nu lumangsung, teu masualkeun kumaha sawangan jalma-jalma ngeunaan perkarana. Ari sawangan mah sabalikna, mangrup[ka kacindekan (inférensi), tinimbangan, jeung kayakinan hiji jalma kana fakta-fakta nu nyampak. Ku éta hal, inférensi téh nyaéta kacindekan anu diturunkeun tina naon hal atawa fakta-fakta anu nyampak. Implikasi mah tingkésanana, nyaéta hal anu dianggap aya sabab geus diragum tina fakta atawa évidénsina sorangan (Kéraf, 2007: 7-8).

c. Wujud Évidénsi

Unsur anu kawilang penting dina téks arguméntasi nyaéta évidénsi. Hakékatna, évidénsi téh sakabéh fakta anu nyampak, sakabéh panyaksén, informasi, otoritas, jeung sajabana, anu dipatalikeun pikeun ngabuktikeun hiji bebeneran. Fakta dina kalungguhanana salaku évidénsi teu bisa dipacorokkeun jeung pernyataan atawa paneges. Wujud évidénsi anu panghandapna biasana mangrupa data atawa informasi (Keraf, 2007: 8).

4. Conto Téks Arguméntasi

Ibu kalih Bapa guru basa Sunda, ieu di handap aya conto téks (wacana) anu kaasup kana wangun téks arguméntasi. Titénan kalawan saregep!

Mulangkeun Ciamis Ka Galuh

Urang Sunda mah geus *hamo bireuk* deui ka ngaran Ciamis téh. Umumna geus papada nyaho deuih, upama wewengkon jeung pamaréntahan Ciamis, baheula disebut Galuh, ngaran hiji karajaan di tatar Sunda. Bareng jeung robahna gelar karajaan jadi kabupaten, ngaran Galuh ogé diganti ku Ciamis.

Ari karajaan Galuh diadegkeunana téh ku Wretikandayun din awal abad ka-7 Masehi.

Puseur dayeuhna sarua disebut Galuh (tempat anu ayeuna disebut Karangmulyaan, kiduleun puseur dayeuh Ciamis), dumasar kana kecap “Galuh” anu hartina “Permata”.

Karajaan Galuh ngadeg nepi ka ahir abad ka – 16 M. Taun 1595 Galuh kaeréh ku Mataram. Tina karajaan terus dirobah jadi kabupaten Vassal (patalukan) Mataram. Antara taun 1705 nepi ka ahir abad ka – 18 Masehi, kabupaten Galuh aya dina kakawasaan kumpeuni (VOC). Nya ti mimiti awal abad ka – 19, ku pamarentah Hindia Walanda diasupkeun ka wilayah karesidenan Cirebon nepi ka taun 1915.

Basa kabupaten Galuh dicekel ku Bupati R.T.A Sastrawinata (1914 – 1935), dikaluarkeun deui ti wilayah karesidenan Cirebon. Pindahna ka wilayah karésidénan Priangan. Nya harita pisan (taun 1915), ngaran Galuh diganti jadi Ciamis.

Sanajan kitu, ngaran Galuh angger nyantél dina *sanubari* urang Galuh tug nepi ka kiwari. Dina *pakumbuhan* masarakat, kecap “Galuh” dipaké ngaran rupaning widang kagiatan. Upamana ngaran paguron luhur (Universitas Galuh), ngaran organisasi atawa pakumpulan wargi Galuh, Yayasan Galuh Taruna, Asrama Mahasiswa Galuh (diYogyakarta), jeung réa-réa deui éta téh ngébréhkeun upama masarakat leuwih *reueus* maké

ngaran Galuh ti batan Ciamis. Pikeun urang Galuh mah, éta kareueus téh beunang disebutkeun natrat sapanjang jaman, lain duméh kiwari loba urang Sunda anu ngadurényomkeun deui masalah jati diri.

Upama urang Galuh reueus kana ngaran Galuh, lain ngandung harti yén urang Galuh ngeukeuwuek sukuisme. Wajar wé sabab ngébréhkeun sikep ngamumulé jati diri, teu lali ka *purwadaksi*. Urang Galuh kudu miboga tabéat anu loyog jeung palasipah kagaluhan.

Kecap "Galuh" miboga harti nu jero iwal ti harti anu disodorkeun ku Vander Meulen. Ngaran Galuh miboga ajén nu luhur tur biasa dijieun pameungkeut pamageuh duduluran pangpangna papada urang Galuh. Ku kituna, mugia Caimis dipulangkeun deui ka Galuh.

(dicutat tina "Cupumanik" no. 8 / 2004)

D. Kagiatan diajar

Sangkan mampu ngahontal tujuan sakumaha ditétélakeun di luhur, para guru dipiharep ngalaksanakeun kagiatan diajarkalawan daria. Kalawan gurat badag, kagiatan diajar anu kudu dilaksanakeun ku Ibu kalih Bapa ngawengku kagiatan-kagiatan:

1. niténan tujuan jeung indikator;
2. maca pedaran matéringeunaan Téks Arguméntasi;
3. diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén;
4. maca tingkésan matéri;
5. néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén; jeung
6. tanya jawab jeung fasilitaor lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 7.

E. Latihan

Sangkan pangawéruh ibu sareng bapa guru ngeunaan wangun jeung eusi téks arguméntasi leuwih jero jeung onjoy, prak pigawé kalawan gemet ieu latihan di handap.

1. Tétélakeun watesan téks arguméntasi, boh nurutkeun para ahli boh nurutkeun pamanggih sorangan!
2. Tétélakeun ciri-ciritéks arguméntasi!
3. Tétélakeun struktur téks arguméntasi!

Pikeun ngajawab latihan nomer 4 jeung 5, titénan sempalan wacana arguméntasi ieu di handap!

Upama urang Galuh reueus kana ngaran Galuh, lain ngandung harti yén urang Galuh ngeukeuwuek sukuisme. Wajar wé sabab ngébréhkeun sikep ngamumulé jati diri, teu lali ka purwadaksi. Urang Galuh kudu miboga tabéat anu loyog jeung palasipah kagaluhan.

Kecap "Galuh" miboga harti nu jero iwal ti harti anu disodorkeun ku Vander Meulen.

Ngaran Galuh miboga ajén nu luhur tur biasa dijieun pameungkeut pamageuh duduluran pangpangna papada urang Galuh. Ku kituna, mugia Caimis dipulangkeun deui ka Galuh.

4. Tétélakeun proposisi dina éta sempalan wacana arguméntasi!
5. Nurutkeun éta sempalan wacana arguméntasi, salian ti bisa dipaké miara sikep ngamumulé jati diri, harti Galuh téh bisa dipaké naon deui?

F. Tingkésan

Téks arguméntasi téh nyaéta wangun karangan anu ngébréhkeun sawangan nu nulisna perkara hiji pasualan atawa hal sangkan mangaruhan nu maca pikeun nangtukeun sikep jeung cara mikirna ngeunaan hiji hal.

Ciri-ciri karangan téks arguméntasi téh nyaéta nétélakeun sawangan sangkan nu maca yakin, mérélukeun fakta pikeun jadi bahan ngabuktikeun sawangan, bisa mangrupa gambar, grafik, jsté, ngagali sumber idé tina hasil niténan, pangalaman, jeung panalungtikan, ngandung data jeung fakta anu bisa dipertanggungjawabkeun, pertélaanana diébréhkeun kalawan écés; jeung panutupna mangrupa kacindekan.

Dasar karangan anu sipatna arguméntasi téh mikir kritis jeung logis. Ku éta hal, diperlukeun data-data anu akurat nepi ka ngahasilkeun tuturan anu logis pikeun nyusun kacindekan anu bisa dipertanggungjawabkeun.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Hasil pagawéan dina bagian latihan téh jawabanana bandingkeun atawa luyukeun kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap pangabisa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah Jawaban Bener}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal Sadérék:

90–100%	=	alus pisan
80–89%	=	alus
70–79%	=	cukup
60–69%	=	kurang

Upama Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 8. Tapi, upama tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar 7, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 8

STRUKTUR JEUNG KAEDAH TÉKS LAPORAN HASIL OBSERVASI

A. Tujuan

1. Sanggeus maca modul, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun wangenan téks laporan hasil observasi.
2. Sanggeus sawala, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun struktur téks hasil observasi.
3. Sanggeus sawala, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun kaédah téks hasil observasi.
4. Sanggeus sawala kelompok, pamilon diklat mampuh nyieun conto téks laporan hasil observasi.

B. Indikator Pencapaian Kompetensi

1. Ngajéntrékeun wangenan téks laporan hasil observasi.
2. Ngajéntrékeun struktur téks hasil observasi.
3. Ngajéntrékeun kaédah téks laporan hasil observasi.
4. Nyieun conto téks laporan hasil observasi dina pangajaran basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Téks Hasil Observasi

Téks hasil observasi mangrupa téks anu eusina paparan umum ngalaporkeun hasil observasi. téks laporan ieu téh disebut ogé téks klasifikasi, lantaran nyieun klasifikasi rupa-rupa hal (sasatoan, tutuwuhan, manusa, atawa peristiwa kajadian anu aya di alam dunya) dumasar kana ciri atawa kriteria anu geus ditangtukeun. Téks laporan hasil observasi sering dianggap sarua jeung téks déskripsi. Tapi, sabenerna mah téks laporan hasil observasi béda jeung téks déskripsi. Bédana, téks laporan hasil observasi mah sifatna global atawa universal, sedengkeun téks deskriptif mah sifatna unik atawa individualistis.

Dina nyieun téks hasil observasi, ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- a. Négétan heula naon-naon anu rék diobservasi anu raket patalina jeung eusi téks, diantaranya waé Négétan objék anu réks diobservasi. Objék anu réks diamati kudu objék tunggal;
- b. nyatet data anu diperlukeun, data anu dicatet kudu data anu akurat luyu jeung pengamatan data anu aya dina ambahan panalungtikan kiwari;
- c. lamun diperlukeun bisa dieuyeuban ku ngalakukeun wawancara jeung narasumber pikeun référénsi; jeung
- d. nyieun téks laporan hasil observasi. Dina nyieun téks laporan hasil observasi tinangtu kudu luyu jeung struktur sarta Kaedah (ciri-ciri) téks laporan observasi.

2. Struktur jeung Kaedah Téks Hasil Observasi

a. Struktur Téks Hasil Observasi

Ciri-ciri struktur anu hadé nyaéta disusun dumasar kana struktur téks pernyataan umum atawa klasifikasi dituturkeun ku anggota atawa aspék anu rék dilaporkeun. Struktur téks laporan hasil observasi ngawéngku ieu di handap.

1) Déskripsi Umum

Déskripsi umum mangrupa paragraf anu eusina penjéntréan sacara rinci saperti: wangenan objék anu réks ditalungtik, atawa ngaran lain tina objék anu rék ditalungtik. Eusi panganteur téks laporan hasil observasi ngeunaan penjéntréan umum atawa klarifikasi umum/definisi umum.

2) Déskripsi Bagian

Déskripsi bagian nyaéta paragraf atawa struktur anu eusina bagian-bagian tina objék anu rék ditalungtik. Eusi téks laporan hasil observasi aya dina déskripsi bagian.

3) Déskripsi Mangpaat

Déskripsi mangpaat nyaéta paragraf atawa struktur anu eusina mangpaat-mangpaat tina objék anu rék ditalungtik. Eusi panutup mangrupa kacindekan téks laporan hasil observasi.



Gambar 8. 1 Struktur Teks Laporan Hasil Observasi

Tengétan conto téks laporan hasil observasi ieu di handap!

Struktur Téks Laporan Hasil Observasi	Kalimah
Definisi Umum	Manuk japati nyaéta salah sahiji sasatoan anu rea hirup di ieu alam dunya. Manuk japati hirup dimana-mana iwal ti di Antartika. Manuk japati hirup babarengan jeung sasatoan séjénna tur hirup bareng jeung manusa.
Déskripsi Bagian	Manuk japati miboga ukuran awak anu sedeng, teu leuting teuing teu gede teuing. Ukuran panjang awak japati antara 20 cm nepi ka 30 cm sarta mibanda beurat antara 700 nepi



www.burungmerpati.com



merpatikolonglampung-galaxy.blogspot.com

ka 900 gram. Awak japati moboga daging anu kandel, beuheung anu pondok, tur pamatukna pondok ogé.

Manuk japati mibanda warna buu anu rupa-rupa, diantaranya waé: coklat, bodas, hideung, atawa warna-warni antara coklat, bodas, jeung hideung.

Kadaharan manuk japati, nyaéta: sisikian, jagong, béas, kacang hejo, jst. Manuk japati kaasup sasatoan anu kadaharanana téh sisikian.

Manuk japati biasana hirup di kanjeung dina wangun balok aya liangna anu wangunna persegi nu jadi pantona.

Dina habitat alam, manuk japati ngawangun imahna tina ranting, taneuh, jeung gdaunan, anu ditempatkeun di luhur tatangkalan. Ieu hal luyu jeung spesiesna. Sarang manuk japati sering ogé disebut pagupon. Pagupon biasana ditepelkeun di dinding imah.

Déskripsi Manpaat



www.merdeka.com



www.majalahburungpas.com

Manuk japati bisa dijadikeun manuk pikeun ngiluan lomba atawa kontes “kecantikan”. Lomba manuk japati sering aya dina balapan. Balapan biasana dilakukeun ku cara ngahiberkeun manuk japati tina jarak anu jauh sacara babarengan. Manuk japati anu pangheulana datang, éta anu jadi juarana.

Japati ogé sering dipaké pikeun ngalambangkeun “perdamaian”. Manuk japati sering digambarkeun keur nyényepeng daun zaitun. Zaman baheula mah manuk japati téh kungsi dipaké pikeun ngirim surat ku cara nalikeun éta surat dina sukuna.

Populasi manuk japati di Indonésia pohara pisan. Populasi japati, lolobana mangrupa sato piaraan, sedengkeun populasi manuk japati anu liar ngan saeutik. Ieu hal dibalukarkeun kurangna habitat manuk japati lantaran rongkahna pangwangunan.

b. KaédahTéks Laporan Hasil Observasi

- 1) bersipat global jeung universal;
- 2) mangrupa hasil panalungtikan kiwari;
- 3) ngagunakeun basa Sunda anu bener tur méréhah;
- 4) objék anu dicaritakeun atawa anu dijadikeun bahan bahasan nyaéta objék tunggal; jeung
- 5) teu aya panutup ti pangarang.

3.Léngkah-Léngkah Nyusun Téks Laporan Hasil Observasi

- a. Jieun judul laporan hasil observasi luyu jeung hasil observasi Saderék!
- b. Susun definisi umum nu mangrupa paragraf anu eusina penjéntréan sacara rinci saperti: wangenan objék anu réks ditalungtik, atawa ngaran lain tina objék anu rék ditalungtik. Eusi panganteur Téks laporan hasil observasi ngeunaan penjéntréan umum atawa klarifikasi umum/definisi umum.
- c. Susun déskripsi bagian anu eusina bagian-bagian tina objék anu rék ditalungtik. Eusi téks laporan hasil observasi aya dina déskripsi bagian.
- d. Susun déskripsi manfaat anu eusina manpaat-manpaat tina objék anu rék ditalungtik. Eusi panutup mangrupa kacindekan téks laporan hasil observasi.

Pancén:

Prak Saderék susun sacara mandiri conto Téks Laporan Observasi dina kolom anu geus disadiakeun! Téks Laporan Hasil Observasi bisa ngeunaan: sasatoan, tutuwuhan, barang, taman, laut, bumi, gunung, pasawahan, daratan, jst.

Struktur Téks Laporan Hasil Observasi	Déskripsi Téks Laporan Hasil Observasi
Definisi Umum	
Déskripsi Bagian	
Déskripsi Mangpaat	

Tabel 3.2 Teks Laporan Observasi 1

D. Aktivitas Diajar

Aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Struktur jeung Kaedah Teks Laporan Hasil Observasi*.
3. Sawala kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca raguman matéri.
5. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 8.

E. Latihan/Pancén

1. Jéntrékeun sacara singget wangenan téks hasil observasi!
2. Tuliskeun struktur téks laporan hasil observasi!
3. Tuliskeun kaédahtéks laporan hasil observasi!
4. Jieun conto téks laporan hasil observasi dina pangajaran basa Sunda!

F. Tingkesan

Téks hasil observasi mangrupa téks anu eusina paparan umum ngalaporkeun hasil observasi. Téks laporan ieu téh disebut ogé téks klasifikasi, lantaran nyieun klasifikasi rupa-rupa hal (sasatoan, tutuwuhan, manusa, atawa peristiwa kajadian anu aya di alam dunya) dumasar kana ciri atawa kriteria anu geus ditangtukeun. Téks laporan hasil observasi seringdianggap sarua jeung téks déskripsi.

Ciri-ciri struktur anu hadé nyaéta: a) déskripsi umum, b) déskripsi bagian, jeung c) déskripsi mangpaat. Kaedah téks laporan hasil observasi, ngawéngku: 1) bersipat global jeung universal, 2) mangrupa hasil panalungtikan kiwari, 3) ngagunakeun basa Sunda anu bener tur méréhah, 4) objék anu dicaritakeun atawa anu dijadikeun bahan bahasan nyaéta objék tunggal; jeung 5) teu aya panutup ti pangarang.

1. Déskripsi Umum

Déskripsi umum mangrupa paragraf anu eusina penjéntréan sacara rinci saperti: wangenan objék anu réks ditalungtik, atawa ngaran lain tina objék anu rék ditalungtik. Eusi panganteur téks laporan hasil observasi ngeunaan penjéntréan umum atawa klarifikasi umum/definisi umum.

2. Déskripsi Bagian

Déskripsi bagian nyaéta paragraf atawa struktur anu eusina bagian-bagian tina objék anu rék ditalungtik. Eusi téks laporan hasil observasi aya dina déskripsi bagian.

3. Déskripsi Mangpaat

Déskripsi mangpaat nyaéta paragraf atawa struktur anu eusina mangpaat-mangpaat tina objék anu rék ditalungtik. Eusi panutup mangrupa kacindekan téks laporan hasil observasi.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur pangaweruh Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{TahapPangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79 = cukup

60 - 69 = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa bahan ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 9. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 8, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 9

STRUKTUR JEUNG KAÉDAH TÉKS OPINI/ ÉDITORIAL

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 9 ngawengku ieu tujuan di handap.

1. Sanggeus maca modul, pamilon diklat mampu ngajelaskeun pangajaran berbasis tékséksposisi ngéunaan opini/éditorial kalawan bener.
2. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngajelaskeun struktur jeung kaédah kabasaan téks opini/éditorial kalawan jelas.
3. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu nyieun conto téks opini/éditorial sacara kelompok kalawan tanggung jawab.
4. Sanggeus maca conto, pamilon diklat mampu nyieun téks opini/éditorial sacara mandiri kalawan disiplin.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi kagiatan diajar 9, ngawengku indikator ieu di handap.

1. Ngajelaskeun pangajaran *berbasis* téks opini/éditorial.
2. Ngajelaskeun struktur jeung kaédah kabiasaan téks opini/éditorial.
3. Nyieun conto téks opini/éditorial sacara kelompok.
4. Nyieun téks opini/éditorial sacara mandiri.

C. Pedaran Matéri


1. Pangajaran *Berbasis* Téks Opini/ Éditorial

Nepikeun pamadegan téh hak unggal-unggal individu. Ku ayana kabébasan pikeun gébréhkeun pamadegan, baris ngadorong saréréa pikeun ngahargaan pamadegan anu séjén. Kamerdekaan pikeun ngébréhkeun pamadegan baris nyiptakeun masarakat anu demokratis.

Budaya démokrasi baris tumuwuh kalawan hadé lamun seug rakyat dibéré kabébasan pikeun ngébréhkeun pamadegan/opini. Tapi, éta kabébasan téh kudu mangrupa kabébasan anu bisa dipertanggungjawabkeun. Kukituna, kamerdekaan pikeun nyodorkeun pamadegan mangrupa hal anu penting.

Pamadegan (opini) téh mangrupa nyodorkeun gagasan atawa ngébréhkeun pikiran, pamadegan ngeunaan hiji hal. Di Indonesia, jalma anu ngaluarkeun pamadegan dijamin sacara konstitusi. Ieu hal cindek dina UUD 1945, Pasal 28 yén: *kemerdekaan berserikat dan berkumpul, mengeluarkan pikiran dengan lisan dan tulis dan sebagainya ditetapkan dengan undang-undang*.

Salah sahiji wadiah pikeun ngébréhkeun pamadegan urang téh nyaéta téks opini/éditorial. Ulah nepi ka, téks opini anu ditulis mangrupa pamadegan kosong, anu sifatna ngan saukur khayalan.



Gambar 9.1: Wanda Opini

Aya dua wanda opini, nyaéta opini analitis jeung opini *hortatoris*. Opini analitis patali jeung konsép atawa tiori ngeunaan hiji hal, sedengkeun opini *hortatoris* patali jeung tindakan anu perlu dilakukeun atawa kawijakan anu perlu dijieun. Ditarima henteuna hiji gagasan/usulan ku pihak luar gumantung kana kuat henteuna argumén anu disodorkeun ku panyatur.

Dina ngaguar matéritéks opini/éditorial, Sadérék baris diajak pikeun nyodorkeun pamadegan sacara bébas tapi tanggung jawab, ngeunaan masalah anu aya dina kahirupan sapopoé, anu narik ati, sarta nalungtik masalah anu sabenerna. Saterusna, Sadérék ngaanalisis sakabéh informasi anu ditarima. Sanggeus kitu, ngawangun téks opini sacara gembleng ku jalan nyodorkeun rupa-rupa argumén pikeun ngayakinkeun nu maca/nu ngaregepkeun.

Aya opat tahapan kagiatan diajar-ngajar dina kagiatan diajar VI, nyaéta: (1) ngawangun kontéks, (2) nalungtikmodéltéks opini/éditorial, (3) gawé bareng dina kelompok pikeun nyieun modéltéks opini/éditorial, jeung (4) nyieun téks opini/éditorial sacara mandiri/individual.

Prak Sadérék baca conto téksopini/éditorial ieu di handap!

Lalakon Jatigédé

Kiwari Jadi Carita

(Sumber: Mangle No. 2542 Edisi 10-16 Sepetember 2015 kaca 53)

Harepan utama diwangunna Bendungan Jatigédé nyaéta *pemberdayaan* ékonomi masarakat di Kabupatén Sumedang. Bendungan Jatigédé diwangun lain pikeun nyangsara rayat, justru pikeun karaharjaan ékonomi rakyat. Bendungan Jatigédé mangrupa proyék stratégis dina ngawangun katahanan bangsa. Khususna, katahanan pangan, kusabab bendungan ieu pungsina pikeun “penyedia air baku”, kitu ceuh Ahmad Heryawan Gubernur Jawab Barat.

Agustus panungtungan biasana cai ngocor ka Jatigédé, lembur-lembur mimiti kakeueum. Désa Cipaku, Kacamatan Darmaraja, Kabupatén Sumedang kaayaanana can robah masih kénéh dieusi ku kagiatan masarakat Cipaku. Diprédiksi sabulan deui Cipaku salawasna bakal sarua nasibna jeung lembur séjén anu geus mimiti kakeueum sarta salilana tinggal carita.



setkab.go.id

Gambar 9. 1 Bendungan Jatigédé Kab. Sumedang Jawa Barat

Di bendungan Jatigédé, sirine geus mimiti disada. Sora tarik ieu, tandaning dimimitianana nyaian bendungan panggédéna di Indonesia. Seremoni ngeusian cai bendungan Jatigédé lancar tanpa kahadiran Présidén RI Joko Widodo.

Basuki Hadimulya geus kedal jangji. Menteri Pekerjaan Umum jeung Perumahan Rakyat téh bakal nuntaskeun sagala rupa pasualan nu aya patalina jeung pangwangunan bendungan Jatigédé, supaya téréh bérés.

“Pasualan Jatigédé téh lalampahan anu panjang, kumargi pangwangunan ieu téh tos ditatahar ti taun 1963. Dugi ka ayeuna memang teu acan réngsé 100%, tapi komitmen kanggo nuntaskeun sagala rupa pasualan utamina sareng warga anu keuna ku dampak pangwangunan Jati gédé luyu sareng instruksi présidén, “ceuk Basuki.




regional.kompas.com

Gambar 9. 2 Bendungan Jatigédé Kab. Sumedang Jawa Barat

Ngéunaan Jatigédé nepi ka titik paling handap ngabutuhkeun waktu kurang leuwih sabulan. Sabada kakeueum, biasana cai bisa dimanfaatkan keur prosés irigasi. Sajalan jeung proséséta, pamaréntah bakal sagancangna ngaréngsékeun sésa pangrurugi warga anu beunang ku proyék Jatigédé.

“Kalebet situs-situsna. Sababaraha situs titinggal sajarah parantos dibebenah. Tos sapuk, aya anu dialihkeun aya anu “terapung” (ngambang). Tapi dipiharep sadayana tiasa dialihkeun”, pokna deui.

Sabulan lilana, Basuki ngainstruksikeun tim nyisir lembur dibantuan ku TNI jeung Polri. Tim ieu dipiharep bisa ngolo warga anu masih aya di aréa bendungan Jatigédé sangkan daék pindah. Sering Tim ngarasa susah pikeun ngolo warga sangkan daék pindah. Dina ieu prosés kadang-kadang warga nolak pikeun pikeun pindah.



indonesia-peta.blogspot.com

Gambar 9. 3 Péta Daerah Majalengka, Cirebon, Subang, jeung Indramayu

Bendungan ieu boga pungsi keur daérah séjénna, saperti: Majaléngka, Cirebon, Subang, jeung Indramayu. Keur Kabupatén Sumedang, pihakna bakal ngawangun dua bendungan nyaéta bendungan Rengrang jeung Beureum Beungéut. bendungan badag kieu jarang diwangun di wilayah Indonesia. Bendungan bakal diwangun kaasup irigasina. Gubernur Jawa Barat, Ahmad Heryawan nyimpen harepan gédé ka bendungan Jatigédé. Harepan utamana nyaéta *pemberdayaan* ékonomi masarakat di Kabupatén Sumedang. Bendungan Jatigédé diwangun lain pikeun nyangsara rakyat, justru pikeun kasejahteraan ékonomi rakyat.

Numutkeun Aher, bendungan Jatigédé mangrupa proyékstratégis dina ngawangun katahanan bangsa. Hususna, katahanan pangan, kusabab bendungan ieu pungsina pikeun “penyedia air baku” keur Kabupatén Cirebon, Kabupatén Sumedang, jeung Kabupatén Majaléngka.

Lian ti éta, bendungan Jatigédé pungsina bisa jadi Pembangkit Listrik Tenaga Air (PLTA) anu boga kakuatan 110 mega watt éléktrik sarta bisa ngabantu masarakat dina ngaronjatkeun paékonomian, hususna tina widang perikanan jeung wisata.

Tugas 1

Paham kana Struktur jeung Kaédah Kabasaan Téks Opini/Éditorial

Dina ieu bagian Sadérék diajak nyangkem struktur téks opini/ éditorial ku cara neuleuman téks anu judulna: *Lalakon Jatigédé, Kiwari Jadi Carita*, anu jadi conto. Baca jeung leyepan eusi éta téks! Sanggeus Sadérék maca jeung neuleuman eusi éta téks opini, prak diskusikeun ieu panalék!

1. Satuju henteu yén nu nulis éatékdsi luhur téh hayang midangkeun pamadegan/opini ngéunaan perluna bendungan?
2. Dina eusi téks opini di luhur, aya sababaraha argumén nu nulis. Tangtukeun naha Sadérék satuju atawa henteu kanaéta pamadegan kalawan méré tanda centang (v) dina kolom (S) lamun satuju, dina kolom (TS) lamun teu satuju.

No.	Arguméntasi	S	TS
1	2	3	4
1.	Agustus panungtungan biasana cai ngocor ka Jatigédé, lembur-lembur mimiti kakeueum. Désa Cipaku, Kacamatan Darmaraja, Kabupatén Sumedang kaayaanana can robah masih kénéh dieusi ku kagiatan masarakat Cipaku.		
2.	Di bendungan Jatigédé, sirine geus mimiti disada. Sora tarik ieu, tandaning diimitianana nyaian bendungan panggédéna di Indonesia. Seremoni ngeusian cai bendungan Jatigédé lancar tanpa kahadiran Présidén RI Joko Widodo.		

3.	“Pasualan Jatigedétéh lalampahan anu panjang, kumargi pangwangunan ieu téh tos ditatahar ti taun 1963. Dugi ka ayeuna memang teu acan réngsé 100%, tapi komitmen kanggo nuntaskeun sagala rupi pasualan utamina sareng warga anu keuna ku dampak pangwangunan Jatigédé luyu sareng instruksi présidén, “ceuk Basuki.		
4.	“Pasualan Jatigedétéh lalampahan anu panjang, kumargi pangwangunan ieu téh tos ditatahar ti taun 1963. Dugi ka ayeuna memang teu acan réngsé 100%, tapi komitmen kanggo nuntaskeun sagala rupi pasualan utamina sareng warga anu keuna ku dampak pangwangunan Jatigédé luyu sareng instruksi présidén, “ceuk Basuki.		

Dina téks opini/éditorial biasana digunakeun basa anu bisa ngaéksprésikeun sikep éksposisi. Supaya bisa ngayakinkeun nu maca, diperlukeun ekspresi kapastian, anu bisa ditegeskeun ku kecap katerangan atawa *adverbia* frékuentatif, saperti: *salawasna*, *biasana*, *sering*, *kadang-kadang*, *jarang*, jst. Tugas Sadérék, néangan kecap-kecap anu kaasup *adverbia* frékuantatif dina téks opini **Lalakon Jatigédé Kiwari Jadi Carita**.

No.	Kalimah	Adverbia Frékuensi
1	2	3
1.	Diprédiksi sabulan deui Cipaku bakal sarua nasibna jeung lembur séjén anu geus mimiti kakeueum sarta salilana tinggal carita.	salilana
2.		
3.		
4.		
5.		

Konjungsi réa kapanggih dina téks opini nyaéta konjungsi anu digunakeun pikeun nataanarguméntasi, saperti: *kahiji, kadua, saterusna, jst.* Atawa konjungsi anu digunakeun pikeun nguatkeun arguméntasi, saperti: *kukituna, ogé, salian ti éta, misalna, contona, padahal, jst;* atanapi konjungsi anu ngébréhkeun hubungan akibat, saperti: *ti mimiti, sateuacanna;* konjungsi anu ngébréhkeun pangharepan: *supaya.*

Tugas Sadéréknyaéta manggihan rupa-rupa konjungsi anu aya dina téks **Lalakon Jatigédé Kiwari Jadi Carita**, ku caranuliskeun konjungsi dina kolom nu disadiakeun.

No.	Kalimah	Konjungsi	Pungsi Konjungsi
1	2	3	4
1	Basuki Hadimulya geus kedal jangji. Menteri Pekerjaan Umum dan Perumahan Rakyat ieu téh bakal nuntaskeun sagala rupa pasualan nu aya patalina jeung pangwangunan bendungan Jatigédé, supaya téréhbérés.	supaya	Pikeun ngébréhkeun pangharepan
2	Bendungan Jatigédé diwangun lain pikeun nyangsara rayat, justru pikeun kasejahteraan ékonomi rakyat.	justru	Pikeun nguatkeun argumén
3.			
4.			
5.			

Dina nulis téks opini, penulis kudu beunghar ku kandaga kecap, sangkan eusi téks opini ngébréhkeunyén nu nulisna miboga pangaweruh jeung wawasan anu lega. Dina modéltéks opini di luhur, aya sababaraha kosakata anu jarang digunakeun dina kahirupan sapopoé. Kukituna tugas Sadérék, néangan harti kecap anyar anu kapanggih ku Sadérék dina téks **Lalakon Jatigédé Kiwari Jadi Carita** tulis dina kolom anu geus disayagikeun. Sadérék bisa ngagunakeun Kamus Basa Sundapikeun néangan harti kecap.


No.	Kosakata	Harti Kosakata
1	2	3
1.	Irigasi	
2.		
3.		
4.		
5.		
6.		
7.		

Sanggeus maca téks **Lalakon Jatigédé Kiwari Jadi Carita**, Sadérékbisa nengétan bagian-bagian anu ngawangun étatéks. Téks opini diimitian ku *pernyataan pendapat (thesis statement)*. Sadérék bisa ngamimitian ku topik anu arék disodorkeun. Sanggeus kitu, Sadérék méré nepikeun pamadegan pamadegan Sadérék ngéunaan éta pasualan. Dina nyodorkeun argumén, Sadérék kudu mampuh ngayakinkeun nu maca yén naon anu ditulis téh bener! Sadérék bisa mangaruhan nu lian. Ieu bagian disebut arguméntasi (*arguménts*). Dina bagian akhir téks opini, mangrupa malikan deui pamadegan

(*reiteration*), nyaéta Sadérék negéskeun deui pamadegan nu geus disodorkeun sangkan nu maca leuwih yakin ngeunaan éta pamadegan.

Téks opini/editoril umumna miboga sifat aktual anu eusina analisis subyektif dumasar kana fakta jeung data. Ku ngébréhkeun sasabaraha argumén, nu nulis usaha satékah polah pikeun mangaruhan jeung ngayakinkeun nu maca. Téks opini/éditorial sering ogé ngébréhkeun saran ngéunaan hiji hal, atawa kawijakan ngéunaan hiji kaputusan.

Lengkepan bagan ieu di handap, eusianku struktur téks opini/éditorial luyu jeung pedaran di luhur.



Gambar 9. 4 Struktur Téks Opini

Struktur téks mangrupa gambaran cara éta téks diwangun. Sadérék bisa nengétan téks opini disusun dumasar kana struktur:(1) pedaran pamadegan, (2) arguméntasi, sarta (3) pedaran malikan pamadegan.

D. Kegiatan Diajar

Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Nitenan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran matéringéunaan *Struktur jeung Kaedah Téks Opini*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesan matéri.
5. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngeunaan matéri dina kagiatan diajar 9.

E. Latihan/Pancén

7. Jieun téks opini sacara kelompok luyu jeung strukturna!
8. Jieun téks opini sacaca mandiri luyu jeung strukturna!

F. Tingkesan

Pamadegan (opini) dihartian mangrupa nyodorkeun gagasan atawa ngébréhkeun pikiran, pamadegan ngeunaan hiji hal. Di Indonésia, jalma anu ngaluarkeun pamadegan dijamin ku konstitusi. Hal ieu cindek dina UUD 1945, Pasal 28 yén: *kemerdekaan berserikat dan berkumpul, mengeluarkan pikiran dengan lisan dan tulis dan sebagainya ditetapkan dengan undang-undang*.

Salahsahiji wadah pikeun ngébréhkeun pamadegan urang téh nyaéta mangrupa ayana téks opini/ éditorial. Urang bébas ngébréhkeun pamadegan ngeunaan hiji masalah ngaliwatan téks opini. Dina ngébréhkeun pamadegan atawa pikiran kudu dilengkepan ku fakta pangrojong jeung aya alesan anu asup akal sangkan téks opini anu diwangun bisa ditarima ku nu maca. Ulah kajadian, téks opini anu ditulistéh mangrupa pamadegan kosong, anu sifatna khayalan.

Aya dua wanda opini, nyaéta opini analitis jeung opinin hortatoris. Opini analitis patali jeung konsép atawa tiori ngeunaan hiji hal, sedengkeun opini hortatoris patali jeung tindakan anu perlu dilakukeun atawa kawijakan anu perlu dilaksanakeun.

Ditarima henteuna hiji gagasan/usulan ku pihak luar gumantung kana kuat henteuna argumén anu disodorkeun ku panyatur.

Dina téks opini/éditorial biasana digunakeun basa anu bisa ngaéksprésikeun sikep eksposisi. Supaya bisa ngayakinkeun nu maca, diperlukeun ekspresi kapastian, anu bisa ditandeskeun ku kecap katerangan atawa adverbial frékuéntatif, saperti: *salawasna, biasana, sering, kadang-kadang, jarang*, jst. Aya opat tahapan kagiatan diajar ngajar dina kagiatan diajar 9, nyaéta: 1) ngawangun kontéks, 2) nalungtikmodéltéks opini/ éditorial, 3) gawé bareng dina kelompok nyieun modéltéks opini/ éditorial, jeung 4) nyieun téks opini/ éditorial sacara mandiri/ individual.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana rubrik pikeun meunteun

1. Struktur Téks opini total nilai 100
2. Kaedah basa Téks opini total nilai 50

Itung total nilaina, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap kamampuh Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

Tahap pangabisa = $\frac{100+50}{15}$

$$= 100$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
60	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap kamampuh 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar10. Tapi, lamun tahap kamampuh Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar 9, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 10

NOVEL DINA SASTRA SUNDA

A. Tujuan

1. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun wangenan novel kalawan écés.
2. Sanggeus tanya jawab, pamilon diklat mampuh ngajéntrékeun tumuwuhna jeung mekarna novel Sunda kalawan jéntré.
3. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampuh ngaidéntifikasi papasingan novel kalawan bener.
4. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampuh méré conto struktur novel Sunda kalawan jéntré.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngajéntrékeun wangenan novel.
2. Ngajéntrékeun tumuwuhna jeung mekarna novel Sunda.
3. Ngaidéntifikasi papasingan novel.
4. Méréconto struktur novel Sunda.

C. Pedaran Matéri

Pedaran matéri ngeunaan novel diadopsi jeung diadaptasi tina buku “Sastra Sunda Modern” karangan Dedi Koswara (2010:5-26). Dina ieu pedaran matéri baris dipedar: (1) wangenan novel, (2) tumuwuhna jeung mekarna novel Sunda, (3) papasingan novel, jeung (4) struktur novel Sunda.

1. Wangenan Novel

Dina *Encyclopedia Americana* (1979 dina Koswara, 2010:6) nyebutkeun yén sacara étimologi kecap novel asalna tina basa Latin *novellus*, asal kecap *novus* anu hartina anyar. Ti harita eta istilah dipaké dina fiksi anu hartina “hiji carita anyar”.

Istilah novel dina sastra Inggris asup dina abadka-16, tina kecap *novella*, basa Itali, nyaéta kecap anu digunakeun pikeun ngalukiskeun hiji carita pondok anu ngébréhkeun kajadian-kajadian anu sering ngaggambarkeun carita “cinta” dina kahirupan sapopoé.

Dina *Websters Third New International Dictionary* (1957 dina Koswara, 2010:6) novel dihartikeun carita panjang jeung kompléks anu medar pangalaman kamanusaan sacara imaginatis, ngaliwatan runtuyan peristiwa anu ngalibetkeun réa palaku jeung latar anu geus tangtu. Novel téh hiji carita prosa fiksi anu panjang, anu tokoh jeung palakuna nyodorkeun réalitas kahirupan diébréhkeun dina hiji plot.

Novel dihartikeun carita panjang jeung kompléks anu medar pangalaman kamanusaan sacara imaginatis, ngaliwatan runtuyan peristiwa anu ngalibetkeun réa palaku jeung latar anu geus tangtu. Novel téh hiji carita prosa fiksi anu panjang, anu tokoh jeung palakuna nyodorkeun réalitas kahirupan diébréhkeun dina hiji plot.

Dina khazanah sastra Sunda, istilah novel sering disebut roman. Nurutkeun Rosidi (1960 dina Koswara, 2010:7) istilah novel hartina sarua jeung novel dina basa Inggris.

Nurutkeun Sumardjo (1981 dina Koswara, 2010:7) nyebutkeun yén “ teu perlu dibédakeun istilah novel jeung roman.” Istilah roman ngan saukur istilah novel dina jaman saméméh perang dunya ka-2 di Indonesia.

Ieu hal wajar, lantaran sastrawan basa Walanda lazim méré ngaran novel teh roman. Istilah novel anyar dipikawanoh ku bangsa Indonesia sanggeus kamerdekaan, nyaéta sanggeus oriéntasi sastrawan réa anu pindah kana buku-buku basa Inggris.

Dina sastra Sunda bih novel boh roman téh istilah anu sarua, nyata hiji carita prosa fiksi anu panjang, miboga jalan carita, jeung carita-carita tokohna sarta paripolahna ngagambarkeun réalitas kahirupan manusa dina latar tempat jeung waktu nu tangtu.

Novel nyaéta hiji wangun karya sastra anyar dina sastra Sunda. Saméméh novel lahir, dina sastra Sunda geus hirup carita-carita fiksi panjang, saperti wawacan anu umumna ditembangkeun. Contona, *Wawacan Purnama Alam* karangan R. Suriadireja, *Wawacan Panji Wulung* karangan R.H. Moehamad Moesa, jeung *Wawacan Rengganis* karangan R.H. Abdus Salam.

Nurutkeun Kartini (1979 dina Koswara, 2010:7) karya sastra Sunda anu dipikaresep dina abad ka-19 nepi ka abad ka-20 nyaéta wawacan. Wawacan téh karya sastra pangaruh Jawa jaman Mataram. DK Ardiwinata nyaéta pangarang Sunda munggaran anu ngarang novel anu judulna *Baruang Ka Nu Ngarora* dina taun 1914. Ku medalna ieu novel, ieu hal mangrupa babak anyar sastra Sunda sakaligus mawa sastra Sunda ka jaman éra sastra modern.

Ieu hal luyu jeung pamadegan Rusyana, 1979 dina Koswara, 2010:7) yén sastra sunda modern lahirna ditandaan ku lahirna novel.

Nurutkeun Sumardjo 1981 dina Koswara, 2010:7) nyodorkeun pamadegan yén Novel Indonesia anu ngagunakeun basa daerah leuwih ti heula aya nyeta dina basa Sunda anu judulna *Baruang Ka Nu Ngarora* karangan Daeng Kanduruan Ardiwinata taun 1914.

Dina basa Jawa novel nu mimiti medal judulna *Serat Riyanto* karangan Raden Mas Sulardi medal taun 1920.

2. Tumuwuhna jeung Mekarna Novel Sunda

Sanggeus novel *Baruang ka Nu Ngarora* medal, medal ogé novel-novel anu séjénna, antara lain: *Agan Permas* (1928) karangan Yuhana, *Siti Rayati* (1927) karangan Muhamad Sanusi, *Mantri Jero* (1928) karangan R. Memed Sastrahadiprawira.

Taun 1940-an nepi ka 1950-an novel Sunda anu medal ngan dua, nyaéta *Gogoda Ka Nu Ngarora* karangan M.A Salmun, jeung *Marjanah* karangan Suwarsih Djojo Puspito.

Taun 1960-an kahirupan sastra Sunda mimiti nguliat deui. Pangarang Sunda anu nulis novel jaman harita, nyaéta: Yus Rusamsi nulis novel *Dedeh*, *Pileulueyan*, jeung *Wilujeng Enjing*. Min Resmana nulis novel *Napsu Nu Matak Kaduhung*. Nani Sudarma nulis novel *Pamuda Desa* jeung *Mojang Kota*. Ajat Rohaedi nulis novel *Babu Kajajaden* jeung *Manehna*. Tjaraka (Wiranta) nulis novel *Sri Panggung*. Ki Umbara (Ranu Sulaksana) nulis novel *Diwadalkeun ka Siluman*, *Si Bedog Panjang*, jeung *Pahlawan-pahlawan ti Pasantren* (babarengan jeung S.A Hikmat). Karna Yudibrata nulis novel *Nganti-nganti Dawuh*. Ahmad Bakri nulis novel *Nu Seungit Dipulang Asih* jeung *Payung Butut*.

Periode 1970-an medal movel *Ngabuang Maneh* karangan Ki Umbara, *Pipisahan* karangan RAF. *Puputon* karangan Aam Amelia. *Saudagar Batik* karangan Ahmad Bakri.

Periode 1980-an medal novel *Buruan* karangan Aam Amelia. Novel *Cinta Pabaliaut* karangan Edi D. Iskandar. Bentang Pasangten karangan Usep Romli. Rini karangan Yosep Iskandar. *Ngepung Kahar Mujakar* karangan Adang S. *Si Lansijem Kaedanan* karangan Ki Umbara. *Mikung* karangan Abdullah Mustappa.

Periode tahun 1990-an medal novel *Prabu Wangisutah* (1991) karangan Yosep Iskandar. *Pamanah Rasa* (1991) karangan Yosep Iskandar. *Tanjeur na Juritan Jaya di Buana* (1991) karangan Yosep Iskandar. *Putri Subang Larang* (1991) karangan Yosep Iskandar. *Demung Junggala* (1993) karangan Tatang Sumarsono. *Katineung* (1998) karangan Holisoh M.E.

Taun 2000-an medal novel *Galuring Gending* karangan Tatang Sumarsono.

3. Papasingan Novel

Ditilik tina eusina, novel dibagi jadi tilu golongan: (1) novel *percintaan*, (2) novel *petualangan*, jeung (3) novel fantasi. Pedaranana bisa Saderek baca kalawan taliti.



Gambar 11. 1Papasingan Novel

a. Novel *Percintaan*

Eusi novel ngalibetkeun peran tokoh awéwé jeung lalaki sacara imbang, tapi peran awéwé biasana leuwih dominan. Dina novel ieu biasana digarap ampir sakabeh tema.

b. Novel *Petualangan*


Eusi ieu novel saeutik pisan ngasupkeun peran awéwé. Lamun awéwé asup kana tokoh dina ieu novel, peranna ngan saukur stereotip jeung peranna kurang jéntré. Novel petualangan, biasana dibaca ku kaum lalaki, ku kituna eusina ogé réa ngeunaan masalah lalaki. Sok sanajan dina ieu novel sok aya ogé masalah *percintaan*, tapi sipatna ngan saukur tambahan.

c. Novel Pantasi

Eusina ngeunaan hal-hal anu sipatna réalistik jeung serba teu mungkin ditingal tina pangalaman sapopoé. Novel fantasi ngagunakeun tokoh anu karakterna teu réalistik, sétting jeung plot teu wajar pikeun nepikeun ide, kahayang, atawa gagasan pangarangna.

4. Struktur Novel Sunda

Conto analisis struktur novel anu ngawengku: (1) tema, (2) alur, (3) penokohan, jeung (4) latar, nu baris dipedar mangrupa hasil panalungtikan Yus Rusyana ngeunaan novel *Baruang Ka Nu Ngarora*.



Gambar 11. 2Struktur Novel

a. Tema

Unggal-unggal carita tinangtu aya temana. Tema nyaéta ma'na karya sastra sagemblengna. Tema disebut ogé ide séntral atawa ma'na sentral hiji carita. Tema téh jiwa carita (Pradopo, 1985 dina Koswara, 2010:10).

Tema nyaéta ma'na karya sastra
sagemblengna. Tema disebut ogé ide
séntral atawa ma'na sentral hiji carita.
Tema téh jiwa carita

Tema dina novel *Baruang Ka Nu Ngarora* nyaéta tema sosial. Ayana pasalia antara kaum bangsawan jeung kaum masarakat biasa. Kaum masarakat biasa anu baris sangsara. Ujang Kusén tokoh utama dina eta novel teu daya teu upaya nyangharepan kasawenang-wenangan Aom Usman. Antukna Ujang Kusén katideresa.

Tema moral anu aya dina novel *Baruang Ka Nu Ngarora* ngagambarkeun kahirupan Ujang Kusén jeung Nyi Rapih. Godaan, lamun teu disanghareupan ku kasabaran baris ngabalukarkeun tigebrus kana kasangsaraan. Ujang Kusén digebrus kana kasangsaraan lantaran teu sabar nyangharepan kaayaan anu tumiba ka dirina, alatan pamajikan direbut batur. Kitu deui jeung Nyi Rapih. Hirupna sangsara lantaran teu waspada kana godaan Aom Usman kaum bangsawan, padahal Nyi Rapih geus boga salaki.

Dina ieu tema anu dijadikeun obyék godaan nyaéta Ujang Kusén jeung Nyi Rapih, nyaéta kaum masarakat biasa, sedengkeun Aom Kusman kaum bangsawan teu ngalaman cobaan nanaon. Jadi tema sosial anu digambarkeun dina ieu tema ngébréhkeun yén lamun cobaan teu disanghareupan ku kasabaran niscaya baris ngabalukarkeun kasangsaraan.

Tema moral anu digambarkeun dina ieu novel diébréhkeun dina paripolah Aom Kusman anu ngarebut pamajikan batur alatan kakawasaan jeung kabangsawanan bisa saména-ména ka kaum masarakat biasa.


b. Alur

Alur nyaéta runtuyan carita dina carita rékaan anu patalinatur sipatna sabab-akibat. Jadi, runtuyan carita mangrupa hiji hiji beungkeutan carita sagemblengna. Éta beungketan carita téh nuduhkeun logis atawa henteu logisna hiji kajadian. Nurutkeun Pradopo, spk. (1985 dina Koswara, 2010:13) lamun kajadian-kajadian anu aya dina hiji carita henteu nuduhkeun ayana hubungan sabab-akibat, henteu bisa disebut alur, tapi disebutkan carita (*story*).

Dumasar kana wangunna, alur bisa dibédakeun kana alur lempeng (lurus) jeung alur sorot balik.

Alur anu lempeng (lurus), ngébréhkeun hiji kajadian anu disusun maké modél awal-tengah-ahir, anu diébréhkeun dina wangun: *éksposisi-komplikasi-klimak-pelelerian-penyelesaian*.

Alur lurus lamun digambarkeun bisa diilikan dina diagram A-B-C-D-D-E....Z. Alur sorot balik bisa digambarkeun dina diagram: B-A-B-C-D-E...nepi ka ahir carita.



Gambar 11. 3 Alur Lurus



Gambar 11. 4 Sorot Balik

Numutkeun Hudson (dina Pradopo, spk. 1985:17 dina Koswara, 2010;13) nétélakeun yén lamun diilikan tina kuantitasna, hiji carita rékaan alurna bisa tunggal atawa ganda. Ditilik tina kualitasna, alur sipatna ketat atawa logor.

Ketat atawa logorna alur carita bisa ditilik tina aya teu ayana degresi anu aya dina eta carita. Degresi nyaéta, kajadian-kajadian anu sipatna henteu patali langsung jeung alur carita, balukarna ngaakibatkeun logorna alur carita. Sabalikna, dina carita anu alurna ketat moal aya degresi.


c. Tokoh

Tokoh atawa palaku dina hiji carita ngemban pancén pikeun mawa tema kana sasaran anu geus ditangtukeun. Ku kituna, lamun hiji carita teu aya tokohna baris hésé ngagiring masalah kana tujuan anu geus ditangtukeun.

Aya dua rupa tokoh, nyaéta tokoh utama jeung tokoh tambahan (*bawahan*). Nurutkeun Stanton (dina Pradopo, spk. 1985: 190), nétélakeun yén tokoh utama atawa tokoh séntral atawa tokoh protagonis salawasna luyu jeung unggal-unggal kajadian anu aya dina éta carita. Béda deui jeung tokoh tambahan (*bawahan*) atawa tokoh protagonis. Palaku atawa tokoh dina carita bisa manusa bisa ogé sasatoan. Sabenerna mah sasatoan ogé simbolisasi manusa. Umumna pangarang leuwih rea milih manusa jadi tokoh carita, lantaran manusa bisa méré kamungkinan mekarna watek kalawan maké sababaraha aspék.

Hal anu penting dina masalah tokoh nyaéta ayana motivasi anu jadi dadasar sakabeh sikep jeung paripolah tokoh anu teu meunang pasalia jeung sipat dasar palaku. Carita rékaan anu hadé, teu ngan saukur ditangtukeun ku alur wungkul, tapi ogé ditangtukeun ku tokoh.

Aya dua metode anu ngagambarkeun watek palaku carita rékaan, nyaéta analitik jeung dramatik.



Gambar 11. 5 Metode pikeun Ngagambarkeun Watek Palaku


Wujud tampilan palaku sacara analitik nyaéta pangarang sacara langsung ngaanalisis watek palaku tur sakaligus ngajéntrékeun sacara langsung (*phisycal description*). Wujud tampilan palaku sacara dramatik nyaéta pangarang méré lolongkrang anu bebas ka palaku pikeun gerak sacara dinamis.

Ku kituna, pancén nu maca pikeun nafsirkeun watek palaku, situasi carita, réaksi tokoh protagonis ka tokoh antagonis, jeung réaksi tokkoh kana kajadian anu keur lumangsung.

Sacara umum, papasingan tokoh dumasar kana atikan jeung pagawéan bisa dipaingkeun kieu.

- 1) Tokoh anu teu miboga atikan.
- 2) Tokoh anu miboga atikan handap (SD).
- 3) Tokoh anu miboga atikan tengah-tengah (SMP, SMA/SMK).
- 4) Tokoh anu mibog atikan luhur (Pagorun Luhur).

Wangun watek tokoh aya dua rupa: (1) tokoh anu watekna datar (*flat characterization*) jeung (2) tokoh anu watek buleud (*round characterization*).




Gambar 11. 6 Wangun Watek Tokoh

Tokoh anu watekna datar nyaéta lamun éta tokoh anu mekarna watek sacara statis. Tokoh anu watekna buleud, nyaéta tokoh anu mekarna watek sacara dinamis. Biasana watek buleud dipimilik ku tokoh protagonis, lantaran biasana tokoh protagonis salawasna kalibet dina rupa-rupa masalah hiji carita.

d. Latar

Dina hiji carita rékaan, latar ngawengku: (1) latar sosial, (2) latar géografis atawa tempat, jeung (3) latar waktu atawa historis.



Gambar 11. 7 Papasingan Latar

(1) Latar Sosial

Latar anu patali jeung status sosial tokoh dina kahirupan sapopoé. Kalungguhan tokoh bisa jadi padagang, guru, pagawé, patani, priyayi, ustad, palajar, santri, pajabat, kapala sakola, jst. Kalungguhan pagawéan bisa dipasing-pasing jadi: (a) tokoh anu latar sosialna handap, (b) tokoh anu latar sosialna di menengah, jeung (c) tokoh anu latar sosialna luhur.

(2) Latar Geografis atawa Tempat

Latar geografis atawa latar tempat patali jeung masalah tempat nu aya dina hiji carita. Wujud kongkrit latar tempat: latar padesaan, latar kota, latar pantey, sisi walungan, sawah, asrama, warung, ruang makan, kelas, di imas, masjid, alun-alun, jst.

(3) Latar Waktu atawa Histori

Latar waktu atawa histori patali jeung waktu lumangsungna hiji carita, bisa: (a) isuk-isuk, siang, soré, peuting, tengah peuting, (b) poé jeung tanggal, (c) bulan jeung taun, (d) waktu anu teu jelas biasana maké kekecapan, dina hiji waktu, di hiji tempat, jst.

Latar waktu kacida pentingna dina hiji carita rékaan lantaran teu mungkin aya hiji runtuyan kajadian/peristiwa tanpa hadirna latar waktu. Ku kituna, Wellek jeung warren nétélakeun yén karya sastra kaasup kana seni waktu (*time art*).

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Nitenan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran matéringéunaan *Novel dina Sastra Sunda*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesanmatéri.
5. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamun aya bangbaluh ngéunaan matéri dina kagiatan diajar 11.

E. Latihan/ Pancén

1. Jéntrékeun wangenan novel dina sastra Sunda!
2. Tuliskeun tilu papasingan novel tur jéntrékeun kalawan écés!
3. Tuliskeun struktur novel!
4. Jéntrékeun yén sastra Sunda modern ditandaan ku lahirna novel!
5. Jéntrékeun latar dina hiji novel!

F. Tingkesan

Dina sastra Sunda boh novel boh roman téh istilah anu sarua, nyaéta hiji carita prosa fiksi anu panjang, miboga jalan carita, jeung carita-carita tokohna sarta paripolahna ngagambarkeun réalitas kahirupan manusa dina latar tempat jeung waktu nu tangtu.

Novel nyaeta hiji wangun karya sastra anyar dina sastra Sunda. Saméméh novel lahir, dina sastra Sunda geus hirup carita-carita fiksi panjang, saperti wawacan anu umumna ditembangkeun. Contona, *Wawacan Purnama Alamkarangan* R. Suriadireja, *Wawacan Panji Wulung* karangan R.H. Moehamad Moesa, jeung *Wawascan Rengganis* karangan R.H. Abdus Salam.

Karya sastra Sunda anu dipikaresep dina abad ka-19 nepi ka abad ka-20 nyaéta wawacan. Wawacan téh karya sastra pangaruh Jawa jaman Mataram.

DK Ardiwinata nyaéta pangarang Sunda munggaran anu ngarang novel anu judulna *Baruang Ka Nu Ngarora* dina taun 1914. Ku medalna ieu novel, ieu hal mangrupa babak anyar sastra Sunda sakaligus mawa sastra Sunda ka jaman era sastra modern.

Sastra sunda modern lahirna ditandaan ku lahirna novel. Novel Indonesia anu ngagunakeun basa daerah leuwih ti heula aya nyaéta dina basa Sunda anu judulna *Baruang Ka Nu Ngarora* karangan Daeng Kanduruan Ardiwinata taun 1914. Dina basa Jawa novel nu mimiti medal judulna *Serat Riyanto* karangan Raden Mas Sulardi medal taun 1920.

Ditilik tina eusina, novel dibagi jadi tilu golongan: (1) novel *percintaan*, (2) novel *petualangan*, jeung (3) novel fantasi. Novel *Percintaan*, eusi novel ngalibetkeun peran tokoh awéwé jeung lalaki sacara imbang, tapi peran awéwé biasana leuwih dominan. Dina novel ieu biasana digarap ampir sakabeh tema. Novel *Petualangan* eusi ieu novel saeutik pisan ngasupkeun peran awéwé. Lamun awéwé asup kana tokoh dina ieu novel, peranna ngan saukur stereotip jeung peranna kurang jéntré.

Novel petualangan, biasana dibaca ku kaum lalaki, ku kituna eusina ogé réa ngeunaan masalah lalaki. Sok sanajan dina ieu novel sok aya ogé masalah *percintaan*, tapi sipatna ngan tambahan wungkul.

Novel Fantasi eusina ngeunaan hal-hal anu sipatna realistis jeung serba teu mungkin ditingal tina pangalaman sapopoe. Novel fantasi ngagunakeun tokoh anu karakterna teu réalistik, setting jeung plot teu wajar pikeun nepikeun ide, kahayang, atawa gagasan pangarangna.

Struktur Novel Sunda, ngawengku: (1) tema, (2) alur, (3) penokohan, jeung (4) latar.

Tema nyaéta ma'na karya sasatra sagemblengna. Tema disebut ogé ide sentral ata ma'na sentral hiji carita. Tema téh jiwa carita.

Alur nyaéta runtuyan carita dina carita rékaan anu nuduhkeun ayana patali anu sipatna sabab-akibat. Jadi, runtuyan carita mangrupa hiji susunan anu ngawangun hiji beungkeutan carita sagemblengna. Eta beungketan carita teh nuduhkeun logis atawa henteu logisna hiji kajadian.

Nurutkeun Pradopo, spk. (1985 dina Koswara, 2010:13) lamun kajadian-kajadian anu aya dina hiji carita henteu nuduhkeun ayana hubungan sabab-akibat, henteu bisa disebut alur, tapi disebutkan carita (*story*).

Aya dua rupa tokoh, nyaéta tokoh utama jeung tokoh tambahan (*bawahan*). Nurutkeun Stanton (dina Pradopo, spk. 1985: 190),

nétélakeun yén tokoh utama atawa tokoh sentral atawa tokoh protagonis salawasna luyu jeung unggal-unggal kajadian anu aya dina éta carita. Béda deui jeung tokoh tambahan (*bawahan*) atawa tokoh protagonis. Dina hiji carita rékaan, latar ngawengku: (1) latar sosial, (2) latar géografis atawa tempat, jeung (3) latar waktu atawa historis.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur pangaweruh Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
60	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa bahan ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 12. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 11, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

KONCI JAWABAN

Kegiatan Diajar I

1. Diajar tuntas dina seuhseuhanana mangrupa salah sahiji usaha dina widang atikan pikeun ngamotivasi siswa sangkan nyangkem (*mastery leaning*) kompetensi nu geus ditangtukeun. Pangajaran tuntas mangrupa pola pangajaran anu ngagunakeun *ketuntasan* sacara individual. Saterusna ngalaksanakeun penilaian pikeun ngukur tingkat capaian kompetensi siswa pikeun nyusun laporan kamajuan diajar jeung ngoméan prosés pangajaran.
2. Program rémédial nyaéta mantuan siswa anu ngarandapan bangbaluh diajar atawa kelambatan belajar. Méré program rémédial ngawéngku dua léngkah pokok, kahiji ngadiagnosis bangbaluh diajar, kadua méré perlakuan (tréatment) program rémédial. Program rémédial dipungkas ku penilaian. Program rémédial jeung penilaian dilaksanakeun di luar jam tatap muka.
3. Wanda-wanda bangbaluh diajar siswa: a) bangbaluh diajar anu sipatna énténg, biasana kapanggih di siswa anu kurang merhatikeun waktu diajar, b) bangbaluh diajar anu sipatna sedeng, biasana kapanggih di siswa anu ngalaman gangguan diajar anu asalna ti luar siswa, contona faktor kulawarga, lingkungan padumukan, cara gaul, jeung c) kasulitan diajar anu sipatna beurat, kapanggih di siswa anu ngalaman bangbaluh: fisik, mental, sosio-emosional, atawa inteléktual. Ieu hal tumiba ka ABK.
4. Wangun program rémédial: a) méré pangajaran ku cara malikan deui matéri maké métode jeung média anu béda, lamun jumlah siswa anu dirémédial leuwih ti 50%, b) méré tugas kelompok, lamun jumlah siswa anu ngilu rémédial leuwih ti 20% tapi kurang ti 50%, jeung c) méré bimbingan khusus misalna bimbingan individual, lamun jumlah siswa anu ngilu rémédial maksimal 20%.
5. (a) guru sacara umum geus ngalaksanakeun rémédial, tapi hasil rémédialna henteu dianalisis, (b) sering kapanggih yén guru sok méré tés ka siswa pikeun malikan deui matéri anu tacan kahontal katuntasan. Ieu hal dilaksanakeun ku cara ngagunakeun soal-soal anu sarua tur henteu malikan deui matéri, méré tugas, méré bimbingan, atawa ngamangpaatkeun

babaturanana tanpa merhatikeun indikator anu tacan kacangkem ku siswa, jeung (c) *pengayaan* masih tacan pati loba dilakukeun ku guru

Kegiatan Diajar II

1. *Pengayaan* bisa dihartikeun mangrupa pangalaman atawa kegiatan siswa anu ngaleuwihan prasarat minimal anu geus ditangtukeun ku kurikulum. Prasyarat minimal aya dina KKM. KKM dina Kurikulum 2013 ngawengku: KKM sikep nyaéta Baik, KKM pangaweruh 2,67, sedengkeun KKM Kaparigélan 2,67.
2. Program *Pengayaan* ngawengku:
 - a. Idéntifikasi kamampuh diajar dumasar kana jenis jeung tingkat kamampuh;
 - b. Idéntifikasi kamampuh diajar dumasar jenisna, misalna: diajar leuwih gancang, nyimpen informasi leuwih gampang, aya kahayang anu luhung, mikirna mandiri, superior jeung mikir abstrak, sarta miboga réa minat;
 - c. Idéntifikasi kamampuh siswa anu luhung, nu dilakukeun ku jalan: tés IQ, tés inventori, wawancara, jeung pengamatan;
 - d. Wangun cara ngalaksanakeun program *pengayaan*
3. Prosedur Kerja Program *Pengayaan*
 - a. Kapala Sakola nugaskeun Wakasek Kurikulum jeung Tim Pengembang Kurikulum (TPK) sakola pikeun nyusun rancangan kegiatan jeung rambu-rambu program *pengayaan*.
 - b. Kapala Sakola méré arahan ngéunaan téknis program *pengayaan*.
4. Guru nangtukeun wanda program *pengayaan*, dumasar kana kahontalna kompetensi siswa kalawan ngagunakeun analisis ketuntasan KKM, kalawan makéudagan:
 - a. Program *pengayaan*, lamun kahontalna kompetensi siswa leuwih atawa sarua jeung nilai KKM.
 - b. Guru/MGMP ngalaksanakeun program *pengayaan* dumasar kana klasifikasi hasil kahontalna kompetensi siswa.
 - c. Guru/MGMP ngalaksanakeun penilaian pikeun siswa anu ngilu program *pengayaan* anu hasilna diasupkeun kana portofolio.

5. Kapala Sakola méré pituduh ngéunaan téknis program *pengayaan* anu sakurang-kurangna ngawéngku:
- dasar ngalaksanakeun program *pengayaan*.
 - tujuan anu hayang dihontal dina ngalaksanakeun program *pengayaan*.
 - mangpaat program *pengayaan*.
 - hasil anu dipiharep tina program *pengayaan*.

Kegiatan Diajar III

1. *Penilaian Berbasis Kelas* nyaéta penilaian anu dilakukeun ku guru dina raraga prosés pangajaran. *Penilaian Berbasis Kelas* téh prosés ngumpulkeun jeung ngagunakeun informasi hasil diajar siswa anu dilakukeun ku guru pikeun nangtukeun tingkat kahontalna jeung tingkat kacangkemna tujuan (KI, KD, jeung IPK) ku siswa. *Penilaian Berbasis Kelas* mangrupa prinsip, sasaran anu akurat jeung konsistén ngeunaan kompetensi atawa hasil diajar siswa sarta kamajuan siswa.
2. Mangpaat Pembelajaran BerbasisKelas: uji balik pikeun siswa, nalingakeun kamajuan jeung ngadiagnosis kamampuh siswa, méré usulan ka guru pikeun ngoméan program pangajaran di kelas, jeung ngamungkinkeun siswa ngahontal kompetensi anu geus ditangtukeun, sok sanajan lilana diajar unggal-unggal siswa béda-béda.
3. Prinsip-prinsip Penilaian Berbasis Kelas: valid, penilaian méré informasi anu akurat ngeunaan hasil diajar siswa, ngatik, penilaian kudu méré sumbangan positif kana kahontalna hasil diajar siswa, oriéntasi kana kompetensi, penilaian kudu meunteun kahontalna kompetensi anu jinek dina kulirkul, a, penilaian kudu adil ka sakumna siswa tur teu ngabéda-bédakeun kasang tukang sosial-ékonomi, budaya, basa, jeung gender. Terbuka, kritéria penilaian jeung kudu jelas jeung bisa dititénan ku balaréa, mayeng tahap demi tahap, penilaian dilakukeun tahap demi tahap pikeun néangan informasi ngeunaan mekarna diajar siswa, sagemblengna, penilaian bisa dilakukeun maké rupa-rupa téhnik jeung prosedur kaasup ngumpulkeun rupa-rupa bukti hasil diajar siswa.

4. Wangun instrumén penilaian berbasis kelas: (1) penilaian unjuk kerja, (2) penilaian sikap, (3) penilaian produk, (4) penilaian portofolio, jeung (5) penilaian diri.

Kagiatan Diajar IV

1. NurutkeunGie (2002: 5), téks narasi téh nyaéta hiji wangun karangan anu nepikeun hiji kajadian atawa pangalamandina runtuyan waktu ka nu maca kalawan udagan sangkan méré kesan perkara parobahan atawa gerak hiji hal ti awal tepi ka ahir.

Nurutkeun Keraf (2007: 136), téks narasi mangrupa jenis karangan anu narékahan ngagambarkeun hiji kajadian anu geus lumangsung kalawan saécés-écésna ka nu maca. Ari nurutkeun Suparno jeung Yunus (2008: 31), téks narasi nyaéta karangan nu ngusahakeun nepikeun informasi kajadian nurutkeun runtuyan kajadianana (kronologis).

Udagan anu hayang dihontalna nyaéta méré harti kana éta kajadian nepi ka nu maca bisa narima hikmahna. Bisa dicindekkeun yén téks narasi téh nyaéta hiji wangun karangan nu ngusahakeun nyaritakeun hiji kajadian kalawan kronologis.

2. Téks narasi aya dua wanda, ngawengku narasi ékspositoris jeung narasi sugéstif.
3. Téks narasi mibanda ciri-ciri anu tangtu, kayaning: (a) mangrupa carita ngeunaan kajadian atawa pangalaman manusa; (b) kajadian anu ditepikeun téh mangrupa kajadian anu enya-nya lumangsung, bisa ogé imajinasi, atawa gabungan antara kajadian anu enya-nya lumangsung jeung imajinasi; (c) nekenkeun susunan kronologis; (d) biasana aya dialog; jeung (e) biasana téks narasi mah nyaritakeun palaku anu kalibet langsung dina hiji kajadian anu dicaritakeunana.

4. Prinsip-prinsip téks narasi téh museur dina hal-hal sabudeureun galur, palaku, kasang tukang, jeung puseur sawangan.
5. Runtuyan kajadian dina téks narasi anu judulna “Kaduhung Baha ka Emah”:
 - Palaku mulang ti sakola
 - Palaku maén bal di lapang
 - Suku Obi misalah
 - Palaku mulang ka imahna
 - Palaku dicarékan ku kolotna
 - Palaku ngarasa kaduhung geus baha kana panyarék kolotna.

Kagiatan Diajar V

1. Nurutkeun Keraf (1982: 2), téks déskripsi mangrupa hiji wangun karangan anu patali jeung usana nu nulis pikeun nepikeun gambaran rinci tina obyék anu dicaritakeun. Nurutkeun Rusyana (1984: 136), déskripsi téh mangrupa karangan anu ngagambarkeun hiji hal, nétélakeun naon-naon anu diindera, tur ngagambarkeun parasaan jeung paripolah jiwa dina wangun kalimah

Ari nurutkeun Yunus (2006: 46) téks déskripsi téh mangrupa hiji wangun karangan anu ngagambarkeun hiji hal sajéntré-jéntréna nepi ka nu maca siga nyaksian atawa ngalaman langsung hal anu digambarkeunana.
2. Téks déskripsi téh nyaéta wangun karangan anu sajéntréna ngagambarkeun hiji hal ngaliwatan kekecapan anu méréhah luyu jeung gambaran saéstuna tina éta obyék nepi ka informasi nu ditétélakeun bisa ngahirupkeun kesan jeung daya hayal anu jero pikeun nu maca.
3. Pamarékan dina ngadéskripsikeun hiji hal téh bisa diklasifikasikeun jadi tilu pamarékan, ngawengku pamarékan réalistik, imprésionalistik, jeung dumasar sikep nu nulisna.
4. Celempung bahanna tina awi guluntungan, bisa awi hideung, awi tali, awi gombong, atawa awi naon baé. Cara nyieun celempung: panjangna dua buku atawa dua ruas; bagian puhuna dibolongan, kitu deui bagéan tengahna; hini bagian hareup disebit, atawa dicokél kalayan legana hini nu disebit kira-kira sagedé curuk kolot; hini nu disebit lobana dua lambar, jarakna opat sénti. Anu

tukang ditunjel bagian tengahna, demi hiniis bagéan hareup maké babantal, rubakna 4 cm, panjangna 4,5 cm, dipasang lebah liang résenator

Kegiatan Diajar VI

1. Nurutkeun Keraf (2007: 136) téks éksposisi atawa bahasan nyaéta wangun tulisan atawa rétorika anu nérangkeun atawa ngabéjérbéaskeun hiji poko pikiran anu bisa mekarkeun sawangan atawa wawasan nu macana.
2. Aya opat wangun téks éksposisi, ngawengku éksposisi analitis, éksposisi klasifikasi, éksposisi prosés jeung ilustrasi, jeung éksposisi pola conto.
3. Ciri téks éksposisi di antarana (1) méré pangawéruh; (2) ngajawab pasualan naon, naha, iraha, jeung sajabana; (3) ditepikeunana ngagunakeun basa anu baku; jeung (4) ngagunakeun nada nétral, teu mihak jeung maksakeun sikep nu nulisna ka nu macana.
4. Digunakeunana basa Sunda dina naskah Sunda kuno.
5. Naskah-naskah anu kapanggih di tatar Sunda, lain ngan anu ditulis dina basa Sunda baé. Réa naskah anu ditulis dina basa Jawa jeung Malayu deuih, boh nu ditulis ku aksara Arab Pégon, aksara Jawa (hanacaraka), boh nu ditulis ku aksara Latén. Nuduhkeun yén urang Sunda sok maké basa séjén salian ti basana sorangan. Naskah nu ditulis dina basa Sunda Kuna maké aksara Sunda Kuna téh henteu nepi ka 200 naskah jumlahna

Kegiatan Diajar VII

1. Nurutkeun Keraf (2007: 3), téks arguméntasi nyaéta wangun rétorika anu ngusahakeun pikeun mangaruhan sikep jeung sawangan nu maca, sangkan percaya anu tungtungna ngalakukeun paripolah luyu jeung anu dipikahayang nu nulis. Pon kitu deui nurutkeun Gunawan (2009), téks arguméntasi nyaéta karangan anu ditulis atawa dimekarkeun kalawan tujuan pikeun ngayakinkeun nu maca.

2. Ciri-ciri karangan téks arguméntasi téh nyaéta nétélakeun sawangan sangkan nu maca yakin, mérélukeun fakta pikeun jadi bahan ngabuktikeun sawangan, bisa mangrupa gambar, grafik, jsté, ngagali sumber idé tina hasil niténan, pangalaman, jeung panalungtikan, ngandung data jeung fakta anu bisa dipertanggungjawabkeun, pertelaanana diébréhkeun kalawan écés; jeung panutupna mangrupa kacindekan.
3. Dasar karangan anu sipatna arguméntasi téh mikir kritis jeung logis. Ku éta hal, diperlukeun data-data anu akurat nepi ka ngahasilkeun tuturan anu logis pikeun nyusun kacindekan anu bisa dipertanggungjawabkeun. Hal sarupa kitu dipangaruhan ku sipat arguméntasina sorangan anu mérélukeun dadasar kayaning proposisi, inférénsi jeung implikasi, sarta wujud évidénsi.
4. Proposisi dina sempalan wacana arguméntasi di luhur di antarana:
 - Urang Galuh reueus kana ngaran Galuh téh lain sukuisme
 - Kecap Galuh mibanda harti anu leuwih jero ti batan harti anu ditétélakeun ku Vander Muelen.
5. Ngaran Galuh miboga ajén nu luhur tur biasa dijieun pameungkeut pamageuh duduluran pangpangna papada urang Galuh.

Kegiatan Diajar VIII

1. Téks hasil observasi mangrupa téks anu eusina paparan umum ngalaporkeun hasil observasi. Téks laporan ieu téh disebut ogé téks klasifikasi, lantaran nyieun klasifikasi rupa-rupa hal (sasatoan, tutuwuhan, manusa, atawa peristiwa kajadian anu aya di alam dunya) dumasar kana ciri atawa kriteria anu geus ditangtukeun. Téks laporan hasil observasi seringdianggap sarua jeung téks déskripsi. Tapi, sabenerna mah téks laporan hasil observasi béda jeung téks déskripsi. Béjeunga téks, téks laporan hasil observasi mah sifatna global atawa universal, sedengkeun téks deskriptif mah sifatna unik atawa individualistis.
2. Struktur téks laporan hasil observasi ngawéngku: a) déskripsi umum, b) déskripsi bagian, jeung c) déskripsi mangpaat.

3. Kaedahtéks laporan hasil observasi, ngawéngku: 1) bersipat global jeung universal, 2) mangrupa hasil panalungtikan kiwari, 3) ngagunakeun basa Sunda anu bener tur méréhah, 4) objék anu dicaritakeun atawa anu dijadikeun bahan bahasan nyaéta objék tunggal; jeung 5) teu aya panutup ti pangarang.
4. Conto téks laporan hasil observasi luyu jeung tingkatan kelas.

KagiatanDiajar IX

1. Rubrik pikeun nganiléy struktur téks opini.

No.	Struktur Téks Opini	Niléy
1.	Pedaran Pamadega	
2.	Arguméntasi	
3.	Pedaran Malikan Pamadegan	
Total Nilai		

Skor total struktur Téks opini = 100

2. Rubrik pikeun nganil y ka dah basa t ks opini.

No.	Kecap Katerangan (<i>adverbia fr�kuentatif</i>)	Tanda C�klis
1.	Salawasna	
2.	Biasana	
3.	Sering	
4.	Sakapeung	
5.	Langka	
6.	Nil�yi	

Skor total ka dah basa t ks opini = 50

Nil y Akhir = $\frac{100+50}{5}$

$$= 100$$

Kegiatan Diajar X

1. Dina sastra Sunda boh novel boh roman teh istilah anu sarua, nyaéta hiji carita prosa fiksi anu panjang, miboga jalan carita, jeung carita-carita tokohna sarta paripolahna ngagambarkeun réalitas kahirupan manusa dina latar tempat jeung waktu nu tangtu.
2. Ditilik tina eusina, novel dibagi jadi tilu golongan: (1) novel percintaan, (2) novel petualangan, jeung (3) novel fantasi. Novel Percintaan, eusi novel ngalibetkeun peran tokoh awéwé jeung lalaki sacara imbang, tapi peran awéwé biasana leuwih dominan. Dina novel ieu biasana digarap ampir sakabéh tema. Novel Petualangan eusi ieu novel saeutik pisan ngasupkeun peran awéwé. Lamun awéwé asup kana tokoh dina ieu novel, peranna ngan saukur stereotip jeung peranna kurang jéntré. Novel petualangan, biasana dibaca ku kaum lalaki, ku kituna eusina ogé réa ngeunaan masalah lalaki.
3. Struktur Novel Sunda, ngawengku: (1) tema, (2) alur, (3) penokohan, jeung (4) latar.
4. DK Ardiwinata nyaéta pangarang Sunda munggaran anu ngarang novel anu judulna *Baruang Ka Nu Ngarora* dina taun 1914. Ku medalna ieu novel, ieu hal mangrupa babak anyar sastra Sunda sakaligus mawa sastra Sunda ka jaman éra sastra modern. Sastra Sunda modern lahirna ditandaan ku lahirna novel. Novel Indonesia anu ngagunakeun basa daerah leuwih ti heula aya nyeta dina basa Sunda anu judulna *Baruang Ka Nu Ngarora* karangan Daeng Kanduruan Ardiwinata taun 1914. Dina basa Jawa novel nu mimiti medal judulna *Serat Riyanto* karangan Raden Mas Sulardi medal taun 1920.
5. Dina hiji carita rékaan, latar ngawengku: (1) latar sosial, (2) latar geografis atawa tempat, jeung (3) latar waktu atawa historis.

EVALUASI

1. Ieu di handap prinsip-prinsip utama *pembelajaran tuntas*, iwal ti
 - A. kompetensi anu kudu dihontal ku siswa dirumuskeun hirarkis.
 - B. penilaian anu digunakeun nyaéta penilaian acuan patokan norma, sarta unggal-unggal kompetensi anu kudu dibéré uji balik.
 - C. méré pangajaran rémédial sarta bimbingan anu diperlukeun ku siswa anu tacan ngahontal kritéria *ketuntasan minimal*.
 - D. méré program pangayaan pikeun siswa anu geus ngahontal KKM
2. Bangbaluh diajar anu sipatna énténg, biasana kapanggih di siswa anu
 - A. kurang merhatikeun waktu diajar
 - B. ngalaman gangguan diajar anu asalna ti luar diri siswa
 - C. ngalaman bangbaluh fisik
 - D. ngalaman bangbaluh mental
3. Wangun rémédial ku cara méré pangajaran ku cara malikan deui matéri kalayan maké métode jeung média anu béda, lamun
 - A. jumlah siswa anu dirémédial leuwih ti 50%
 - B. jumlah siswa anu dirémédial leuwih ti 60%
 - C. jumlah siswa anu dirémédial leuwih ti 70%
 - D. jumlah siswa anu dirémédial leuwih ti 80%
4. Wangun rémédial méré tugas kelompok, lamun jumlah siswa anu ngilu rémédial ...
 - A. leuwih ti 20% tapi kurang ti 50%
 - B. leuwih ti 30% tapi kurang ti 60%
 - C. leuwih ti 40% tapi kurang ti 70%
 - D. leuwih ti 50% tapi kurang ti 80%

5. Wangun rémédial méré bimbingan husus misalna bimbingan individual, lamun jumlah siswa anu ngilu rémédial ...
- A. maksimal 10%
 - B. maksimal 20%
 - C. maksimal 30%
 - D. maksimal 40%
6. Kapala Sakola méré pituduh ngeunaan téknis program rémédial anu sakurang-kurangna ngawengku ieu di handap, iwal ti..
- A. dasar ngalaksanakeun program rémédial
 - B. tujuan anu hayang dihontal dina program rémédial
 - C. mangpaat program rémédial
 - D. siswa anu rék dirémédial
7. Peran guru dina program rémédial ngaladenan kalawan iklas, sabar tur tanggung jawab, hartina guru miboga peran salaku...
- A. ngaladenan
 - B. agen perubahan
 - C. motivator
 - D. konsultan
8. Guru nangtukeun wanda program pengayaan, dumasar kana kahontalna kompetensi siswa kalawan ngagunakeun analisis ketuntasan KKM, kalawan maké acuan (udagan)...
- A. program pengayaan, lamun kahontalna kompetensi siswa leuwih atawa sarua jeung nilai KKM
 - B. program pengayaan, kahontalna kompetensi siswa leuwih ti nilai KKM
 - C. program pengayaan, kahontalna kompetensi siswa sarua jeung nilai KKM
 - D. program pengayaan, kahontalna kompetensi siswa kurang ti nilai KKM

9. Di handap ieu mangpaat pembelajaran berbasis kelas, iwal ti..
- A. uji balik pikeun mikanyaho kamampuh jeung kakurangan siswa
 - B. nalingakeun kamajuan jeung ngadiagnosis kamampuh siswa
 - C. méré usulan ka guru pikeun méré peunteun anu luhung
 - D. ngamungkinkeun siswa ngahontal kompetensi anu geus ditangtukeun
 - E.
10. Prinsip penilaian berbasis kelas diantarana yén penilaian méré informasi anu akurat ngeunaan hasil diajar siswa. ieu hal luyu jeung prinsip...
- A. valid
 - B. oriéntasi
 - C. adil
 - D. mayeng
11. Penilaian kudu méré sumbangan positif kana kahontalna hasil diajar siswa.
- A. valid
 - B. ngatik
 - C. adil
 - D. sagemblengna
12. Mana ieu di handap conto kalimah anu make undak usuk anu merenah?
- A. "Abdi nembé sumping ti Tokyo."
 - B. "Iraha bapa kapala dongkapna ti Singapura teh"?
 - C. "Alhamdulillah abdi parantos neda tadi."
 - D. "Abdi teu tiasa sumping, kumargi teu damang."
13. Mana ieu di handap conto kalimah anu maké undak usuk anu merenah?
- A. "Dupi tuang rai iraha sumpingna?"
 - B. "Dupi Bapa parantos tuang?"
 - C. "Sim kuring teu tiasa sumping."
 - D. "Tuang adi teu tiasa sumping?"

14. Mana ieu di handap conto kalimah anu maké undak usuk anu merenah?
- A. “Di mana rorompok Bapa?”
 - B. “Rorompok pun bibi aya di Tasik.”
 - C. “Rorompok sim kuring aya di Bandung.”
 - D. “Iraha tiasa sumping ka bumi sim kuring?”
15. Sarana basa pikeun meungkeut pesen, pikiran, gagasan, jeung ide anu rék diterpikeun ngaliwatan téks, disebut...
- A. wacana
 - B. téks
 - C. mode
 - D. genré
16. Téks hasil observasi mangrupa téks anu eusina
- A. paparan umum ngalaporkeun hasil observasi
 - B. kacindekan tina paparan umum
 - C. deskripsi bagian
 - D. déskripsi manfaat
17. Téks laporan ieu téh disebut ogé téks klasifikasi, lantaran...
- A. nyieun klasifikasi rupa-rupa hal dumasar kana ciri anu geus ditangtukeun
 - B. nyieun kacindekan tina klasifikasi umum
 - C. mangrupa déskripsi bagian tina teks bacaan
 - D. mangrupa manfaat tina eusi teks bacaan
18. Struktur téks laporan hasil observasi ngawengku ieu hal di handap, iwal ti
- A. déskripsi umum
 - B. déskripsi bagian
 - C. deskripsi mangpaat
 - D. déskripsi kacindekan

19. Aya dua wanda opini, nyaéta opini analitis jeung opini hortatoris. Opini analitis patali jeung
- A. konsép atawa tiori ngeunaan hiji hal
 - B. tindakan anu perlu dilakukeun
 - C. argumen anu disodorkeun
 - D. pamadegan anu disodorkeun
20. Opini hortatoris patali jeung ...
- A. tindakan anu perlu dilakukeun
 - B. konsep atawa tiori ngeunaan hiji hal
 - C. argumen anu disodorkeun
 - D. pamadegan anu disodorkeun
21. “Jadi Siluman” aya dina novel anu judulna...
- A. “Burak Siluman”
 - B. “Nganti-nganti Dawuh”
 - C. “Payung Butut”
 - D. “Baruang Ka Nu Ngarora”
22. “Ronda Desa” aya dina novel anu judulna...
- A. “Burak Siluman”
 - B. “Nganti-nganti Dawuh”
 - C. “Payung Butut”
 - D. “Baruang Ka Nu Ngarora”
23. “Getih” aya dina novel anu judulna...
- A. “Burak Siluman” anu judulna “Munjung”
 - B. “Nganti-nganti Dawuh”
 - C. “Payung Butut”
 - D. “Baruang Ka Nu Ngarora”

24. “Kapeupeuh Ceuli” aya dina novel anu judulna...
- A. “Burak Siluman” anu judulna “Munjung”
 - B. “Nganti-nganti Dawuh”
 - C. “Payung Butut”
 - D. “Baruang Ka Nu Ngarora”
25. Novel anu dikarang ku Karna Yudibrata judulna...
- A. “Nganti-nganti Dawuh”
 - B. “Payung Butut”
 - C. “Burak Siluman”
 - D. “Baruang Ka Nu Ngarora”
26. Novel anu judulna “Agan Permas” dikarang ku...
- A. D.K Ardiwinata
 - B. Yuhana
 - C. M.A Salmun
 - D. Edi D Iskandar
27. Taun 2000-an aya novel anu judulna “Galuring Kuring” dikarang ku...
- A. Usep Romli
 - B. Ki Umbara
 - C. Tatang Sumarsono
 - D. Abdullah Mustafa
28. “Baruang Ka Nu Ngarora” novél mimiti dina sastra Sunda dikarang ku DK Ardiwinata, terbit taun...
- A. 1912
 - B. 1913
 - C. 1914
 - D. 1915

29. Runtuyan carita anu nuduhkeun sabab akibat tur raket patalina, dina novél disebut unsur...
- A. tema
 - B. tokoh
 - C. latar
 - D. Alur
30. Salah sahiji prosa fiksi anu panjang tur kompléks ngeunaan runtuyan carita jeung mangrupa hasil imajinasi nu ngarang, disebut...
- A. cerpén
 - B. sajak
 - C. kakawihan
 - D. novel



PANUTUP

Modul Diklat guru Pembelajar basa Sunda kelompok Kompetensi I ieu mangrupa modul anu kacida perlu dicangkem ku guru-guru basa Sunda, utamina nyangkem materi-materi kompetensi pedagogik diantarana tiori jeung larapna pamarekan komunikatif , pamarekan saintifik jeung modél pangajaran kiwari anu dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda. Modul ieu ogé dieuyeuban ku materi tina kompetensi profesional anu kacida pentingna pikeun guru-guru basa Sunda di lapangan.

Leuwih écésna Modul *Diklat Guru Pembelajaran Basa Sunda Kelompok Kompetensi I* ngawengku 10 materi poko, nu ngawengku: (1) Program Rémédial dina Pangajaran Basa Sunda, (2) Program *Pengayaan* dina Basa Sunda, (3) Mangpaat *Penilaian Berbasis Kelas*, (4) Téks Narasi, (5) Téks Déskripsi, (6) Téks Éksposisi, (7) Téks Arguméntasi, (8) Struktur jeung Kaédah Téks Laporan Hasil Observasi, (9) Struktur jeung Kaédah Téks Opini, (10) Novel dina Sastra Sunda,

Sanggeus réngsé maca jeung nalungtik ieu modul dipiharep Sadérék baris neruskeun maca jeung nalungtik modul basa Sunda Kelompok Kompetensi I anu mangrupa terusan tina ieu modul. Mugia Sadérék sadayana tetep sumanget dina ngajar basa Sunda.



DAFTAR PUSTAKA

- Brown, H. Douglas, (2008). *Prinsip Pembelajaran dan Pengajaran Bahasa* (Edisi Kelima). Jakarta: Kedutaan Besar Amerika Serikat.
- Diréktorat Pembinaan SMA. 2010. "Petunjuk Téknis Pembelajaran Tuntas, Rémedial, dan Pengayaan di SMA". Jakarta: Kemdikbud.
- Finoza, Lamuddin. 2009. *Komposisi Bahasa Indonesia Untuk Mahasiswa NonJurusan Bahasa*. Jakarta: Diksi Insan Mulia.
- Gazali, Spk. (Pantarjamah). 2009. *Metode Analisis Teks dan Wacana: Stefan Titscher, Michael Mayer, Ruth Wodak, Eva Vetter*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Gie, The Liang. 2002. *Cara Belajar Efisien I*. Yogyakarta: PUBIBHadi, Ahmad. 20j04. *Panggalar Sastra*. Tangerang: Pamulang.
- Gunawan. 2009. Pengertian Paragraf dan Paragraf Argumentasi. <http://kafeilmu.co.cc/tema/contoh-paragraf-argumentasi>. Diaksés 12 Séptémber 2015.
- Hendriastuti. 2010. *Penilaian Hasil kerja Siswa*. Jakarta: Pusat Penilaian Pendidikan Balitbang Kemdiknas.
- Keraf, Gorys. 2007. *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Kemdikbud. 2008. *Panduan Pembelajaran Tuntas, Rémedial, dan Pengayaan*. Jakarta: .Diréktorat Pembinaan SMA.
- Kemdikbud. 2014 (edisi revisi). *Bahasa Indonesia Ekspresi Diri dan Akademis Kelas X*. Jakarta: Pusurbuk Balitbang.
- Kemdikbud. 2015. *Panduan Penilaian untuk Sekolah Dasar (SD)*. Jakarta: Direktorat Pembinaan Sekolah Dasar Direktorat Jenderal Pendidikan Dasar dan Menengah.
- Setiadi, Hari. 2010. *Penilaian Kinerja*. Jakarta: Pusat Penilaian Pendidikan Balitbang Kemdiknas.

Wijaya, Cece. 2010. *Pendidikan Rémedial*. Bandung: Remaja Rosda Karya.

Zakaria, T. Ramli. 2010. *Penilaian Sikap*. Jakarta: Pusat Penilaian Pendidikan
Balitbang Kemdiknas.

<https://masithahmahsa.wordpress.com/2014/03/08/penilaian-berbasis-kelas/>.

I

GLOSARIUM

Adaptif : Pangajaran rémédiál sawadina kudu bisa méré kasempetan ka siswa pikeun diajar luyu jeung kamampuh, kasempetan, jeung gaya diajar séwang-séwangan.

Pangajaran tuntas (*mastery learning*): pola pangajaran anu ngagunakeun prinsip katuntasan sacara individual.

Program rémédiál: mantuan ka siswa anu ngarandapan bangbaluh diajar atawa *kelambatan* belajar.

Interaktif: Pangajaran rémédiál kudu mampuh ngahudang motivasi guru pikeun aktif intéráktif jeung ngamonitor/niténan kamajuan diajar siswa.

Agén Perubahan: Salaku agén perubahan, guru kudu wani ngébréhkeun pamadegan, sikep, jeung aspirasina dina ngarobah kurikulum, diluyukeun jeung pangabutuh lapangan.

Pengayaan: bisa dihartikeun mangrupa pangalaman atawa kagiatan siswa anu nyumponan prasarat minimal anu geus ditangtukeun ku kurikulum.

